Iryo tegeko rigizwe n'ingingo 203 zigabuwe mu bitabu bibiri :

Ica mbere cerekeye ivyaha n'ingene bihanwa muri rusangi. Ica kabiri kidondagura ivyaha n'ingene kimwe kimwe gihanwa.

Hariho n'izindi ngingo mpanavyaha ziri mu yandi mategeko zunganira iri tegeko, zimwe zimwe muri izo zikaba zashinzwe mu ntango y'iki kinjana.

2) Integuro y'iki gitabu gishasha c'amategeko mpanavyaha yakozwe n'umurwi w'abahinga washinzwe n'Umushikirananyi w'Ubutungane, ukaba ugizwe n'aba bakurikira :

Umukuru w'uwo murwi : Adriano NYANKIYE, Umucamanza muri Sentare Ntahinyuzwa

Umwanditsi w'icegeranyo c'ivyavuzwe : Odasi BITABUZI, Umuyobozi ajejwe ivyerekeye amategeko, amabwirizwa n'imanza za Leta.

Abandi bagize uwo murwi :

- Aloyizi NDENZAKO, Umucamanza muri Sentare Ntahinyuzwa .
- Mariko BIRIHANYUMA,

Umushikirizamanza Mukuru akukira Sentare Ntahinyuzwa.

- Soteri BARAHIRAJE, Umukuru wa Sentare Nkuru isubiramwo y'i Gitega.
- Atanazi NIKOYAGIZE, Umushikirizamanza Mukuru akukira Sentare Nkuru isubiramwo y'i Gitega.
- Stefano BITOMAGIRA, Umushikirizamanza wa Repubulika mu ntara ya Bujumbura.

Uwo murwi w'abahinga wari wakoze integuro ya mbere y'ayo mategeko, hanyuma inonosorwa n'umurwi w'abandi bahinga benshi barongowe n'Umushikirananyi w'Ubutungane, urimwo kandi n'abacamanza n'abashikirizamanza bakuru bakuru benshi.

Ni uwo murwi wabashikirije integuro ntabanduka.

3) Ico gitabu, cisunze imigambi ya Repubulika ya kabiri, yishinze mu gushinga amategeko n'amabwirizwa, kirahindura ayo mategeko mpanavyaha yose kuva ku muzi

wayo hihwejwe ingene intwaro, imibano n'ubutunzi vy'Uburundi vyagiye biratera imbere muri iyi myaka iheze.

Kukaba nkako, igitabu c'amategeko mpanavyaha gitegerezwa guserura ingene igihugu kimeze n'ibiraje ishingira abanyagihugu mu vyerekeye kubakingira ivyo vyose bibatera umudugararo, canke bihungabanya igihugu, vyaba ibiri mu gihugu nyene canke ibivuye hanze. Nico gituma amategeko mpanavyaha twarazwe n'abanyamahanga bahora batwara Uburundi imbere y'uko bwikukira yari akwiye gusubirwamwo kubera imvo nyinshi :

- kubera ko muri rusangi, ivyaha biguma vyongerekana uko bukeye uko bwije kandi biteguranwa ubuhinga bw'inshi, bene kubikora bagasigara bimonogoje, amategeko mpanavyaha ategerezwa kubamwo ingingo nshasha zikwiranye n'ivyo vyaha zibihana ku buryo bukwiye kandi zikabituza :

- ivyaha bimwe bimwe ni co gituma bikorwa kenshi kandi bigirira nabi cane abanyagihugu gusumba ibindi (kwica abantu n'ukubakwa amatungo yabo) vyasubiwe birasigurwa ido n'ido uko bimeze, birongerwako ibindi kandi birategekanirizwa ibihano bihambaye ;

Uturorero : ubusuma bwo mu nzu, bwo mu mirima, bw'inka, ukwibisha ikirwanisho, gukoresha imodokari mu kwiba, ukugira uturwi tw'inkozi z'ikibi, ukwica incuti ishika....) ;

- ibibi bitegerezwa guhanwa vyerekeye ububisha bushasha, bikaba ari inkurikizi mbi zitarindwa zituruka kw'ihindagurika ry'imico y'igihugu vyaradondowe, bishirwa no mu gitabu c'amategeko mpanavyaha (uturorero : ukurya abantu canke kubajajagura hishimikijwe idini, ivyaha bikorwa n'abakiri bato, ivyaha biteye kubiri n'imico myiza y'igihugu...)

- igitabu gishasha c'amategeko mpanavyaha kirangwa kandi n'ingingo nshasha kandi zihambaye zerekeye ubutunzi bw'igihugu, zisunga imigambi n'ibiraje ishingira intwaro ya Repubulika ya kabiri mu vy'ubutunzi ;

- umurwi w'ivyaha bihambaye bimwe bimwe bihungabanya umutekano biturutse inyuma y'igihugu kandi vyerekeye ibihugu vyose vy'Afrika nk'icaha c'ubucangero, navyo nyene vyarategekekanijwe muri icyo gitabu c'amategeko mpanavyaha ;

- ivyari bibuze mu kudondora no gushira mu mirwi ivyaha (ivyaha bihambaye, ivyaha bisanzwe, ivyaha bitobito) n'ibibi bihanwa vyaranonosowe ;

- vyaraboneka kandi ko hakenewe kwongerwamwo ingingo ngenderwako zituma amategeko mpanavyaha yumvikana neza gusumba uko vyahora.

4) Imvo ya kabiri nayo nyene ihambaye yatumye igitabu c'amategeko mpanavyaha gisubirwamwo ni ukugira ngo hatorokanywe ingingo mpanavyaha ziri hirya no hino kandi zitandukanye zashinzwe imbere n'inyuma y'ukwikukira kw'Uburundi, kugira ngo zirorane n'igitabu c'amategeko mpanavyaha, kuva ubu ari kimwe cumvikana kandi cikwiye.

5) Ico kumenya rero ni uko iki gitabu c'amategeko atari itororokanirizo gusa ry'ingingo zishinga ingero y'ibihano vyo gupfungwa n'amahadabu bihanishwa inkozi z'ibibi zibangamiye igihugu. Ubwo buryo bwo guhana ivyaha buroroshwa n'izindi ngingo zijanye n'ivy'intwano canke imibano zigatuma inkozi z'ibibi zikosorwa zitarinze gupfungwa kugiyemwo (akarorero : ingingo zerekeye abama bisubiriza mu vyaha, abiyerereza, abashera, ingingo zetegeka ko inkozi y'ikibi iguma mukibanza kimwe, ingingo zerekeye ibindi vyaha biryoza imico myiza y'igihugu).

Kuvyerekeye ingingo nshasha, iki gitabu c'amategeko carabuye amategeko mpanavyaha ya none y'ibindi bihugu vy'Afrika, vy'i Bulaya n'ivyo muri Amerika y'epfo ivugwamwo indimi zikomoka ku kilatini. Ukugwanya ivyaha ni ikintu citwararitswe cane mu bihugu vyose vy'Afrika.

6) Igitabu gishasha c'amategeko mpanavyaha kigizwe n'ingingo 444 zigabuwe mu bitabu bibiri : igitabu ca mbere kirimwo amategeko rusangi yerekeye ivyaha n'ibihano vyavyolgitabu ca kabiri ari co kinini cerekana icaha kimwe kimwe n'ibihano bitegekanijwe.

Turabe rero ingingo nkuru nkuru zirimwo zikwiye kwihwezwa kubera ko zihambaye canke ari nshasha.

7) Igitabu ca mbere kigizwe n'ibigabane bitatu : ikigabane ca mbere kirimwo ingingo nkuru nkuru, ikigabane ca kabiri kirimwo ivyerekeye ibihano muri rusangi, ikigabane ca gatatu kivuga ivyerekeye ingene urubanza rw'icaha ruzimangana.

8) Ingingo ya mbere idondora icaha ico arico mu kwerekana ko ari ico umuntu akora kibujijwe n'amategeko canke ico adakoze kandi yategerezwa kugikora.

Ingingo ya kabiri yimura ijamba ku rindi ibiri mu ngingo ya mbere yo mu gitabu c'amategeko mpanavyaha yahahora ariko hakongerwako uburyo bwo gukurikiza amabwirizwa yorohereza abantu bagirizwa ivyaha vyinshi batarahanwa. Ingingo ya gatatu isubiramwo mu buryo bunonosoye ibiri mu ngingo ya kabiri yo mu gitabu c'amategeko mpanavyaha yahahora, igatomora ko abaserukira ibihugu vyabo canke amashirahamwe mpuzamakungu mu Burundi badafatwa n'amategeko mpanavyaha.

9) Muri iki gitabu, hari hakenewe kandi gushira ivyaha mu mirwi itatu nk'uko bimeze mu mategeko y'ibindi bihugu vyinshi.

Akamaro k'ugutandukanya ivyaha mu mirwi kaboneka cane cane mu gihe umuntu agerageje gukora icaha nk'ico yari amaze guhanirwa : uwugerageje gukora icaha gito ntahanwa kiretse iyo uko gushaka kugikora kwonyene kuri mu bigize icaha (ingingo ya 10).

Ingingo ya gatandatu n'iya ndwi zigize igice ca kabiri ni zo zerekana iyo mirwi y'ivyaha.

10) Ingingo y'umunani gushika ku ya cumi na rimwe zigize igice ca gatatu zerekeye kugerageza gukora icaha. Ingingo y'umunani ntaco yahinduye mu ngingo ya kane y'igitabu c'amategeko mpanavyaha yahahora. Ingingo y'icenda gushika ku ya cumi

na rimwe ni nshasha : ziremeza neza ko uwugerageje gukora icaha gikomeye canke gisanzwe agateshwa ahanwa kandi ko uwugerageje gukora icaha gito agateshwa we atagihanigwa. Ingingo ya cumi na rimwe ivuga ko uwugerageje gukora icaha kitari bushoboke ahanishwa icakabiri c'igihano gitegekanirijwe ico caha kidashobotse gukorwa.

11) Ingingo ya 12 gushika ku ngingo ya 19 zitegekanya ivyerekeye ukwagira icaha, ibintu bituma icaha kitagira umuntu naho yoba yakoze ibisanzwe bibujijwe n'amategeko hamwe n'imbabazi zituma uwakoze icaha adahanwa canke agacirwa inkoni ngufi, izo ngingo ni nshasha. Zerekana ingingo ngenderwako z'amategeko avyerekeye. Ibisazi canke izindi ndwara zo mu mutwe, gukandamizwa canke guturubikwa, ubwana, bituma umuntu atagira icaha iyo bimeze uko mu gihe icaha gikorwa. Ariko ubwana ntibubuza ko indishi y'ivyonyonywe kubera icaha itangwa. Kuva ku myaka cumi n'itatu gushika ku myaka cumi n'umunani y'amavuka, umwana arahanyirwa icaha yakoze ariko araronka ingabanyakibi.

Ingingo ya 17 itanga urutonde rw'ibituma ikintu kigaragara ko giciye kubiri n'amategeko mpanavyaha kitaba icaha : ibitegetswe n'amabwirizwa canke ibitegetswe n'umukuru abifitiye ububasha, iyo umuntu akoze ibibujijwe n'amategeko mpanavyaha ata kundi yari kubikika, navyo bikaba igihe yari ageramiwe n'inabi kandi ishobora kumuhitana, iyo umuntu akoze ibibujijwe n'amategeko kugira ngo yivune umuntu canke ikintu kiriko kiramugirira nabi, ivyo vyose bituma icaha kititwa ko cakozwe. Ariko uwivuna ategerezwa kutarenza urugero rw'inabi yagomba gukorerwa.

Ingingo ya 18 ivuga ko amategeko ashobora gutegekanya imbabazi zigirigwa uwagiriye icaha. Izo mbabazi zituma uwakoze icaha adahanwa iyo zizimanganya ibihano canke zigatuma acirwa inkoni ngufi iyo ari ingabanyakibi. Ivyo ari vyo vyose, izo mbabazi ntizizimanganya icaha (ingingo ya 19).

12) Ingingo ya 20 gushika ku ya 22 zerekeye ingabanyakibi. Ariko ntizidondagurwa, umucamanza ni we abona ko zikwiye. Ingingo yemeza ingabanyakibi itegerezwa ariko kuzerekana, ikazidondagura, kandi ikazitangira ibituma (ingingo ya 21).

13) Ingingo ya 23 gushika ku ngingo ya 26 zerekeye ukudahaha nako kukaba mu vy'ukuri ari inyongerezakibi kugira bifatwe uko, hategerezwa kuba haciye ikiringo c'imyaka itanu kuva hashinzwe igihano ntabanduka aho uwahanywe asubiriye gukora ikindi caha.

14) Ingingo ya 27 gushika ku ya 84 zerekeye ibihano ; hakaba hari bikuru bikuru, hakaba kandi hari n'imperekeza zavyo. Ibihano bikuru bikuru ni ibi : igihano co gupfa kikaba ari co kaminuza, igihano c'umunyoro n'ico ihadabu. Ingingo ya 5 yo mu gitabu c'amategeko mpanavyaha cahahora iratanga urutonde rw'ibihano (7) ariko ntibitandukanye. Ingingo ya 6 y'amategeko yahahora ikaba yerekeye igihano co gupfa ntitomora vyinshi. Ingingo ya 28 gushika ku ya 30 z'iri tegeko bwirizwa ziratomora uburyo bw'ugukurikiza igihano c'ugupfa. Umugore akuriwe ntashobora kwicwa atamaze kwibaruka (ingingo ya 30).

Ingingo ya 31 gushika ku ya 34 zerekeye igihano co gupfungwa, kikaba gishobora kuba ico gupfungwa ubuzima bwose canke gupfungwa igihe kinaka. Iyo ari ugupfungwa igihe kinaka, ico gihe ntikirenga imyaka mirongo ibiri kandi ntigishobora kuja muni

y'umunyororo w'umusi umwe..Izo ngingo zigaruka ahanini ku bitegekanijwe n'ingingo ya 7 gushika ku ya 9 z'itegeko ryahahora.

Igihano c'ihadabu gitegekanijwe n'ingingo ya 35 gushika ku ya 38. Ingingo ya 35 irasigura ico gihano. Ingingo zahahora ntizahinduwe. Ingingo ya 39 gushika ku ya 61 zitegekanya ibihano vy'imperekeza, navyo ni ibi :

Ukunyagwa ibintu vyakoreshejwe mu gukora icaha canke vyamuka ku caha , kubuzwa kuba ahantu no gutegekwa kuba mu bibanza bigenywe, gucungirwa mu minwe y'ubutegets, kwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu, kugarira aho uwagiriye icaha arangurira umwuga wiwe, gutangaza mu binyamakuru ibihano vyahawe inkozi z'ikibi.

Ingingo ya 40 irerekana ibintu bishobora kunyagwa. Ukunyagwa urukombamazi nk'uko bigirwa mu mategeko y'ibindi bihugu kurabujijwe n'ingingo ya 41.

Ukubuzwa kuba ahantu n'ugutegekwa kuba mu kibanza bigenywe mu ngingo ya 42 n'ya 43, bigasigurwa mu ngingo ya 44 gushika ku ya 47.

Ingingo zerekeye igihano co gushirwa mu minwe y'ubutegets ntizahindutse cane (ingingo ya 48 gushika ku ya 55).

Igihano co kwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu categekanijwe mu ntumbero yo guhasha abantu bimonogoza mu gukora ivyaha biteye kubiri n'ineza y'igihugu.

Ico gihano gituma uwahanywe yamburwa amateka amwe amwe ariko atari yose, nk'uko biri mu ngingo ya 56. Ico gihano gishobora kugabanywa canke kigahanagurwa hakurikijwe uburyo bwategekanijwe mu gusubiza agateka.

Ukugarira aho uwahanywe arangurira umurimo wiwe naco nyene ni igihano gishasha. Gushika ubu, ico gihano cahora gifatwa n'abajejwe intworo. Ico gihano kizofatirwa abakoze ivyaha mu vyerekeye ubudandaji, imyuga n'amahinguriro.

Ugutangaza ibihano vyaciwe na sentare mu binyamakuru naco nyene ni igihano gishasha.Ico gihano gitangwa igihe hakozwe ivyaha amategeko yerekana kandi ivyo bigatangazwa mu kinyamakuru canke mu binyamakuru urubanza rwagenye.

15) Ingingo ya 62 gushika ku ya 66 zerekeye urunani rw'ivyaha : ingingo ya 62 ni nshasha. Ingingo ya 63 n'ya 64 zisigura ivyerekeye uwukoze ikibi kirimwo ivyaha vyinshi canke agakora ivyaha bitandukanye ariko bigahurira ku co nyene kubikora yashaka gushikako canke ivyaha bimwe muri ivyo bikaba inyongerezakibi y'ibindi. Izo ngingo zirasigura kandi ivyerekeye ibibi bitandukanye bikozwe mu myanya itandukanye bikaba ari ivyaha bitandukanye kandi bitarahanwa. Izo ngingo zerekana ingene igihano kimira ibindi.

16) Ingingo ya 67 gushika ku ya 73 zerekeye ugufadikanya mu bubisha. Ingingo ya 67 n'ya 68 ziratandukanya abakoze icaha n'abafashije. Abakoze icaha bwite ni abo bagikoze bo nyene ubwabo, abandi nabo bitwa ko ari abafasha mu buryo butegekanijwe mu ngingo ya 68 gushika ku ya 73 zerekana ingene abakoze icaha bwite n'ababafashije bahanwa.

Iciumviro nshimikiro (7&2°) ni uko uwafashije gukora icaha ahanishwa ica kabiri c'igihano gihabwa uwagikoze bwite. Ivyo bikaba bihushanye n'ibitegekanijwe mu mategeko mpanavyaha amwe amwe y'ibindi bihugu ahana co kimwe abakoze icaha n'ababafashije kugikora.

Biraboneka kandi ko ingingo ya 70 ihimiriza abantu kwigenza runtu.

17) Igihano c'umunyororo w'agateganyo, ugusubiza ivy'abandi n'indishi biri mu bice bibiri vyanyuma vy'ikigabane ca kabiri cerekeye ibihano muri rusangi. Ibituma hacibwa igihano c'agateganyo bidondaguwe mu ngingo ya 74 gushika ku ngingo ya 77. Iyo ngingo ya nyuma ni nshasha, itomora ko ku vyerekeye ivyaha vyo kunyuruzwa itunga ya Leta no kurya ibiturire, umunyororo w'agateganyo udashobora gushingwa amafaranga yaronswe biciye muri ivyo vyaha adasubijwe yose .

Ingingo ya 78 n'iya 79 zishinga ko igihano gitanzwe kitabuza sentare gushinga indishi, no gusubiza ibintu ba nyenevyo, hakurikijwe amategeko canke imigenzo y'aho hantu.

Iyo uwahanywe adasubije canke ngo arihe indishi arashobora guhanishwa umunyororo w'agatsindikiro ukaba ukwirikizwa mu bisanzwe nk'umunyororo w'impaga, uwo munyororo ni uwo kumukandamiza kugira ngo asokorore amatungo yiwe yoba yaranyegeje, ikiringo cawo ntikirenza umwaka umwe, kandi ntikibuza kuriha (ingingo ya 80-81).

Ariko, kuvyerekeye inyuruzwa ry'itunga rya Leta canke igiturire, ikiringo c'umwaka kirashobora kurenga : umunyororo uzohura n'amezi atandatu ku mafaranga ibihumbi ijana canke ayari munsu yayo, umuntu apfunzwe n'ivyo vyaha ntashobora gufatwa nk'uwutaco atunze ngo ashobore gupfungurwa (haheze ukwezi) nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 81 akarongo ka 2. Amategeko azokwigera ahana bikwiye abanyuruzwa itunga rya leta ?

18) Ingingo ya 82 ni nshasha : umunyororo w'agatsindikiro ntushobora gushingwa canke ngo ubandanye ku wahanywe amaze gushikana imyaka mirongo indwi. Uwutarishe ntaba akibishoboye. Ikindi naco ni abantu baba bashaje cane, basanzwe ari umuzigo kuri Leta, muvyerekeye kubatunga no kubabungabunga.

Mu bindi bihugu, aho gushinga umwaka ntarengwako, bashinga ikiringo ntarengwako c'umunyororo w'agatsindikiro. Imyaka 70 y'amavuka itegekanijwe n'iyi nteguro irumvikana na burya imyaka yo gukukuruka ari 65.

19) Ikigabane ca III c'igitabu ca mbere cerekeye ukugene urubanza rw'ivyaha ruzimangana, kirimwo ingingo ziva ku ya 85 gushika ku ya 140. Nyinshi muri zo ni nshasha kandi zishinga ingingo ngenderwako zivyerekeye.

20) Urupfu rw'uwukurikiranwa ku caha, ihanagurwa ry'itegeko mpanavyaha, urubanza ntabanduka, ikigongwe gitanzwe n'ibwirizwa n'iyi gushinga urubanza kwataye igihe, kimwe kimwe muri ivyo gituma urubanza ruzimangana. Urubanza rurashobora kandi kuzimangana iyo uwagirizwa icaha yemeye gutanga ihadabu yaciriwe

n'umushikirizamanza kugira urubanza ntirubandanye gukurikaranwa canke iyo bisabwe n'uwakorewe icaha (ingingo ya 85 n'ya 86).

21) Igihano naco kizimangana iyo uwagiciriwe agihejeje, iyo uwahanywe apfuye, iyo hashinzwe ibwirizwa ritanga ikigongwe canke iyo ugukurikiza ico gihano vyataye igihe. Kirashobora kugabanywa canke kigahanagurwa n'ikigongwe c'Umukuru w'igihugu, kurekurwa k'uwahanywe igihano kitararangira canke gusubizwa amateka yari yaratswe kubera igihano.

Ariko urupfu rw'uwakoze icaha n'ikigongwe gitanzwe n'ibwirizwa ntibibuza ko urubanza rw'indishi rushingwa, ivyo abandi bantu bari bamaze kuronka canke ivyo bafitiye uburenganzira biciye mu mategeko, barabigumana.

22) Ingingo ya 89 yerekana igihe gitegetswe co gukurikirana urubanza rw'icaha. Ico gihe kiba gito canke kinini hihweje ingene igihano categekanijwe n'amategeko kingana, ikiringo co gushinga urubanza rw'indishi rwamuka ku caha kirangira hakwirikijwe amategeko yerekeye imanza z'amatati (ingingo ya 92).

23) Ivyerekeye kudakwirikiza ibihano kuko vyataye igihe bitegekanijwe mu ngingo ya 93 gushika ku ya 100. Ingingo zahahora zijanye n'ivyo zagumyeho nka zose.

24) Ingingo ya 101 gushika ku ya 105 zerekeye ingene uwitwaye afutisha urubanza, bikaba ari ubundi buryo bw'ingene urubanza rw'ivyaha ruzimangana ; ariko bikaba vyemewe gusa ku vyerekeye ivyaha bikwirikiranwa bisabwe n'uwakorewe icaha .

25) Ingingo zerekeye ikigongwe c'Umukuru w'igihugu (ingingo ya 106 gushika ku ya 114) ni nshasha. Ico kigongwe ni ingingo ifatwa n'Umukuru w'igihugu yo kurekurira uwahanywe ibihano vyose yaciriwe, canke igice cavyo, canke kubihindura mu bihano bito nk'uko bigenywe n'amategeko (ingingo ya 106). Ariko ico kigongwe ntigihanagura ibihano vy'imperekeza, bitanzwe n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu, ntigihanagura kandi inkwirikizi z'ico gihano ku vyerekeye indishi (ingingo ya 111).

26) Uwaciriwe umunyororo arashobora kurekurwa ivyagateganyo atararangiza ico gihano nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 115 gushika ku ya 122 y'iki gitabu. Ariko, abagirizwa ivyaha vyo kunyuruza itunga rya Leta canke ibiturire ntibashobora kurekurwa badasubije amafaranga baronse kubera ivyo vyaha (ingingo ya 116).

Iyo ngingo ni nshasha, ifise intumbero yo kubahiriza amatungo y'igihugu no guhindura ivyiyumviro n'ingendo y'abakozi ba Leta, aha niho hashobora kuba intango y'iterambere.

27) Ingingo ya 123 gushika ku ya 128 zerekeye ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa nazo nyene ni nshasha. Ico kigongwe ni ingingo ifatwa n'urwego nshingamateka ibuza gukurikirana canke kubandanya gukurikirana ivyaha ikongera igahanagura ibihano vyaciwe (ingingo ya 123).Iyo ngingo ni ntarengwa, abo yerekeye batabizi, bayishaka canke batayishaka irabaraba kuko iba ifashwe ku neza y'igihugu.

Ikigongwe gitanzwe n'itegeko gituma urubanza rw'ivyaha rudakurikiranwa, gihanagura igihano cose cerekeye ivyaha iyo cerekeye igihano c'umunyoro cose, ariko ingingo ziterekeye ibihano zirahaguma, ntigishobora kwankiriza ivya Leta canke abandi bantu mu vyo batifiye uburenganzira.

28) Ingingo ya 129 gushika ku ya 131 ni ikigongwe c'Umukuru w'igihugu kirimwo n'ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa kugira ngo ntihagire uwurenganywa mu vyerekeye ishira mu ngiro ry'ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa. Kirahanagura canke kikagabanya ibihano, abakironse baca basubizwa amateka yabo yose ariko ntikibuza ko imanza z'amatazi zamuka kuri ico caha zibandanya.

29) Ingingo zerekeye gusubizwa amateka ni nshasha (ingingo ya 132 gushika ku ya 140) kikaba ari co gice gisozera igitabu ca mbere. Ugusubizwa amateka n'ingingo ifatwa n'urwego rw'amasentare isubiza uwaciriwe igihano amateka yatakaje kandi igahagarika muri kazozo inkwirikizi z'igihano, ataco vyononeye abandi bantu mu vyo bafitiye uburenganzira (ingingo ya 132).

Ibisabwa kugira uwahanywe asubizwe amateka bidondaguwe mu ngingo ya 134.

30) Igitabu ca kabiri kikaba gisumba kure n'iyi ica mbere, cerekeye ivyaha n'uburyo bihanwa. Uburyo ico gitabu kigabuwe ahanini ntibwahindutse (ikigabane ca I gushika ku ca IX), ariko urutonde rusanzwe rukurikizwa n'ayandi mategeko ya none yo mu bindi bihugu ntirwakurikijwe, nko mu vyerekeye gushira ivyaha mu mirwi itatu navyo bikaba atakamaro kaboneka bifise mw'iringanizwa ry'ubutungane ry'ubu. Ni naco gituma iryo tandukanywa ritarandiriweko.

Ibitabu vy'amategeko amwe amwe y'ibihugu bishingiye ku ntwaro ya bose bitangurira ku vyaha bihangabanya umutekano w'igihugu : ni nk'igihugu ca Algeriya. Iki gitabu gitangura kwihweza ivyaha bikorerwa abantu kigahereza ku vyaha bihangabanya umutekano w'igihugu. Naho igaburwa ry'ibigabane ritahindutse cane, harimwo ubudasa bwinshi bwongewe mwo.

31) Ku vyerekeye icaha co kwica (ingingo ya 141 gushika ku ya 145) harimwo ingingo zibiri nshasha : iyerekeye icaha co kwica se, nyina canke abandi uwakoze icaha akomokako bemewe n'amategeko, n'icaha co kwica se canke nyina b'amaraso vyose ni ivyaha vyo kwica umuvyeyi, iyindi nayo yerekeye icaha co kwica uruyoya rukivuka gikozwe na se canke nyina yemewe n'amategeko canke w'amaraso, citwa kwikora mu nda.

Ubwo bubisha amategeko yabugize ivyaha vyisangije ubwoko (ingingo ya 143). Mu gihugu cacu, kwica incuti ishika canke uruyoya rukivuka nibwo bubisha ntangere.

32) Akarongo ka kabiri k'ingingo ya 144 kadondora ivyerekeye ukwitegurira kwica, kubaho iyo nyene gukora ico caha yavyitegurije imbere yo kugikora.

33) Ingingo ya 145 itegekanya igihano kaminuza kuri abo bose bica umuntu babanje kumukorera amabi yose ashoboka canke bakamwica bunyamaswa.

34) Ku vyerekeye ugukubita n'ugukomeretsa umuntu n'impaka (ingingo ya 146 gushika ku ya 150) ibihano bigenda birarutana hakurikijwe ububabare vyateye.

Ingingo ya 148 ihana bikomeye uwo wese akomeretsa umuvyeyi wiwe canke umwana atarakwiza imyaka cumi n'itatu.

35) Ingingo ya 151 n'ya 152 zerekeye ugutanga ishano.

Mu mategeko menshi ya none ukugerageza gukora ivyaha ariko ugateshwa bifatwa nk'ingabanyakibi. Ariko iwacu, ku caha gikomeye nk'ico gutanga ishano vyari nkenerwa ko ico caha gihanwa naho coba kitari bushoboke.

36) Ingingo ya 153 nayo ihana uwusindiye umuntu mu kumwanduza, nk'ukumusukako canke kumushiburirako ibintu bitamukomeretsa canke bitamubabaza k'umubiri.

37) Ingingo ya 154 n'ya 155 zerekeye ukwica utabigoneye. Nta nakimwe cahinduwe kuri izo ngingo kiretse ko ihadabu ryadugijwe. Ingingo ya 156 gushika ku ya 158 zerekeye gukomeretsa umuntu utabishaka ntizahindutse co kimwe n'izerekeye gukoresha imihamuro ifatiye ku bintazi kandi bizira (ingingo ya 159 gushika ku ya 162). Ariko ingingo ya 163 n'ya 164 zerekeye kujejagura ikiziga ni nshasha.

Izo ngingo zitegekanya ibihano bikomeye bihabwa uwo ariwe wese azoba yajejaguye ikiziga n'ububisha bwinshi canke yasatse umuntu yataye ubwenge canke asanze yapfuye mu ntumbero yo kugira nabi.

Izo ngingo zishimikiye k'ukubahiriza ikiremwa muntu n'aho coba kitagifise ubuzima.

38) Ingingo ya 165 yerekeye icaha co kurya abantu. Ingingo ya 62 y'amategeko yahahora ijanye n'ico caha nyene yari yarahinduwe mu 1975. Ugusubira kwimonogoza kw'ububisha bene ubwo bw'" ABANANGAYIVUZA " vyatumye biba nkenerwa kuduza igihano gihabwa abari mu madini y'ivyaduka afise intumbero yo kurya abantu canke kubarokoramwo igihimba c'umubiri ico arico cose.

Akarwi gashinzwe muri ubwo buryo nako nyene karahanwa bikomeye (ingingo ya 166)

39) Ingingo ya 171 yerekeye ukunyuruza abantu yarongewe mwo bishasha ; itegekanya ukugene ukunyuruzwa kugirwa haba mu gukoresha imyambaro canke ibimenyetso vy'akazi uwukora icaha yiyitirira, izina ritariryo canke ububasha butari bwo canke akoresheje icuma co kwiyounguruza kigendeshwa n'imoteri canke mu kumukangisha kumwica.

40) Ingingo zerekeye kumena urugo rwa murundi, kutubaha amabanga ari mu makete, kumena amabanga y'akazi, gurtyoza n'ugutukana ntizahindutse cane kiretse ko igaburwa ryazo mu mice ryanonosowe (ingingo ya 177 gushika ku ya 183).

41) Ikigabane ca kabiri c'igitabu ca kabiri c'amategeko mpanavyaha cihweza ivyaha vy'ukudasonera amatungo y'abandi.

42) Ubusuma burahanwa bikomeye iyo bukozwe mu buryo bumwe canke bwinshi muri cumi na bumwe butegekanijwe nk'inyongerezakibi mu ngingo ya 186.

Ubwo buryo buba inyongerezakibi kubera igitigiri c'abasuma canke ibintu bakoresheje mu kwiba, abivye abo ari bo canke abo biyitirira, icibwe ico arico canke inkurikizi mbi ubwo busuma butera mu gihugu (ubusuma bw'inka, ubusuma bwo mu mirima).

Mu bihe vya none nk'ubusuma bw'inka ni icaha gifatiye ku migenzo iriho kuva kera bose badahurizako ariko bufise inkurikizi mbi k'uwiwwe kubera akamaro k'inka mu buzima bw'abanyagihugu.

Ubusuma bwo mu murima na bwo nyene si icaha gito, abantu bamwe bamwe b' " inderamaboko " bashaka kurya ivyo batabiriye akuya. Badashaka guteza imbere igihugu n'imiburiburi bokwironderera ibibatunga. Uguhana ivyaha bene ivyo ntikwofatwa rero nk'ugushaka guhana gusa, ahubwo gutegerezwa gufatwa cane cane nk'uburyo bwo gukebura izo nderamaboko.

43) Birakenewe kumenya ko igishasha ino iwacu ariko cari kihananzwe mu bindi bihugu ari uko igihano congerejwe iyo ubusuma bukozwe harimwo inyongerezakibi zitanu zibiri muri zo zikaba zifatwa nk'izikomeye cane (ingingo ya 186 : ubusuma bukozwe n'umurwi w'abakoresheje icuma kibunguruza kigendeshwa n'imoteri canke bitwaje ibigwanisho).

44) Ingingo ya 191 gushika ku ya 201 zikaba ari nshasha zidondagura amajambo akoreshwa mu kwerekana inyongerezakibi zishirwa ku caha c'ubusuma. Kubera ko ijamba ryose ryakoreshejwe mu gusigura inyongerezakibi rirafise akamaro ku vyerekeye igihano gihabwa uwakoze icaha, izo ngingo zizomurikira umucamanza mu guca imanza bene izo.

45) Ingingo zerekeye ivyaha bikorwa hakoreshejwe amagendu (ingingo ya 202 gushika ku ya 206) ahanini ntizahindutse. Ku vyaha bisa n'ico guhomba biturutse ku makosa y'umudandaza, biraboneka ko ingingo ya 205 gushika ku ya 208 zihana gusa abagize urwego nshingwantwaro, abayobozi canke abajwe ibigega vy'amashirahamwe y'abantu bashize imitaha hamwe umwe wese akabazwa ivyerekeye iryo shirahamwe ku rugero rw'umutaha wiwe iyo bakoze ivyo vyaha. Ivyo biva ku kuntu ugutwara, ukurongora canke ugutunganya amashirahamwe nk'ayo vyoroza gusumba mu yandi mashirahamwe.

46) Mu ngingo ya 220 yerekeye icaha c'ugusaba ibidandazwa umuntu azi neza ko adashobora kubiriha haravugwamwo kandi ko uwo wese azi neza ko adashobora kuriha ariko akanyweshwa ibitoro canke akaka amavuta y'imoteri nawe nyene ahanwa co kimwe n'uwoyokoresheje icumba mu nzu igenewe kwakira ingenzi canke agakotesha ibindi azi ko adashobora kuriha.

47) Ingingo ya 221 n'ya 222 zitegekanye ivyerekeye imbabazi zemewe n'amategeko iyo ubusuma bwabaye hagati y'abavyeyi n'ababakomokako canke hagati y'abubakanye biciye mu mategeko. Iyo ubwo busuma bwabaye hagati y'abakomokanako, abakomoka kuri umwe canke abahanye abageni gushika kw'ishami rya kane ririmwo, abakoze ico caha ntibakurikiranwa uwibwe atitwaye kandi iyo uwibwe afutishije urubanza, uwakoze ico caha ntasubira gukurikiranwa.

48) Ingingo ya 227 gushika ku ya 232*1 zerekeye ubwicanyi ntizahindutse kiretse mu ngingo zimwe zimwe urugero rw'igihano gitegekanywe rwahindutse.

49) Ikigabane ca III c'igitabu ca kabiri cerekeye ivyaha bibuza abanyagihugu kwizigira ibimenyetso vyashinzwe n'Igihugu kandi vyemewe na bose (ingingo ya 239 gushika ku ya 268).

Muri rusangi ibihano vyaradugijwe cane kuvyaha kanatsinda ukwigana ikintu, ukwigana amafaranga ni ivyaha bihambaye cane kandi vyononera ubutunzi bw'Igihugu (ingingo ya 239 gushika ku ya 244).

50) Ingingo ya 245 gushika ku ya 248 z'iki gitabu zerekeye gucura canke kwigana ibimangu, amatembure, ibimenyetso vy'Igihugu, ibimenyetso vy'ivyahinguwe, kwiha ububasha bujanye n'akazi ka Leta udafise canke kwambara imidari utashikirijwe, ntizahindutse.

51) Ingingo zerekeye gutegura no gukoresha inzandiko ziganywe zaranonosowe gusumba izahahora. Ahanini zabuye izo mu gitabu c'amategeko mpanavyaha c'igihugu ca Algeriya. Ugusumbasumbana kw'ibihano kwararinganijwe. Ukwigana guhanwa kurusha iyo kwabaye mu nzandiko za Leta canke muzemewe n'amategeko, mu nzandiko abantu bitegurira, mu nzandiko z'urudandazwa canke z'amabanki, mu zitangwa n'ubutegetsi be no mu nzandiko zemeza uko ibintu bimeze.

Ntacahindutse kinini cane ku ngingo zerekeye ugusura ivy'ibinyoma n'ukurahira nabi.

52) Ikigabane ca kane c'iki gitabu ca kabiri cerekeye ivyaha bihungabanya umutekano mu gihugu. (ingingo ya 269 gushika kuya 333).

53) Ingingo ya 272 gushika ku ya 275 ni nshasha. Ukugumuka kuri kwinshi : hari ukugarariza ubutegetsi ibitegetswe ntibirangurwe, hari ukugumuka harimwo kurwana bigizwe n'umuntu umwe, n'ukugumuka harimwo kurwana bigizwe n'akarwi canke abantu baremye inteko.

1 Abanditse iki gitabu barihenze, izo ngingo zerekeye uguturira n'aho bavuze ko zerekeye ubwicanyi

54) Ibitutsi no gusindira abategetsi canke abajejwe umutekano bitegekanywa n'ingingo ya 276 gushika ku ya 281.

Hahanwa ibitutsi bigaragarijwe mu ngiro, mu majambo, mu bimenyetso, mw'iterabwoba, mu nzandiko canke mu bicapo biryoza umucamanza, umukozi wa Leta, icariho c'ubutegetsi kibure uwujejwe umutekano mu gihe ariko arangura amabanga yashinzwe.

Igihe atariko arangura ayo mabanga yubahirizwa n'amategeko nk'umuntu wese.

55) Gutuka, gukubita, gukomeretsa no gusinda bigiriwe Umukuru w'igihugu bihanwa gusumba. (ingingo ya 278)

56) Ingingo zerekeye kumena ibimenyetso vyashizwe ku bintu vyafashwe canke kubera intambanyi irangurwa ry'ibikorwa vya Leta ntizasubiwemwo.

57) Ingingo ya 287 gushika ku ya 294 zerekeye ivyaha bibangamira iringanizwa ry'ubutunzi mu gihugu ni nshasha.

Izo ngingo zabuwe mu gitabu c'amategeko mpanavyaha y'igihugu ca Algeriya, intumbero ni ugutuzwa abagomba gutembagaza ubutunzi bw'igihugu mu buryo ubwo aribwo bwose nko mu gukoresha iterabwoba, ukugumuka, uguhendahenda abantu bagatuma imirimo ihagarara canke iguma ihagaze bavyumvikanye bagomba ko imishahara iduzwa canke igabanurwa kugirango amahinguriro canke imirimo ntisubire kurangurwa mu mwidegemvyo.

Ibindi bihanwa ni ukunyegeza ibidandanzwa kugira babuze abadandaza guhiganwa canke kuronka ivyo bacuruza mu mwidegemvyo nk'uko vyahora, kwankiriza canke kubuza umwidegemvyo w'abahiganwa mw'igurishwa ry'icamunara canke umwidegemvyo w'imirwi yashinzwe gutunganya ihiganwa mu masezerano yerekeye ibikorwa Leta irondera ababirangura.

Abaranzi batemewe batuma ibiciro biduga ata mvo, imero y'ibidandanzwa ihinduka canke bakaburabura ibiringo vyo gushikana ibidandanzwa aho vyagenewe nabo nyene barahanwa.

58) Ingingo ya 291 ihana bimwe bishimitse abanyuruza amafaranga ari mu bigega vya Leta n'ayo Leta yategekaniye gukoresha, ay'inze nshingwantwari z'intango, ay'amashirahamwe yashinzwe na Leta, ayo amashirahamwe yegamiye Leta, ayo Leta ifisemwo umutahe, ayo amabanki, ayo amashirahamwe yigenga yo gusumiramwo, yo guhingura ibintu canke yerekeye uburimi canke ayo ishira hamwe iryo ariryo ryose ryigenga rirangura imirimo ifitiye akamaro bese.

59) Ingingo ya 292 irategekanya ikongera igahana ivyaha vyerekeye kuvunja amafaranga.

Izo ngingo zifise intumbero yo kwubahiriza ubutunzi bw'igihugu no gutuzwa abahungabanya inzego ngenderwako z'ubutunzi bw'igihugu kigikeneye cane kwisununura.

60) Harashinzwe ingingo nshasha zerekeye abakozi ba Leta banyuruza itunga ry'igihugu, abakoresha nabi n'impaka ibintu vy'igihugu baronderamwo inyungu, abaka canke abatoza ibidategekaniye n'amategeko, ivyo vyose bakabigira bari mu mabanga canke bishimikije amabanga bashinzwe.

Nta kintu kininiya cahindutse ku ngingo zerekeye abakozi ba Leta barya ibiturire, abahagarikizi canke abahinga sentare yikozeko, uretse kw'ibihano vyadugijwe. (ingingo ya 300 gushika ku ya 303).

61) Gutangaza no gukwiragiza inzandiko atawuziyitirira bihanwa n'ingingo ya 304 n'ya 305. Urwandiko urwo arirwo rwose rugenewe gutangazwa canke gukwiragizwa rutegerezwa kuba ruteyeko igikumu naho ataco rwoba rwokwonona. Ubwo ni uburyo ubutegetsiki bukoresha mu kugenzura ivyandikwa mu gihugu.

62) Ivyaha vyerekeye ugutwara ibintu bicishwa mw'iposita, ivyaha vyerekeye ukubuza ko ibiranga umuntu bimenyekana, ugushikiriza ibinyoma umukuru w'ibiro vy'inze ndangamuntu bitegekanywa n'ingingo ya 306 gushika ku ya 312.

Ku vyaha vyerekeye ukwandika ibiranga abantu ibihano vyaradugijwe. Ukwandika ibiranga abantu vyarashinzwe kandi kubimenyesha vyabaye itegeko kuva mu kwezi kwa Ndamukiza 1980 naho akaba ari co gihe itegeko bwirizwa inomero 1/1 ryo ku wa 15 Nzero 1980 ryerekeye igitabu c'amategeko agenga ingingo n'abantu mu Burundi ryatangura gukurikizwa.

63) Ingingo zerekeye inkino z'akamari, izo kurushanya umugisha n'izo gutomboza zarashizwe muri iki gitabu, mugabo ntacahindutse kuri zo. (ingingo ya 313 gushika ku ya 323).

64) Ingingo ya 323 gushika ku ya 330 zerekeye ibiyayura umutwe.

Kiretse birekuwe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo amagara y'abantu, kurima, kudandaza, gutwara no kunywa ibiyayura umutwe birahanwa.

Izo ngingo zifise intumbero yo gukingira amagara y'abantu cane cane muri iki gihe urudandazwa rw'ibiyayura umutwe rwimonogoje.

65) Ingingo zerekeye ukuborerwa mu bibanza bihurirwamwo n'abantu benshi n'ukubuza itiro abantu mw'ijoro zari ingingo zunganira igitabu c'amategeko mpanavyaha, ubu zarashizwe muri ico gitabu (ingingo ya 331 gushika ku ya 333) mu kigabane cerekeye ivyaha vyo guhungabanya umutekano.

66) Ikigabane ca V c'igitabu ca II cihweza ivyaha bihungabanya umutekano w'abanyagihugu (ingingo ya 334 gushika ku ya 352).

67) Ingingo ya 334 gushika ku ya 338 zitegekanya kandi zigahana uturwi tugizwe n'inkozi z'ikibi zirondera kwica abantu canke kubasahura amatungo.

Abagize utwo turwi bahanwa iyo bigaragara ko bashaka kwica abantu canke kubasahura.

Ariko iyo hari ivyemeza ko hari uturwi tufise iyo ntumbero, abatugize barahanwa n'iyi atakintu kiboneka cerekana ko bari bagerageje gukora icaha.

Abari muri abo babisha ntibahanwa na gato iyo imbere y'uko bagerageza gukora ico caha, n'imbere y'uko batangura gukwirikiranwa, baburiye abategetsu ko utwo turwi turiho, bakamenyesha n'amazina y'abaturongoye. Ugutinya igihano canke ukwigaya kugaragara bituma badahanwa.

68) Ivyaha vy'ukwiyerereza n'ukwigenza nabi zari ingingo zunganira igitabu c'amategeko mpanavyaha, ubu ivyo vyaha bitegekanijwe kandi bihanwa n'ingingo ya 339 gushika ku ya 342.

Abakoze ivyo vyaha bashirwa mu minwe y'ubutegetsu, iyo bagenda barasega bakomeye canke kubera ubunembwe bwabo, akaborerwe, ubuhumbu, bama bariko bariyerereza. Kanatsinda ukurera amaboko bituma igihugu kidatera imbere. Abagiriye ico caha bakoranirizwa mu kibanza cabigenewe, aho bakorera ibikorwa bituma basubira kuronka indero ibatuma bagarura agatima ko gukunda ibikorwa.

69) Abatorokeshya canke aborohereza abanyororo gutoroka bahanwa n'ingingo ya 344 gushika ku ya 346. Ariko ugutoroka umunyororo ntibikiri icaha ku watorotse.

70) Ugutirimuka kw'ibanga ry'ugufashanya n'abandi n'ukudatabara abari mu kaga bitegekanijwe mu ngingo ya 351 n'ya 352. Izo ngingo zitegeka uwo ariwe wese kurega inkosi z'ikibi iyo ata nkwirikizi mbi ziba ku wabareze canke ku bandi. Mbere ni itegeko gufasha umuntu ari mu kaga, mu kumutabara canke mu kumutabariza abandi. Ni itegeko kandi kumenyeshya abajejwe ubutungane y'uko umuntu apfunzwe urubanza rutaracibwa canke ari imbere y'intahe ko icaha yagirizwa atagikoze. Umubano w'abantu usaba ko ababa mu gihugu bese bafatana mu nda.

71) Ivyaha bikorerwa ingo n'imiryango n'ivyaha biteye kubiri n'imigenzo myiza y'igihugu bitegekanijwe mu ngingo ziri mu kigabane ca VI c'igitabu ca II c'amategeko mpanavyaha.

72) Mu vyaha bikorerwa imiryango hazza ubwambere icaha co gukorora inda, naco kikaba ari ikibazo kitabonwa kumwe na bese. Ni ikibazo kijanye n'ukutandukanya ikibi n'iciza, ivyiyumviro vy'abantu, mbere n'ivy'amadini, ata nyishu yemewe na bese biratorerwa.

Hano iwacu mu Burundi canke ahandi, ubuzima bw'umuntu burasonerwa, ntawoshobora kwica umuntu naho yoba ataravuka ntabihanirwe. Ugukorora inda iyo ubuzima bw'umuvyeyi bugeramiwe ni vyo vyonyene birekuwe n'amategeko. Naho nyene vyemerwa n'abaganga babiri, hakurikijwe amategeko agenga umwuga w'abaganga.

Igitabu c'amategeko mpanavyaha ntikirondera kwemeza icaha co gukorora inda nk'uko hari ibitabu vyinshi mpanavyaha vy'ibihugu vyo mu burengeru bw'izuba canke mu buseruko bibitegekanya kugira bitorere inyishu ingorane z'imibano canke izerekeye igwirirana ry'abantu ; kirempera ariko ko mu gukwirikirana n'ugucira urubanza abakoroye inda canke ababibafashijemwo, hokwihwezwa imigenzo y'aho vyabereye : kanatsinda ntawokwirengagiza canke ngo areke gukurikiza ihindagurika ry'imico n'imigenzo y'abantu be n'ukuraba neza ingorane ziri mu gihugu, nk'amakuba ashobora gushikira umugore yibungenze.

73) Umwana ategerezwa gukingirwa aho ari hose, no ku comushikira ico arico cose. Ukudakingira umwana, ukutamwitaho, ukumunyuruza, ukumunyegeza, ukudashikiriza umwana abashinzwe kumurera, kwiyitirira umwana utavyaye, canke ukunyuranya abana no guta umwana ni ivyaha bihanwa n'ingingo ya 358 gushika ku ya 361.

74) Ingingo zerekeye kurenga ibigo n'uguharika zahora zunganira igitabu mpanavyaha co kimwe n'ivyerekeye icaha c'umugabo n'umugore babana bidaciye mu mategeko zikaba zose ari nshasha, ni ingingo zerekeye ivyaha biteye kubiri n'ibanga ry'ukwabirana (ingingo ya 362 gushika ku ya 367).

Iryo banga ritegerezwa kubahirizwa kuko ari ryo shimikiro ry'umuryango, mbere n'igihugu cose. Ukurama kw'ingo gutuma abubatse bese baroranirwa, cane cane abamaze igihe gito babiranye, n'abana bibarutse bagakurana indero nziza.

Ico kumenya ngaha ni uko ingingo zerekeye ugukorora inda, ukurenga ibigo n'uguharika zashinzwe habanje kugirwa itohozwa rikwiye mu gihugu cose.

Kubera ingene ivyo bintu bifatwa mu mibano y'abantu ukurenga ibigo, ukubana kw'umugabo n'umugore bidaciye mu mategeko, be n'uguharika bihanishwa n'ihadabu be n'ibindi bihano bifatiye ku mibano no ku ntwaro y'igihugu. Ku vyerekeye icaha c'uguharika, ihadabu rishobora gushika ku mafaranga angana ibihumbi ijana (ingingo ya 366).

75) Ingingo zerekeye ivyaha vy'uguhemukira umuryango ni nshasha kiretse izerekeye uguta urugo. Ukugoka ku kizira ni icaha categekanijwe kandi gihanwa n'ingingo ya 368.

76) Ugushurashura, ukwosha abandi gushurashura n'ukubigira umwuga, ukurondera inyungu mu bushurashuzi bw'uwundi muntu hamwe n'ukworohereza abashurashura ni ivyaha bihanwa n'ingingo ya 371 gushika ku ya 381.

Ugukingira imigenzo myiza y'igihugu ni nkenerwa cane muri ibi bihe imico iguma ihindagurika, ugasanga ubuhumbu buguma bwibonekeza mu buryo bwinshi kandi bunyuranye. Ukurondera inyungu mu bushurashuzi bw'abagore butegerezwa kurwanywa mu gihugu cacu.

Umukenyezi ko angana n'umugabo, ategerezwa kugira uruhara mw'iterambere ry'igihugu, nategerezwa kurera amaboko, ategerezwa gukora yivuye inyuma nk'uko igitabu gishasha c'amategeko agenga ingo n'abantu mu Burundi kibimwemerera.

77) Ugufata umuntu ku nguvu kugira umushurashuze, ukumusambanya ku nguvu, be n'ivyaha bikorwa ku mugaragaro biteye kubiri n'imigenzo myiza y'igihugu ni ivyaha bihanwa n'ingingo ya 382 gushika ku ya 390. Harategekanijwe inyongerezakibi kuri ivyo vyaha bibiri vya mbere, iyo ababikoze bafise ububasha ku bo bashurashuje, iyo icaha uwagikoze yafadikanije n'abandi bantu canke iyo icaha casinzikaje cane amagara y'uwigikorewe.

78) Ikigabane ca VII gitegekanya ivyaha vyo kubuza abantu kuronka canke kurangura ivyo bafitiye uburenganzira, ivyo kubuza abantu gusengera mw'idini bashatse n'ivyaha bikorwa n'abakozi ba Leta mu kubuza abantu kuronka canke kurangura ivyo bafitiye uburenganzira. Leta nta dini na rimwe yegamiye. Ukusenga mw'idini umuntu afise, ukusengera ku mugaragaro n'uguserura icyumviro umuntu ashatse, birubahirizwa n'amategeko.

Bitayeko, ntawokwihanganira ico cose coza kibuzwa umuntu kwishira n'ukwizana birekuwe n'amategeko n'amabwirizwa y'igihugu.

79) Ikigabane ca IX2 cerekeye ivyaha vy'uguhungabanya umutekano w'igihugu.

80) Mu vyaha bijanye n'ukurondera guhungabanya umutekano mu gihugu biturutse hanze, haza ubwa mbere icaha c'uguhemukira igihugu, ugusumira urusaku ikindi gihugu. Ibihano bitegekanijwe n'izo ngingo birahambaye cane : umurundi wese azotera Uburundi ahanishwa igihano co gupfa. Acirwa kandi urubanza rwo gupfa igihe

afatanije n'ikindi gihugu kugira batere Uburundi, igihe yahaye umwansi ibibanza bihambaye bifasha iguhugu kwivuna umwansi canke igihe yabisambuye kugira igihugu kije mu kaga.

Igihano co gupfa gihanishwa kandi umurundi wese atuma intwaramiheto z'igihugu zija gukorera ikindi gihugu canke akazibifashamwo canke agatuma intwaramiheto zihebura.

Gusuma urusaku, kurondera amakuru yerekeye amabanga yo kwivuna umwansi canke kuyararaza atabubasha ubifitiye na vyo nyene ni ivyaha.

81) Ingingo ya 406 gushika ku ya 409 zerekeye icaha c'ubucangero kikaba ari gishasha. Izo ngingo zisunga amasezerano yo kurwanya icaha c'ubucangero, yatewe ko igikumu n'ibihugu bigize shirahamwe riharanira ubumwe bw'Afrika.

Muri ino myaka hariho inkosi z'ikibi zimonogoje, zitagira umutima kandi ataco zibanga, zitera ibihugu vyikukiye canke ibihugu bikirwanira ageteka k'ukwishira n'ukwizana. Vyari nkenerwa cane kwongera mu gitabo c'amategeko mpanavyaha ingingo zirashe kugira hatuzwe iyo mirwi y'imburakimazi ikoreshwa n'abanyamahanga ba sesankuyoze, igatuma ibihugu biburagizwa, ntibigire aho vyishikana.

82) Harahanwa kandi uwo wese aja inama n'abakorera ikindi gihugu kugira ngo bonone ubutunzi bw'igihugu, igisirikare canke imigenderanire y'Uburundi n'ibindi bihugu.

2 Abanditse iki gitabu barihenze . Aho kwandika ikigabane VIII banditse ikigabane ca IX. Iki gitabu kigarukira rero ku kigabane ca X n'aho banditse ikigabane ca XI

Igihugu cacu carigiriye inama yo kurwanya ubukene no kuronka ijamba n'ikibanza kibereye mu makungu. Ico cose kirondera guhagarika utwigoro tugirwa kugira ngo uyo mugambi urangurwe, ntikizihanganirwa.

83) Ivyaha bihungabanya umutekano biturutse hagati mu gihugu, biri mu ngingo ya 410 gushika ku ya 439 z'igice ca nyuma c'ikigabane ca VIII3.

84) Icaha c'ukurondera kwica Umukuru w'igihugu canke co kumwica, ni icaha ca " politike " gihanishwa igihano co gupfa. Ibindi vyaha bikorerwa Umukuru w'igihugu, na vyo nyene birahanwa cane.

Ingingo ya 412 gushika ku ya 416 zerekeye ivyaha vyo kurondera kuja inama, n'ibindi vyaha bijanye n'uguseniyura inzego za Leta n'ukudasonera imbibe z'igihugu. Izo ngingo zirahana bikomeye abogerageza kuburagiza inzego z'igihugu. Ni co gituma uwukoze icaha co gushaka gutembagaza canke guhindura ubutegetsu, canke kugumura abanyagihugu ngo bafate ibirwanisho barwanye abaserukira Leta canke ngo barwane bonyene, canke gushaka kwigarurira igice c'igihugu, ahanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwiwe bwose. Uburundi ni igihugu kimwe rudende, uwo wese azogerageza kubucamwo ibice, azohanwa bimwe bikomeye cane.

85) Uwo wese arondera gutikiza inganda, atema atongora canke asahura, ahanishwa na we nyene igihano co gupfa. Ivyo vyaha ni ivyaha vy'agahomera bunwa kandi ico gihano birakwiranye.

Muri ino misi, si agaseseshwa rumuri, hariho imirwi yitwaje ibirwanisho, ija hamwe kugira ngo ije irasahura. Ububisha nk'ubwo buguma bwiyoungera, none butegerezwa gutuzwa ata mpuhwe.

86) Ingingo ya 422 itegekanya imbabazi zituma ata gihano na kimwe gihabwa abakora mu mirwi yitwaje ibirwanisho, ariko ata butegetsi bari bafise yo, kandi ata murimo canke amabanga bari bajewe, iyo baciye bidohora bagiterwa akamo n'abategetsi mu ntwaro canke mu gisirikare, canke kuva ico gihe, iyo bafatiwe ahandi hantu batari mu nama y'umugumuko, ntibadadaze kandi ata birwanisho bafatanywe.

87) Harahanwa kandi abo bose bagiye mu murwi w'abagumutsi bashaka kubuza abajewe umutekano kurangura amabanga yabo.

3 Abanditse iki gitabu barihenze. Aho kwandika ikigabane ca VIII, banditse ikigabane ca IX

88) Kurwanya icese ishira mu ngiro ry'amategeko canke kwosha abantu kuyagarariza, bihanwa n'ingingo ya 428.

89) Ingingo ya 434 itegekanya igihano kuri uwo wese azi abantu bafise imigambi yo guhemukira igihugu canke bariko barakora ibintu bijanye no kugihemukira, canke abasumyi b'urusaku bakorera abanyamahanga, canke abakora ivyo vyose vyononera igikorwa c'ukwivuna umwansi, abarondera canke abagira inama yo guhungabanya amahoro n'umutekano mu gihugu, ariko ntace abishikiriza akibimenya, abakuru mu gisirikare, mu ntwaro canke mu butungane. Uwo muntu ategerezwa kubimenyesha atawurinze kubimusokoroza.

90) Uwo wese, imbere y'uko hakorwa icaha co guhungabanya amahoro n'umutekano mu gihugu canke ngo babigerageze, abimenyesheje ubwa mbere abajewe intwaro canke ubutungane, aragirirwa imbabazi nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 437.

91) Hatirengagijwe ibihano bikomeye cane, vyategekanirijwe abahemukiye igihugu, abarondera canke abakoze icaha co guhungabanya amahoro n'umutekano mu gihugu, uwo wese yagiriye ivyo vyaha, nta burenganzira bwo gutora canke bwo kwitoza afise mu kiringo kitari munsu y'imyaka itanu kandi kitarenga imyaka cumi, n'igihano c'imperekeza c'ukwambura uwuhanywe amateka ajanye n'ubwenegihugu.

92) Ikigabane ca IX4 cerekeye ingingo zitandukanye. Ingingo ya 440 ishinga urugero rutarengwa ku vyerekeye ibihano vyo gupfungwa n'ivy' ihadabu bishingwa n'abategetsi mu gushira mu ngiro amabwirizwa, ingingo zifatwa n'abajewe intwaro, abajewe gucungera umutekano be n'abategetsi bo mu nzego z'intango. Aha rero twovuga ko igitabu c'amategeko mpanavyaha cagomvye gutegekanya, kugira abategetsi abo aribo bose, birinde gutanga ibihano

93) Ivyo rero akaba arivyo bihambaye, akaba ari naryo tunga ry'ingingo ryerekana muri rusangi urwandiko rushasha rujanye nivy'u burundi bw'ubu hamwe n'igitabu c'amategeko mpanavyaha c'umvikana kandi gikwiye.

Bujumbura, itariki 27 nyakanga 1980

**ITEGEKO BWIRIZWA INOMERO 1/6 RYO KU WA 4 NDAMUKIZA 1981 RIHINDURA
IGITABU C'AMATEGEKO MPANAVYAHA.**

Umukuru w'igihugu,

Yihweje itegeko bwirizwa inomeru 1/186 ryo ku wa 26 Munyonyo 1976 riringaniza ububasha bwo gushinga amabwirizwa n'amategeko, nk'uko ryahinduwe n'itegeko bwirizwa inomeru 1/32 ryo ku wa 16 Gitugutu 1978 ;

Asubiye kwihweza itegeko ryo ku wa 30 Nzero 1940 rishinga igitabu c'amategeko mpanavyaha ryemejwe ko rikurikizwa mu Burundi n'ibwirizwa inomeru 43/Ubutungane ryo ku wa 18 Rusama 1940, ryagenga Urwanda n'Uburundi nk'uko ryagiye rirahindurwa gushika uno musu ;

Yihweje itegeko ryo ku wa 6 Myandagaro 1959 rishinga igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa nk'uko ryagiye rirahindurwa gushika uno musu ;

Yihweje itegeko bwirizwa inomeru 1/23 ryo ku wa 28 Myandagaro 1979 rishinga igitabu c'amategeko yerekeye iringanizwa ry'inzego z'ubutungane n'ububasha bwazo nk'uko ryagiye rirahindurwa gushika uno musu ;

Kubera ko bikenewe cane ko uburyo bwo guhana ivyaha busubirwamwo kugira ngo amabwirizwa n'amategeko avyerekeye yumvikane kandi ajane n'imigambi ya none mu vyerekeye iterambere mu vy'intwari, imibano n'ubutunzi bw'igihugu ;

Umushikirananyi w'Ubutungane amaze gushikiriza integuro y'iryo tegeko bwirizwa, Inama Nshikirananyi imaze kuyemeza ;

ARASHINZE

IGITABU CA 1

IVYAHA N'UGUHANA MURI RUSANGI

IKIGABANE CA I INGINGO NGENDERWAKO.

IGICE CA I . IVYEREKEYE ICAHA MURI RUSANGI.

Ingingo ya 1

Icaha ni ico cose umuntu akoze canke yirengagije gukora, kikaba giteye kubiri n'umubano w'abantu, kandi kikaba gihanwa n'amategeko.

Ingingo ya 2

Nta caha na kimwe gishobora guhanishwa ibihano bitari bisanzwe bitegekanijwe n'amategeko imbere yuko gikorwa.

Ariko, iyo icaha gikozwe hanyuma itegeko rigihana rigahindurwa uwucagirizwa ataracirirwa urubanza ntabanduka hakurikizwa itegeko rishasha iyo ritegekanya igihano kiri muni y'icari gitegekanijwe n'itegeko ryahinduwe.

Ingingo ya 3

Uwo wese akoze icaha mu Burundi arahanwa nk'uko amategeko abitegekanya hatirengagijwe amasezerano mpuzamakungu atuma abaserukira ibihugu vyabo n'amashirahamwe mpuzamakungu badahanwa.

Ingingo ya 4

Icaha cose gikorewe mu mahanga, amategeko y'Uburundi akaba agitegekaniriza igihano co gufungwa amezi arenga abiri, gishobora gukurikiranwa kigahanwa kiretse hakurikijwe amasezerano yerekeye ihanahanwa ry'inkozi z'ikibi. Uwagirizwa ico caha n'tashobora gukurikiranwa bidasabwe n'umushikirizamanza.

Ingingo ya 5

Iyo icaha cakorewe mu mahanga, amategeko y'Uburundi akaba agitegekaniriza igihano co gufungwa imyaka itari muni y'itanu, uwucagirizwa akurikiranwa mu Burundi bisabwe n'uwakorewe ico caha canke bisabwe n'abategetsi b'igihugu cakorewemwo. Ariko, ku bindi vyaha atari ivyo guhungabanya umutekano canke ivyerekeye kwigana ibimangu n'amafaranga vy'igihugu, uwuyagirizwa n'tashobora gukurikiranwa mu Burundi iyo yerekanye ko urubanza rwiwe rwaciwe ubutagisubirwamwo mu mahanga, iyo yaciriwe igihano naho akerekana ko yakirangije, ko igihe co guhanwa carenze, ko yagiriwe ikigongwe n'Umukuru w'igihugu canke n'ibwirizwa. Kiretse ku vyaha bihungabanya

umutekano mu gihugu n'ivyerekeye kwigana ibimangu canke amafaranga vy'igihugu uwucagirizwa akurikiranwa iyo ari mu Burundi.

IGICE CA II . IVYEREKEYE IMIRWI Y'IVYAHA.

Ingingo ya 6

Hihwejwe ingene ivyaha birutana, hari ivyaha bikomeye, hakaba ivyaha bisanzwe n'ivyaha bitobito. Ivyaha bitobito ni ibihanishwa gupfungwa amezi atarenga abiri. Ivyaha bikomeye ni ibihanishwa gupfungwa imyaka irenga itanu. Ibindi vyaha ni ibisanzwe.

Ingingo ya 7

Iyo hategekanijwe ko igihano c'icaha kitaja munsu y'urugero kanaka kandi kitarenga urugero kanaka, igihano kinini ni co conyene cisungwa mu gukurikiza ibitegekanijwe mu ngingo ya 6.

Iyo igihano uwakoze icaha yaciriwe congerekanye kubera imvo zitegekanijwe mu gice ca VI c'iki kigabane, uko kwongerekana kw'igihano si ko gufatirwako mu gushira mu ngiro ibitegekanijwe n'ingingo ya 6.

IGICE CA III. IVYEREKEYE KUGERAGEZA GUKORA ICAHA.

Ingingo ya 8

Ukugerageza gukora icaha guhanwa n'amategeko ni iyo nyene gushaka kugikora yabigaragaje mu bikorwa biboneka vyerekana intango yo gukora ico caha kandi ivyo bikorwa bigahagarikwa canke ntibishike ku co yashaka kubera imvo zitamuvuyeko.

Ingingo ya 9

Ukugerageza gukora icaha gikomeye canke gisanzwe guhanwa nk'uko coba cakozwe.

Ingingo ya 10

Ukugerageza gukora icaha gito ntiguhanywa kiretse iyo hari itegeko ridasanzwe ribitegekanya ukundi rikemeza ko uko gushaka gukora ico caha kwonyene kuri mu bigize icaha.

Ingingo ya 11

Ukugerageza gukora icaha kitari bushobokeye, guhanishwa ica kabiri c'igihano gitegekanirijwe icaha kidashobotse gukorwa.

**IGICE CA IV. IVYEREKEYE KWAGIRA ICAHA, IBITUMA ICAHA KITAGIRA UMUNTU
NAHO YOBA YAKOZE IBISANZWE BIBUJIJWE N'AMATEGEKO MPANAVYAHA,
N'IMBABAZI ZIGIRIRWA UWAKOZE ICAHA.**

Agace ka 1: Ivyerekeye ibituma icaha kitagira uwagikoze

Ingingo ya 12

Uwo wese akoze icaha mu gihe arwaye ibisazi canke izindi ngwara zo mu mutwe ntahanwa.

Ingingo ya 13

Ariko uwisarishije mu gihe akora icaha kiramwagira naho atoba yisarishije kugira ngo agikore.

Ingingo ya 14

Ivyaha bikoze n'abana batarashikana imyaka cumi n'itatu bitangirwa indishi gusa.

Ingingo ya 15

Ukutagira icaha kubera ibituma biri mu ngingo za 12, 13 na 14 vyerekeye nyene kugikora wenyene, ntibiraba abo bafadikaniye kugikora canke abamufashije.

Ingingo ya 16

Igihe uwakoze icaha canke uwamufashije ari umwana amaze imyaka cumi n'itatu gushika kw'icumi n'umunani y'amavuka, ibihano bitangwa gurtya :

1°) iyo yari akwiye guhanishwa igihano co gupfa canke co gupfungwa ubuzima bwose ahabwa igihano co gupfungwa mu kiringo kiva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi ;

* Muri iri tegeko bwirizwa, bakoresha kubu na kazoza babivanga ; twasanze ko vyiza hose, hokoresha " kubu ", kuko icaha gikoze gica gihanwa."

2°) iyo yari akwiye igihano co gupfungwa mu kiringo c'imyaka minaka canke gutanga ihadabu, ibihano ahabwa ntibirenga ica kabiri c'ivyo yohawe iyo aba yari ashikanye imyaka cumi n'umunani.

**Agace ka 2 : Ivyerekeye ibituma icaha kitagira umuntu naho yoba yakoze
ibisanzwe bibujijwe n'amategeko.**

Ingingo ya 17

Nta caha kihaba :

1°) iyo hakoze ivyari bitegetswe n'umukuru abifitiye ububasha canke birekuwe n'amategeko ;

2°) iyo umuntu akoze ibibujijwe n'amategeko mpanavyaha ata kundi yari kubikika, navyo bikaba igihe yari ageramiwe n'inabi ikomeye ishobora kumuhitana ;

3°) iyo umuntu akoze ibibujijwe n'amategeko mpanavyaha kugira ngo yivune umuntu canke ikintu kiriko kiramugirira nabi canke kiriko kiragirira nabi uwundi, ariko uwivuna ntarenze urugero rw'inabi agira akorerwe canke ariko arakorerwa ;

4°) iyo umuntu akoze ibibujijwe n'amategeko mpanavyaha abihatiwemwo n'inguvu adashobora gutsinda.

Agace ka 3 : Ivyerekeye imbabazi zigirirwa uwagiriye icaha.

Ingingo ya 18

Nta caha gihambaye canke gisanzwe gishobora kugirirwa imbabazi bidatekanijwe n'amategeko.

Ingingo ya 19

Imbabazi zemewe n'amategeko ziragumizaho icaha, kikagira uwagikoze ariko ntahanwa iyo ari imbabazi zituma atagihano na kimwe gitangwa canke agacirwa inkoni ngufi iyo ari imbabazi ngabanyakibi.

IGICE CA V: IVYEREKEYE INGABANYAKIBI.

Ingingo ya 20

Umucamanza ni we wenyene yihweza ko, imbere yuko icaha gikorwa, igihe gikorwa canke kimaze gukorwa, hari ibituma bikwiye gufatwa nk'ingabanyakibi.

Ingingo ya 21

Urubanza rwemeza ko hari ingabanyakibi rurazerekana, rukazidondagura rukazitangira kandi ibituma.

Ingingo ya 22

Iyo hari ingabanyakibi, igihano co gupfa gitegerezwa gusubirirwa n'igihano co gupfungwa ubuzima bwose canke igihano co gupfungwa mu kiringo gishinzwe n'umucamanza. Ibihano vy'ugupfungwa n'ihadabu birashobora kugabanywa ku rugero rushinzwe n'umucamanza.

Ariko, ntihashobora gushingwa igihano co gupfungwa mu kiringo kidashikana umusi umwe canke igihano c'ihadabu kiri muni y'ifaranga rimwe.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE UKUDAHAHA.

Ingingo ya 23

Uwo wese yaciriwe urubanza ntabanduka rw'icaha, agahanishwa umunyororo urenza canke ungana n'umwaka, agakora icaha gitegerezwa guhanishwa umunyororo urenza amezi abiri, mu kiringo c'imyaka itanu kuva arangije ico gihano canke kuva aho ukugukurikiza gutereye igihe, ahabwa igihano ntarengwa gitegekanirijwe ico caha kandi ico gihano kirashobora kugwizwa na kabiri.

Ingingo ya 24

Iyo igihano ca mbere yahanishijwe kwari ugupfungwa ubuzima bwose, icaha ca kabiri kikaba gihanwa nk'uko nyene, ahanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 25

Uwahanywe ntatwafatwa nk'intahaha, igihe igihano ca mbere cahanaguwe n'ikigongwe gitanzwe n'ibwirizwa canke iyo yasubijwe amateka yiwe ubutacisubirako.

Ingingo ya 26

Uwuzoba yaciriwe igihano na Sentare ya gisirikare, mu gihe asubiriye gukora ikindi caha ntazohanwa nk'intahaha kiretse iyo ico gihano ca mbere yagaciriwe yakoze icaha gihanwa n'amategeko mpanavyaha asanzwe.

IKIGABANE CA II IVYEREKEYE IBIHANO MURI RUSANGI

IGICE CA I : IVYEREKEYE IBIHANO BIKURU BIKURU.

Agace ka 1 : Ivyerekeye ibihano bikuru

Ingingo ya 27

Ibihano bikuru bikuru ni ibi bikurikira :

- 1° igihano co gupfa ;
- 2° igihano co gupfungwa ;
- 3° igihano c'ihadabu.

1. Ivyerekeye igihano co gupfa ;

Ingingo ya 28

Uwuciriwe igihano co gupfa aramanikwa canke akaraswa.

Ingingo ya 29

Ikibanza n'ubundi buryo bwo gukurikiza igihano co gupfa bishingwa n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane.

Ingingo ya 30

Iyo bimenyekanye ko umugore yaciriwe igihano co gupfa yibungenze, ico gihano gikurikizwa amaze kwibaruka.

2. Ivyerekeye igihano co gupfungwa.

Ingingo ya 31

Umunyororo w'impaga ushobora kuba uw'ubuzima bwose canke uw'igihe kinaka.

Ingingo ya 32

Ikiringo co gupfungwa igihe kinaka ntigishobora kuba muni y'umusi umwe kandi ntikirenza imyaka mirongo ibiri, ivyo bikava ku kugene amategeko abitegekanya kandi kiretse iyo umuntu asubiye gukora ikindi caha canke ibindi vyaha amategeko yoba yararinganirije ibindi bihe.

Ico kiringo giharurwa ku musi, mu mezi n'imyaka hakurikijwe ikirangamisi citiriwe Papa Geregori wa XIII. Igihano co gupfungwa umusi kimara amasaha mirongo ibiri n'ane. Igihano co gupfungwa ukwezi kimara imisi mirongo itatu.

Ingingo ya 33

Abaciriwe igihano c'umunyororo bapfungirwa mu mabohero agenywe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane. Barakoreshwa muri ayo mabohero canke hanze igikorwa kimwe mu birekuwe n'amategeko agenga ibohero kiretse iyo Umushikiranganji muvuyo ajejwe harimwo Ubutungane abibakuyeko kubera imvo zidasanzwe.

Ingingo ya 34

Iyo uwagirizwa icaha aciriwe urubanza yari asanzwe mw'ibohero, ikiringo amaze mw'ibohero kiraharurwa mu gihano aciriwe.

3. Ivyerekeye ihadabu.

Ingingo ya 35

Ihadabu ni igihano co gutanga amafaranga agategerezwa kuja mu kigege ca Leta. Ihadabu ntirija muni y'ifaranga rimwe.

Ingingo ya 36

Abasangiye icaha ntibasangizwa ihadabu, umwe umwe acirwa ihadabu ukwiwe. Nta hadabu ry'ikivunga.

Ingingo ya 37

Igihe ihadabu ridatanzwe mu misi umunani ikurikira igihano catanzwe ubutagisubirwamwo, n'igihe urubanza rwaciwe rutegerezwa gukurikizwa ubwo nyene mu misi umunani ikurikira urwo rubanza, ihadabu rishobora gusubirizwa n'umunyororo, ikiringo cawo kigashingwa n'urwo rubanza bivuye uko ibintu bimeze canke uko ihadabu ringana.

Ingingo ya 38

Ikiringo umunyororo usubirira ihadabu umara ntigishobora kurenga amezi atandatu. Ivyo arivyo vyose nyene gupfungwa ashobora kwigombora mu kuriha iryo hadabu. Ntashobora guhitamwo gupfungwa kugira ngo ibintu vyawe ntibigurishwe.

Agace ka 2. : Ivyerekeye ibihano vy'imperekeza.

Ingingo ya 39

Ibihano vy'imperekeza ni ibi :

- 1° ukunyagwa ibintu vyakoreshejwe mu gukora icaha canke vyamuka ku caha ;
- 2° kubuzwa kuba ahantu n'ugutegekwa kuba mu bibanza bigenywe ;
- 3° gucungirwa mu minwe y'ubutegetsu;
- 4° kwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu ;
- 5° kugara aho uwagiriye icaha arangurira umwuga wiwe ;
- 6° gutangaza mu binyamakuru ibihano vyahawe inkozi z'ikibi.

1.Ivyerekeye ukunyagwa ibintu vyakoreshejwe mu gukora icaha canke vyamuka ku caha.

Ingingo ya 40

Igihe hakoze icaha gikomeye canke gisanzwe, igihano gikuru kirashobora guherekezwa n'igihano co kunyagwa ibintu bigize icaha, ivyakoreshejwe canke ivyari bigenewe kugikora canke vyamuka ku caha, iyo ivyo bintu vyari ivya nyene guhanwa.

Iyo ivyo bintu bitari ivyiwe naho, no ku vyerekeye ivyaha bitobito, ico gihano c'ukunyagwa ntigishobora gutangwa kiretse iyo amategeko abitegekanyaga.

Ingingo ya 41

Ukunyagwa urukombamazi ivyo uwahanywe atunze n'ivyo azoronka kurabujijwe.

2. Kubuzwa kuja ahantu n'ugutegekwa kuba mu bibanza bigenywe.

Ingingo ya 42

Kubuzwa kuba ahantu ni itegeko ribuza uwahanywe kuja mu bibanza bimwe bimwe bigenywe.

Ingingo ya 43

Gutegekwa kuba ahantu ni itegeko rihabwa uwahanywe ryo kuguma mu bibanza bimwe bimwe bigenywe.

Ingingo ya 44

Ikiringo co kubuza uwahanywe kuja ahantu hagenywe ntigishobora kurenza umwaka.

Ingingo ya 45

Kubuzwa kuja ahantu n'ugutegekwa kuba ahantu ni ibihano bishobora gutangwa :
1°) kuri uwo wese yaciriwe igihano kubera ko yakoze icaha gihanishwa umunyororo utarenga amezi atandatu canke igihe igihano yoronka kidashobora kurenza amezi atandatu bivuye k'ukugene ibintu bimeze;

2°) kuri uwo wese yakoze ivyaha bishika kuri bibiri mu kiringo c'imyaka cumi, kimwe kimwe akaba yagihanishijwe umunyororo utari muni y'amezi atandatu.

Ingingo ya 46

Ibihano vy'ukubuzwa kuja ahantu no gutegekwa kuba ahantu bitangura gukurikizwa :

a) kuva kw'igenekerezo rishingwa n'urubanza iyo ivyo bihano vyatanzwe hakurikijwe ingingo ya 45, 1°.

b)kuva kw'igenekerezo uwahanywe apfunguriweko haba kubera ko yahejeje igihano canke yakigabanirijwe, haba kubera ko arekuwe ivy'agateganyo atararangiza igihano hisunzwe ingingo ya 45, 2°. Ugusubizwa mw'ibohero kubera imvo iyo ariyo yose ntigutuma ikiringo c'ivyo bihano congerezwa.

Ingingo ya 47

Uburyo bw'ugushira mu ngiro ingingo ya 42 gushika ku ya 46 bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

3. Ivyerekeye igihano co gushirwa mu minwe y'ubutegets.

Ingingo ya 48

Uwo wese yakoze ivyaha bishika kuri bitatu mu kiringo c'imyaka cumi, kimwe kimwe yagihanishijwe umunyororo utari muni y'amezi atandatu, bikaba biboneka ko atagomba kwisubirako, urubanza rurashobora gushinga ko ashirwa mu minwe y'ubutegetsu mu kiringo kitarenga imyaka cumi kuva ahejeje umunyororo yaciriwe.

Ingingo ya 49

Inzandiko zerekeye ibihano bifatirwako kugira ngo uwahanywe aje mu minwe y'ubutegetsu zija hamwe n'ivyegeranyo vy'urubanza rumukurikirana kandi imvo z'iyi ngingo ziratomorwa muri iyi ngingo nyene mu kwerekana ingene uwahanywe adashaka kwisubirako.

Ingingo ya 50

Igihe uwahanywe yashizwe mu minwe y'ubutegetsu n'ingingo zibiri zikurikirana ku vyaha bitandukanye, iyo ukuja mu minwe y'ubutegetsu kwashinzwe n'ingingo ya mbere kutararangira igihe umunyororo yaciriwe n'urubanza rwa kabiri urangiye, ingingo ya kabiri y'ukumushira mu minwe y'ubutegetsu ntishigwa mu ngiro iya mbere idahajwe gukurikizwa.

Ingingo ya 51

Igihe uwahanywe apfunguwe ivy'agateganyo atararangiza igihano yaciriwe, igihano c'ugushirwa mu minwe y'ubutegetsu gitangura gushirwa mu ngiro uwo musu nyene apfunguwe. Iryo kurikizwa rirabangira igihe ingingo y'ukumurekura ivy'agateganyo ifuswe, iryo bangira rigatangura asubijwe mu munyororo.

Ingingo ya 52

Igihe ikurikizwa ry'igihano co gushirwa mu minwe y'ubutegetsu rikibandanya, uwahanywe agapfungwa naho yoba ataracirwa urubanza, hisunzwe ingingo y'ubutungane, iryo kurikizwa rirabangira mu mwanya wose azomara apfunguwe.

Ingingo ya 53

Uwahanywe ashizwe mu minwe y'ubutegetsu acungirwa bikenewe, mu kibanza kigenywe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane.

Ingingo ya 54

Igihe igihano co gupfungwa kirangiye, Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane arashinga ko uwahanywe abohorwa canke acungirwa ahantu. Iyo uwahanywe arekuwe, arashobora gusubira gucungwa igihe cose yigenjeje nabi, bitegetswe n'Umukuru w'intara yigenjerejemwo nabi. Imbere yo gufata iyi ngingo, Umukuru w'intara ategerezwa gusaba icyumviro c'umushikirizamanza akukira sentare yashinze icyo igihano.

Uwahanywe ashobora kwungururiza iyi ngingo y'Umukuru w'intara ku Mushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane.

Ingingo ya 55

Uwahanywe ari mu minwe y'ubutegetsu arashobora gusaba gukurwa muri icyo gihano. Abisaba Umushikirizamanza Mukuru akukira Sentare Nkuru Isubiramwo yo mu ntara irimwo sentare yamushize mu minwe y'ubutegetsu. Umushikirizamanza mukuru aratohoza ivyasabwe akabishikiriza icyo sentare mu gusaba ingingo yofatwa.

Uwahanywe yarengukijwe akumvirizwa nkuko amategeko abivugaga, sentare iraca urubanza ikerekana n'imvo yishimikije. Iyo sentare itemeye ivyasabwe uwo vyerekeye ntashobora gusubira kubisaba hadacye ikiringo c'umwaka.

4. Ivyerekeye ukwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu.

Ingingo ya 56

Ukwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu ni :

1°) ugukomborwa n'ugukumirwa kw'abahanywe mu buzi bwose bwa Leta no mu yindi mirimo yose yashinzwe na Leta hamwe no kubabuza kuyirangura ;

2°) ukwamburwa uburenganzira bwo gutora canke kwitoza, no muri rusangi, kwamburwa uburenganzira bwose bujanye n'ubwenegihugu no mu vy'intwari, no kwambura ibimenyetso biranga abatewe iteka n'igihugu ;

3°) ukudashobora guhamagarwa nk'umuhinga rutumwako, kudashobora kuba icabona mu masezerano n'ayandi mabanga, kudashobora gutorwa ko icabona mu manza, kiretse kwishura ku vyo abajijwe gusa ;

4°) ukudashobora kuja mu nama y'umuryango n'imwe, kudashobora kuba umurezi w'umwana canke umusubirizi wiwe canke kuba mu bagize inama ishinzwe na sentare ihagarikira abasesagura n'abafise ubwenge buke kiretse icyo ari abana biwe ;

5°) ukwamburwa uburenganzira bwo gutunga ibirwanisho ;

6°) ukwamburwa uburenganzira bw'ukurangura ubuzi bumwe bumwe bugenywe n'urubanza.

Ingingo ya 57

Ukwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu gushinzwe n'amasentare gutuma uwahanywe yakwa uburenganzira bumwe canke bwinshi budondagurwe n'ingingo ya 56, ariko ntawushobora kwamburwa ayo mateka yose. Ukwamburwa amateka gushingwa n'urubanza ntigushobora kurenza imyaka mirongo ibiri ;

Ariko, bitomowe n'amategeko, uwahanywe ashobora kwamburwa amateka yose canke amwe amwe. Ikurikizwa ry'igihano c'ukwamburwa amateka rishobora kubangira nk'uko bigenda ku vyerekeye igihano co gufungwa.

Igihano c'ukwamburwa amateka gishobora kugabanywa canke guhanagurwa hakurikijwe amategeko yerekeye gusubizwa agateka, haciye ikiringo kandi hakurikijwe ivyasabwe na Sentare Nkuru Isubiramwo.

Ingingo ya 58

Igihano co gupfa canke co gupfungwa ubuzima bwose bica bituma uwahanywe yamburwa amateka amwe amwe canke yose.

Ingingo ya 59

Ukwamburwa amateka ajanye n'ubwenegihugu ntigushobora kuba atari imperekeza y'igihano co gupfungwa kirenza imyaka itanu.

5 Ivyerekeye kugarira uwahanywe aho arangurira umwuga wiwe.

Ingingo ya 60

Igihe icaha gikozwe mu mashirahamwe yerekeye urudandazwa, imyuga canke amahinguriro no mu bundi buryo butegekanijwe n'amategeko, sentare zimaze gushinga ibihano bikuru bikuru zirashobora kwongerako igihano c'ukugarira uwahanywe aho arangurira umurimo wiwe mu kiringo kitarenza imyaka ibiri.

Muri ico gihe uwahanywe ashobora guca agurisha ku wundi mudandaza ibidandazwa bimwe bimwe canke vyose nk'ibishobora kwononekara. Ikiguzi c'ivyo bidandazwa ntigishobora gutangwa uwashinzwe ikigega ca Leta atabirekuye kuko Leta itegerezwa kurihwa ubwa mbere kuri ico kiguzi, kugira ngo uwahanywe arihe amahadabu, amakori n'amagarama.

6. Ivyerekeye ugutangaza ibihano vyaciwe na Sentare mu binyamakuru

Ingingo ya 61

Igihe birekuwe n'amategeko kandi bisabwe n'uwo vyerekeye canke sentare yo nyene ibona ko bikwiye, sentare irashobora gushinga ko urubanza yaciye rutangazwa rwose canke mu bice bimwe bimwe mu kinyamakuru canke mu binyamakuru igenye canke ko rumanikwa mu bibanza yerekanye, vyose bikarihwa n'uwahanywe ariko amafaranga y'ugutangaza igihano ntashobora kurenga ayo sentare yashinze kandi igihe co kumanika urwo rubanza ntigishobora kurenza ukwezi.

IGICE CA III : IVYEREKEYE URUNANI RW'IVYAHA

Ingingo ya 62

Haba urunani rw'ivyaha igihe ivyaha vyinshi vyakozwe n'umuntu umwe akaba ata na kimwe aracirirwa urubanza ntabanduka.

Ingingo ya 63

Haba urunani rw'ivyaha bifise intumbero imwe :

1°) igihe ikibi kimwe gishobora kubamwo ivyaha vyinshi hihwejwe ingene cakozwe;

2°) igihe hakozwe ibibi birimwo ivyaha bitandukanye bikaba bifadikanyijwe n'agatima ko gukora icaha kimwe, canke bimwe bikaba inyongerezakibi y'ibindi ; mu buryo ubwo aribwo bwose igihano kiruta ibindi ni co gitangwa.

Ingingo ya 64

Haba urunani rw'ivyaha bitandukanye igihe ibibi bitandukanye hihwejwe uburyo vyakozwe, vyagiye birakurikirana kandi bikaba ari ivyaha bitandukanye. Muri ico gihe, icaha cose gihanwa ukwaco hanyuma ibihano vyashinzwe birateranywa hatirengagijwe ibi bikurikira :

1°) igihano co gupfa n'igihano co gupfungwa ubuzima bwose biramira igihano c'umunyoro ico arico cose ;

2°) iteraniro ry'ibihano vy'ugupfungwa igihe kinaka co kimwe n'iteraniro ry'amahadabu ntibishobora kurenza incuro kabiri urugero ntarengwa rw'ibihano bisumba ibindi bitegekanirijwe icaha kimwe mu vyo uwahanywe yagiriye ;

3°) iteraniro ry'ibihano bibuza uwahanywe kuja mu bibanza bigenywe co kimwe n'iteraniro ry'ibihano vyo kumutegeka kuba ahantu hagenywe ntirishobora kurenza imyaka mirongo ibiri ;

4°) iteraniro ry'ibihano vyo gushira uwahanywe mu minwe y'ubutegetsu ntirishobora kurenza imyaka cumi ; igihano cose c'ugushira uwahanywe mu minwe y'ubutegetsu gica kimira ibihano vy'ukubuza uwahanywe kuja mu bibanza bigenywe n'ivyo kumutegeka kuba ahantu hagenywe;

5°) iteraniro ry'ibihano vy'ukwambura uwahanywe amateka ajanye n'ubwenegihugu mu gihe kinaka ntirishobora kurenza imyaka mirongo ibiri.

Ingingo ya 65

Igihano gisumba ibindi ni ico gifise urugero runini ntarengwa rusumba ibindi. Iyo ibihano bibiri bifise urugero runini ntarengwa rungana, igihano gisumba ikindi ni ico gifise urugero ruto ntarengwa rusumba urwategekanirijwe ico kindi gihano. Iyo ibihano bibiri bifise urugero runini ntarengwa rungana n'urugero ruto ntarengwa rungana, igihano gisumba ikindi ni ico giherekezwa n'ihadabu.

Ingingo ya 66

Igihano c'ihadabu cama ari gito ku gihano co gupfungwa.

IGICE CA III : IVYEREKEYE GUFADIKANYA MU BUBISHA

Ingingo ya 67

Abitwa ko bakoze icaha bwite :

a) ni abo bagikoze bo nyene ubwabo canke abafadikanije mu kugikora ;

b) ni abo, mu buryo ubwo ari bwo bwose, bafashije mu gukora icaha, kandi imfashanyo yabo, iyo itaboneka ,icaha kikaba kitari gukorwa.

Ingingo ya 68

Abitwa ko ari abafasha, naho batofadikanya n'abakoze icaha bwite, kandi uruhara rwabo ntirube nkenerwa, ni abo :

1°) bazoba batumye icaha gikorwa kubera ivyo batanze, ivyo bemereye abagikora, babagize ko iterabwoba, bifadikije ubukuru n'ububasha babafiseko, mu kubahenda, mu kubaryosharyosha canke mu kubereka ingene bagikora ;

2°) bazoba bahaye ibirwanisho, ibikoresho canke ubundi buryo bizoba vyakoreshejwe mu gukora icaha bazi ko arico bigenewe ;

3°) bazoba bafashije n'impaka mu buryo ubwo aribwo bwose uwakoze icaha canke abagikoze mu kugitegura, mu kuborohereza canke mu kugikora ;

4°) bazoba bama baha inkozi y'ikibi canke inkozi z'ikibi zisahura canke zihungabanya umutekano w'igihugu, indaro, aho binyegeza canke bagirira amanama kandi bazi ububisha bwabo.

5°) bazoba ari bo bo nyene batumye icaha gikorwa, haba mu majambo bavugiye mu makoraniro canke mw'ishengero ry'abantu, haba mu nzandiko canke mu zindi mpapuro zagurishijwe, zatagagujwe, haba mu zamanitswe canke zigaragajwe mu bibanza vy'amakoraniro ;

6°) bazoba banyegeje canke bafashije inkozi z'ikibi mu buryo butegekanijwe n'ingingo ya 218 y'iki gitabu c'amategeko mpanavyaha.

Ingingo ya 69

Uwuzokwosha uwundi n'impaka gukora icaha, ico caha kigakorwa, azohanwa co kimwe n'uwagikoze.

Ingingo ya 70

Igihe icaha kitazoba cakozwe bivuye ku gushaka ku wari kugikora we nyene, uwamwoheje azohanishwa ica kabiri c'igihano gitegekanirijwe ico caha.

Ingingo ya 71

Kiretse iyo hari izindi ngingo zitegekanya ibindi bihano, abafadikanije gukora icaha n'abafashije bahanwa gurtya :

1°) abafadikanije bahanwa co kimwe n'abakoze icaha bwite ;

2°) abafashije bahanishwa igihano kitarenga ica kabiri c'igihano bohanishijwe iyo baba aribo bakoze icaha bwite ;

3°) igihe igihano gitegekanijwe n'amategeko ari ico gupfa canke co gupfungwa ubuzima bwose, uwafashije ahanishwa umunyororo w'imyaka mirongo ibiri iyo ari ico gupfa canke umunyororo w'imyaka cumi iyo ari ico gupfungwa ubuzima bwose.

Ingingo ya 72

Imvo nyongerezakibi, ngabanyakibi canke zizimanganya igihano zerekeye kanaka ntawundi zega mu bakoze icaha atari uwo nyene zivuyeko.

Ingingo ya 73

Imvo zifatiye ku caha zituma igihano gihabwa abagikoze congerezwa canke kigabanurwa zigira inkurikizi mbi canke nziza kuri abo bagikoze bivuye ko bari bazizi canke batari bazizi.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE IGIHANO C'UMUNYORORO W'AGATEGANYO

Ingingo ya 74

Amasentare, mu gutanga igihano canke ibihano vy'umunyororo w'impaga canke umunyororo usubirira ihadabu, arashobora gushinga, atanze imvo zikwiye, ko ikwirikizwa ry'urwo rubanza ribangira kuvyerekeye ico gihano canke ivyo bihano, mu kiringo ashinze kuva umusi urubanza rusomeweko, ariko kidashobora kurenza imyaka itanu.

Mu gushinga umunyororo w'agateganyo sentare yisunga imvo zikwirikira :

1°) ko uwahanywe ataririwe umunyororo w'impaga urenza umwaka :

2°) ko uwahanywe atari bwigere apfungwa ku caha cakorewe mu Burundi ; umunyororo utarenza amezi abiri hatiriwe hararabwa igihano c'ihadabu yoba yaraciriwe.

Ingingo ya 75

Urubanza rushinga ico gihano ntirukwirikizwa ku vyerekeye igihano canke ibihano vyo gufungwa iyo muri ico kiringo cagenywe na Sentare, uwahanywe ata bindi bihano bishasha aronse ku vyaha bihanishwa umunyororo urenza amezi abiri, hatiriwe hararabwa ivyerekeye ihadabu .

Ingingo ya 76

Bitagenze uko bivugwa mu ngingo ya 75, ibihano vy'umunyororo w'agateganyo vyatanzwe hamwe n'ibindi bihano vyatanzwe mu nyuma, birakwirikizwa vyose.

Ingingo ya 77

Igihe hashinzwe igihano c'umunyororo w'agateganyo werekeye ugupfungwa gusubirira ihadabu, uguta igihe kw'ikwirikizwa ry'igihano kurabangira no ku vyerekeye ihadabu.

Mu manza z'ivyaha vyo kunyuruza itunga ry'igihugu no kurya ibiturire, sentare ntizishobora gushinga igihano c'umunyororo w'agateganyo kiretse amafaranga yose yaronswe biciye muri ivyo vyaha, asubijwe.

IGICE CA V : IVYEREKEYE GUSUBIZA IBINTU BA NYENEVYO NO GUTANGA INDISHI.

Ingingo ya 78

Igihano cose gitangwa hatirengagijwe ugusubiza ibintu no gutanga indishi abaturanyi bashobora kuba bafitiye uburenganzira bavyisabiye canke babisabiwe n'umushikirizamanza.

Ingingo ya 79

Sentare irashobora kugena igitigiri c'amafaranga y'indishi ikongera igashinga atawuyibisavye ko ibintu bisubizwa benevyo kandi ko hatangwa indishi yisunze amategeko canke imigenzo y'aho hantu.

Ingingo ya 80

Ikurikizwa ry'imanza ku vyerekeye gusubiza ibintu benevyo, indishi hamwe n'amagarama, rirashobora gukurikiranwa riciye ku munyororo w'agatsindikiro.

Ingingo ya 81

Umunyororo w'agatsindikiro ukwirikizwa nk'igihano co gupfungwa, ikiringo umara ntikibuza ko ibiheranywe birihwa.

Ikiringo umunyororo w'agatsindikiro umara, gishingwa n'urubanza ; ntigishobora kurenza umwaka kiretse hari itegeko ribiringaniza ukundi. Uwapfungwe yerekanye ko adashobora kuriha ararekurwa amaze ukwezi mu munyororo w'agatsindikiro.

Ariko, ikiringo c'umunyororo w'agatsindikiro cashinzwe n'urubanza kugira hakurikizwe ibihano hatangwe n'indishi kubera ivyaha vyo kunyuruza itunga ry'igihugu canke kurya ibiturire, bitegekanijwe mu ngingo za 295 na 298, kirashobora kurenza ikiringo c'umwaka gitegekanijwe ku karongo ka 2 k'iyi ngingo. Ikiringo c'umunyororo w'agatsindikiro kingana n'amezi atandatu ku mafaranga yanyurujwe ashika ibihumbi ijana canke ayari muni yayo.

Umuntu apfungiwe ivyaha bitegekanijwe n'ingingo ya 295 n'ya 298 ntiyigera afatwa nk'uwutaco atunze nk'uko akarongo ka kabiri k'iyi ngingo kabitegekanya.

Ingingo ya 82

Umunyororo w'agatsindikiro ntiwigera ukurikizwa canke ngo ugumizweho kubanyororo bashikanye imyaka mirongo indwi y'amavuka.

Ingingo ya 83

Igihe uwahanywe muvyo atunze bidakwiye kugira ngo arihe ihadabu, asubize ibintu benevyo, yongere atange indishi mu mafaranga avuyemwo, ivyo bibiri vya nyuma nivyo bija imbere y'ibindi.

Ingingo ya 84

Igihe hategerezwa gutangigwa rimwe ihadabu n'amagarama ya Leta, amafaranga arishwe n'abahanywe habanza gukurwamwo amagarama.

IKIGABANE CA III IVYEREKEYE INGENE URUBANZA RW'IVYAHA RUZIMANGANA

IGICE CA I : IVYEREKEYE INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 85

Urubanza rw'icaha ruzimangana igihe uwukurikiranwa yapfuye, itegeko mpanavyaha ryahanaguwe, igihe urubanza rwacitse ubutagisubirwamwo, igihe yagiriwe ikigongwe n'ibwirizwa canke iyo ugukurikiranwa kwataye igihe.

Ingingo ya 86

Urubanza rw'icaha rurashobora kandi kuzimangana iyo uwucagirizwa yemeye gutanga ihadabu yaciriwe n'umushikirizamanza n'igihe uwakorewe icaha ahevyeye urubanza kandi amategeko akaba avyemera.

Ingingo ya 87

Igihano kizimangana iyo uwagiciriwe agihejeje, iyo uwahanywe apfuye, iyo hashinzwe ibwirizwa ritanga ikigongwe canke iyo ugukurikiza igihano vyataye igihe.

Ingingo ya 88

Igihano kirashobora kandi guhindurwa canke guhanagurwa n'ikigongwe c'Umukuru w'igihugu canke igihe uwahanywe arekuwe ivy'agateganyo igihano yaciriwe kitararangira, canke agasubizwa amateka yari yaratswe kubera igihano.

IGICE CA II : IVYEREKEYE UGUTA IGIHE CO GUKURIKIRANA URUBANZA RW'ICAHA

Ingingo ya 89

Urubanza rw'icaha ntiruba rugukurikiranwa :

- 1°) iyo haheze ikiringo c'umwaka icaha cakoze ari gitoyi ;
- 2°) iyo haheze ikiringo c'imyaka itatu icaha cakoze ari igisanzwe ;
- 3°) iyo haheze ikiringo c'imyaka cumi icaha cakoze kikaba ari icaha gikomeye gihanishwa imyaka itanu gushika kw'icumi ;
- 4°) iyo haheze ikiringo c'imyaka mirongo ibiri icaha cakoze kikaba gikomeye gihanishwa imyaka irenga cumi canke igihano co gupfa.

Ingingo ya 90

Ugukurikirana ivyaha guta igihe kuva umunsi ibikigize vyose bikwiye iyo ari ivyaha bikorwa mu mwanya umwe, kuva umunsi icaha caretse gukorwa ku vyerekeye ivyaha bikorwa umwanya muremure.

Ingingo ya 91

Uguta igihe kw'ugukurikirana ivyaha guhagarikwa n'itohoza canke ugukurikiranwa imbere ya Sentare mu kiringo c'umwaka, c'imyaka itatu canke c'imyaka cumi giharuwe kuva umunsi icaha cakoreweko.

Ingingo ya 92

Urubanza rw'indishi rwamuka ku caha ruta igihe hakurikijwe amategeko agenga imanza z'amatazi.

Ariko, iyo gushinga urubanza rw'indishi vyataye igihe, kandi urw'ivyaha rutarata igihe, urubanza rw'indishi ruta igihe hakurikijwe amategeko yerekeye urubanza rw'ivyaha.

IGICE CA III : IVYEREKEYE UGUTA IGIHE KW'IBIHANO

Ingingo ya 93

Ikurikizwa ry'ibihano vy'ihadabu riri munsi y'amafaranga amajana atanu rita igihe haheze imyaka ibiri ikwiye, ikurikizwa ry'ibihano vy'ihadabu ry'amafaranga amajana atanu n'ayarenga rita igihe haheze imyaka ine ikwiye.

Ingingo ya 94

Ikurikizwa ry'ibihano vyo gupfungwa rita igihe haheze imyaka ibiri ku vyerekeye ivyaha bito bito canke itanu ikwiye ku vyerekeye ivyaha bisanzwe.

Ingingo ya 95

Ikurikizwa ry'ibihano vyo gupfungwa ku vyerekeye ivyaha bikomeye rita igihe haheze ikiringo kingana incuro zibiri igihano cashinzwe, ku vyerekeye ibihano vyo gupfungwa ubuzima bwose navyo haheze imyaka mirongo ibiri n'itanu.

Ingingo ya 96

Ibiringo bitegekanijwe mu ngingo za 93 gushika ku ya 95 bitangura guharurwa kuva umusi urubanza rwaciwe rutakigira iyungururizo.

Ingingo ya 97

Ikurikizwa ry'igihano co kunyagwa ibintu vyakoreshejwe mu gukora icaha canke vyamuka ku caha rita igihe nk'uko bitegekanijwe ku vyerekeye igihano gikuru.

Ingingo ya 98

Iyo uwahanywe yari apfunzwe yatorotse, ikiringo gitegekanijwe kugira ngo ikurikizwa ry'igihano yaciriwe rite igihe, giharurwa kuva umusi atorotse.

Ingingo ya 99

Igihe asubiriye gufatwa iharurwa ry'ikiringo gitegekanijwe kugira ikurikizwa ry'igihano yaciriwe rite igihe rirahagarara, uko gusubira gupfungwa gutuma iharurwa ry'ikiringo gitegekanijwe kugira ngo ikurikizwa ry'ibihano vy'imperekeza rite igihe ribangira.

Ingingo ya 100

Ikurikizwa ry'ingingo z'ianza z'ivyaha ku vyerekeye indishi no gusubiza ibintu benevyo rita igihe nk'uko bitegekanijwe n'igitabu c'amategeko yerekeye imanza z'amatati.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE INGENE UWITWAYE AFUTISHA URUBANZA

Ingingo ya 101

Ku vyerekeye ivyaha bidashobora gukurikiranwa uwakorewe icaha atariwe yitwaye, afutishije urubanza, urubanza rw'ivyaha ruca ruzimangana. Gusaba gufutisha urubanza ntikwakirwa atari iyo kwerekeye abo bose bafadikanije mu gukora icaha.

Ingingo ya 102

Ugufutisha urubanza bigirwa biciye imbere ya Sentare canke hakoreshejwe ubundi buryo. Iyo nyene gushingisha urubanza yigenjeje nk'uwutagishaka kurukurikirana bifatwa nk'uko yarufutishije.

Ingingo ya 103

Uwafutishije urubanza ntashobora kwisubirako iyo yasavye ko rufutwa canke iyo yigenjeje nk'uwutabinezwe.

Ingingo ya 104

Kugira ugufutisha urubanza kwemerwe, gutegerezwa kugirwa imbere y'uko urubanza rucibwa, kiretse iyo amategeko abitegekanya ukundi.

Ingingo ya 105

Iyo hitwaye abantu benshi ku caha kimwe, urubanza rw'icaha ntiruzimangana kiretse bose barufutishije.

IGICE CA V : IVYEREKEYE IKIGONGWE C'UMUKURU W'IGIHUGU

Ingingo ya 106

Ikigongwe c'Umukuru w'igihugu ni ingingo ifatwa n'Umukuru w'igihugu yo kurekurira uwahanywe ibihano vyose yaciriwe, canke igice cavyo, canke kubihindura mu bihano bito nk'uko bigenywe n'amategeko.

Ingingo ya 107

Ico kigongwe gishobora gutangwa ku bihano bikuru bikuru canke vy'imperekeza. Nticerekeye umunyororo w'agatsindikiro ucibwa kugira hatangwe amahadabu ; nticerekeye kandi amagarama, indishi, canke ingingo zifatwa kubera umutekano ariko atari ibihano vy'ivyaha.

Ingingo ya 108

Ibihano bishobora kugirigwa ikigongwe vyonyene, ni ibihano bigeze gukurikizwa kandi vyashinzwe n'urubanza ntabanduka.

Ingingo ya 109

Igihano c'umunyororo w'agateganyo ntigishobora kugirirwa ikigongwe n'Umukuru w'igihugu, kiretse ako gateganyo kahavuye.

Ingingo ya 110

Ikigongwe c'Umukuru w'igihugu gishobora gutangwa ataco nyene kukigirirwa ategetswe canke ategetswe kumara igihano gishinzwe n'iyi ngingo itanga ikigongwe.

Iyo iyo ngingo idakurikijwe, ico kigongwe gica gihanagurwa, igihano kigasubira gukurikizwa.

Muri ico gihe, uguta igihe kw'ikurikizwa ry'igihano kurabangira kuva umusi ico kigongwe kimenyeshwa gushika umusi gihanaguwe.

Ingingo ya 111

Ikigongwe c'Umukuru w'igihugu ntigihanagura ibihano vy'imperekeza bitamenyeshejwe mu ngingo itanga ico kigongwe, co kimwe n'inkurikizi z'igihano gikuru, nk'izerekeye kudahaha, gushirwa mu minwe y'ubutegetsi, gukurikiza igihano c'agateganyo mu gihe uwagiriwe ikigongwe asubiriye gukurikiranwa no kuvyerekeye ingingo z'urubanza rw'icaha zerekeye gusubiza ibintu benevyo no gutanga indishi.

Ingingo ya 112

Umushikirizamanza akukira sentare yashinze igihano canke y'aho uwahanywe aba canke y'aho apfungiwe, ni we atohoza ibishikirizwa n'uwusaba ikigongwe Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 113

Igihe cerekeye benshi, ikigongwe c'Umukuru w'igihugu gitangwa bishikirijwe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane ; iyo cerekeye umuntu umwe, gisabwa na nyene guhanwa canke uwo wese abikeneye amuserukira.

Ingingo ya 114

Itohozwa riheze, inzandiko zo gusaba ikigongwe zica zirungikirwa Umushikiranganji muvuyo ajejwe harimwo ubutungane, nawe agaca ashikiriza icegeranyo Umukuru w'igihugu kugira nawe afate ingingo abona ko ikwiye.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE KUREKURA IVY'AGATEGANYO UWAHANYWE ATARARANGIZA IGIHANO

Ingingo ya 115

Abahanywe bakaba bategerezwa gukurikiza igihano canke ibihano harimwo gupfungwa barashobora gufungurwa ivy'agateganyo batararangiza ivyo bihano igihe bamaze ica kane c'umunyororo baciriwe ariko igihe bamaze mu munyororo kikaba kirenza amezi atatu.

Abaciriwe umunyororo wo gupfungwa ubuzima bwose barashobora kurekurwa ivy'agateganyo iyo igihe bamaze bapfungwe kirenza imyaka cumi.

Ikiringo co gupfungwa gitegekaniywe n'utwo turongo tubiri twanyuma tw'iyi ngingo kirashobora kugabanywa mu gihe biboneka ko kibaye kirekire gishobora kugira ingaruka mbi ku buzima bw'umunyororo.

Ingingo ya 116

Abahaniwe ivyaha bitegekaniywe mu ngingo ya 295 canke iya 298 z'iki gitabu zerekeye kunyuruza itunga ry'igihugu canke kurya ibiturire, ntibashobora kurekurwa ivy'agateganyo batabanje gusubiza amafaranga baronse kubera ivyo vyaha.

Ingingo ya 117

Ukurekurwa ivy'agateganyo gushobora, umwanya uwariwo wose, guhanagurwa kubera ukwigenza nabi canke ukurenga ku vyategetswe mu ngingo irekura uwahanywe.

Ingingo ya 118

Nyene kurekurwa ivy'agateganyo ntasubira gupfungwa iyo atigeze asubizwa mu munyororo hatarahera ikiringo kingana incuro kabiri ico yari asigaje kumara mu munyororo kuva umusi arekurwa.

Ingingo ya 119

Umushikiranganji muvyo ajejwe harimwo ubutungane niwe apfungura ivy'agateganyo uwahanywe atararangiza igihano, amaze kuronka icyumviro c'umushikirizamanza n'ico Umukuru w'ibohero. Niwe kandi ahanagura iyo ngingo amaze gushikirizwa icyumviro n'umushikirizamanza.

Ingingo ihanagura ukurekurwa ivy'agateganyo ni yo ituma uwari yarekuwe asubizwa mu munyororo kugira arangize ikiringo co gupfungwa yari ashigaje umusi yarekurwa.

Ingingo ya 120

Umushikirizamanza kizigenza wa Repubulika canke umwe mu vyariho vyawe arashobora kuba arahagaritse uwari yarekuwe ivy'agateganyo ariko agaca abimenyesha ubutarariye Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane

Ingingo ya 121

Uguta igihe kw'ikurikizwa ry'ibihano ntikubandanya mu gihe uwahanywe acidegemvya kubera ko ingingo imurekura itarahanagurwa.

Ingingo ya 122

Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo Ubutungane ni we ashinga ukugene abanyororo bashobora kurekurwa ivy'agateganyo, ivyo bategerezwa kurangura n'uburyo bacungerwa bari hanze.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE IKIGONGWE GITANGWA N'IBWIRIZWA

Ingingo ya 123

Ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa ni ingingo ifatwa n'urwego nshingamateka ibuza gukurikirana canke kubandanya gukurikirana ivyaha ikongera igahanagura ibihano vyaciwe.

Ingingo ya 124

Ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa mu bisanzwe cerekeye ivyaha vyose, ariko kirashobora kwerekera imirwi imwe imwe y'ivyaha.

Ingingo ya 125

Ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa gikurikizwa mu gihugu cose, abo cerekeye baca bakironka batavyiteguriye kandi ntibashobora kucanka.

Ingingo ya 126

Ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa hari aho gihanagura ivyaha bimwe bimwe bigenywe hatarinze kwihwezwa igihano caciwe, ahandi naho kikisunga urugero rw'ibihano vyaciwe gusa.

Ingingo ya 127

Amasentare na cane cane sentare yashinze igihano ni yo afise ububasha bwo gutomora amategeko yerekeye ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa.

Ariko urwego nshingamategeko rurashobora kugena umurwi wihweza amatati ashobora guturuka ku nsiguro y'itegeko ry'ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 128

Ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa kirazimanganya urubanza rw'icaha, kirahanagura canke kikagabanya igihano cose cerekeye icaha ariko kikagumizaho ingingo zose ziterekeye ibihano vy'ivyaha. Ico kigongwe ntigishobora kwankiriza Leta canke abandi bantu muvyo bafitiye uburenganzira. Amahadabu n'amagarama amaze kurihwa aguma mw'isandugu ya Leta.

IGICE CA VIII : IVYEREKEYE IKIGONGWE C'UMUKURU W'IGIHUGU GIFATIYE KU KIGONGWE CATANZWE N'IBWIRIZWA.

Ingingo ya 129

Ikigongwe c'Umukuru w'igihugu kirimwo ikigongwe gitanzwe n'ibwirizwa ni iteraniro ry'ikigongwe c'Umukuru w'igihugu n'ico ibwirizwa, urwego rushinga amategeko rwisunga kugira ngo ntihagire uwurenganywa mu vyerekeye ishirwa mu ngiro ry'ikigongwe gitangwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 130

Urwego rushinga amategeko nirwo rwerekana mw'ibwirizwa ritanga ikigongwe ivyaha ico kigongwe cerekeye, ariko Umukuru w'igihugu ni we yitorera mubagirizwa ivyo vyaha abagirirwa ico kigongwe.

Ingingo ya 131

Ikigongwe c'Umukuru w'igihugu kirimwo ikigongwe gitanzwe n'ibwirizwa kirahanagura canke kikagabanya ibihano vy'ivyaha, kikagumizaho izindi nkurikizi z'urubanza rw'icaha canke z'igihano nkuko bitegekanywa mu ngingo y'128.

IGICE CA IX : IVYEREKEYE GUSUBIZWA AMATEKA

Ingingo ya 132

Ugusubizwa amateka ni ingingo ifatwa n'urwego rw'ama- sentare isubiza uwaciriwe igihano amateka yatakaje kandi igahagarika muri kazoza inkurikizi z'igihano ataco vyononeye abandi muvyo bafitiye uburenganzira.

Ingingo ya 133

Uwo wese yaciriwe igihano ku caha yakoreye mu Burundi arashobora gusubizwa amateka.

Ingingo ya 134

Ugusubizwa amateka kwisunga ibi bikurikira:

1°) igihano c'ihadabu canke co gupfungwa gitegerezwa kuba carakwirikijwe canke caragiriwe ikigongwe n'Umukuru w'igihugu canke kimeze nk'ikitigeze kibaho hakwirikijwe ko uwahanywe yaciriwe umunyororo w'agateganyo ;

2°) hategerezwa kuba haheze ikiringo c'imyaka itanu kuva umusi urubanza rubaye ntabanduka kuwahanishijwe ihadabu ; kuwahanishijwe igihano co gupfungwa nawe, ico kiringo giharurwa kuva umusi arekurwa amaze igihano canke kuva umusi arekurwa vy'agateganyo iyo atasubijwe mu munyororo ;

Ico kiringo kiba ico imyaka cumi ku ntahaha no kuri uwo ikurikizwa ry'igihano ciwe ryataye igihe;

3°) muri ico kiringo, uwahanywe ategerezwa kuba yigenjeje neza kandi akaba ahantu hazwi ;

4°) uwahanywe ategerezwa kuba atari bwigere asubizwa amateka ;

5°) kiretse igihe gukurikiza ibihano kwataye igihe, uwahanywe ategerezwa kwerekana ko yarishe amagarama, ihadabu n'ibindi, niyaba yarahombye ategerezwa kwerekana ko yarishe abo yari aheranye canke bamuhebeye, atari aho naho akerekana ko yapfunzwe umunyororo w'agatsindikiro canke ko Leta canke abakorewe icaha batamusabiye uwo munyororo ;

Ariko, iyo uwahanywe yerekanye ko ataburyo na bumwe afise bwo kuriha amafaranga yaciriwe afise, arashobora gusubizwa amateka naho atoba yararishe ivyo yaciriwe canke yarishe igice.

Ingingo ya 135

Iyo uwakorewe icaha adashobora kuboneka canke iyo yanse kwakira amafaranga yaciriwe kuronka, ayo mafaranga ashingurwa mw'isandugu ry'igihugu.

Iyo atabonetse mu kiringo c'imyaka itanu, ngo ayasubizwe, ayo mafaranga aca yegukira ikigega ca Leta bishinzwe n'umucamanza yaciye ico gihano.

Ingingo ya 136

Uwahanywe ashaka gusubizwa amateka abisaba umushikirizamanza w'aho aba. Mu kubisaba aramenyesha igenekerezo yaciriwe ko urubanza n'aho yagiye araba kuva apfunguwe. Umushikirizamanza aca agira itohoza ry'ingene uwahanywe yigenza. Arasaba iyimuriro ry'urubanza rwamucira igihano, urwandiko ruvuye mu gitabu candikwamwo abanyororo c'aho yapfungiwe cerekana ingene yigenza hamwe n'urwandiko rwerekana ivyaha amaze guhanirwa. Aca arungikira izo nzandiko umushikirizamanza mukuru akukira Sentare Nkuru Isubiramwo ziherekejwe n'iciyumviro ciwe.

Ingingo ya 137

Umushikirizamanza mukuru ni we ashinga urubanza imbere ya Sentare nayo ikaruca mu kiringo c'amezi abiri, uwo vyerekeye canke uwumuburanira yumvirijwe canke yarengukishijwe nk'uko amategeko abitegekanya.

Ingingo ya 138

Igihe ivyasabwe bitemewe, uwankiwe ntashobora gusubira kubisaba hadaciye ikiringo c'imyaka ibiri, kiretse iyo uko kuvyanka kwatumwe n'uko ikiringo co kumwihweza kitari bwakwire ; muri ico gihe arashobora gusubira kubisaba iyo ico gihe giheze.

Ingingo ya 139

Ugusubizwa amateka guca gufutwa iyo mu kiringo c'imyaka itanu uwasubijwe amateka akoze icaha gihanishwa umunyororo w'imyaka itanu canke irenga kandi akagipfungirwa ; kubera ivyo, umushikirizamanza akukira sentare yaciye igihano co gupfungwa ategerezwa kubimenyesha Umushikirizamanza mukuru, uwo nawe agashinga urubanza muri Sentare Nkuru Isubiramwo kugira ngo yemeze ko ugusubizwa amateka guhanaguwe, uwo vyerekeye canke uwumuburanira barengukishijwe nk'uko amategeko abivuga.

Igihe ugusubizwa amateka guhanaguwe, gufatwa nk'uko kutigeze kuba.

Ingingo ya 140

Uwasavye gusubizwa amateka ni we ariha amafaranga avyerekeye .

**IGITABU CA KABIRI
IVYEREKEYE IVYAHA N'INGENE KIMWE KIMWE GIHANWA.**

**IKIGABANE CA I
IVYEREKEYE IVYAHA BIKORERWA ABANTU**

**IGICE CA I : IVYEREKEYE ICAHA C'UKWICA UMUNTU, UGUKUBITA
N'UGUKOMERETSA UMUNTU N'IMPAKA.**

Agace ka 1 : Ivyerekeye icaha c'ukwica umuntu

Ingingo ya 141

Uwishe canke uwakomerekeje umuntu kanaka canke uwo bahuye wese, afise agatima ko kumugirira nabi, naho ako gatima koba gafise ibituma canke imvo gaturukako, naho nyene kwica yoba yihenze akica uwo atashaka kwica, bifatwa ko vyagizwe n'impaka.

Ingingo ya 142

Ukwica umuntu n'impaka, vyitwa ubwicanyi. Ico caha gihanishwa gupfungwa ubuzima bwose canke igihano co gupfa.

Ingingo ya 143

Uwishe se, nyina canke abandi akomokako bemewe n'amategeko aba akoze icaha co kwica umuvyeyi, co kimwe n'uwishe se na nyina b'amaraso. Ico caha gihanishwa igihano co gupfa.

Ico gihano nyene co gupfa ni co gihanishwa uwishe abana biwe, abo bavukana bemewe n'amategeko canke b'amaraso.

Icaha co kwica uruyoya gikozwe na se canke na nyina bemewe n'amategeko canke b'amaraso, ni ukwikora mu nda. Ico caha gihanishwa ugupfungwa ubuzima bwose.

Ingingo ya 144

Ukwica umuntu n'impaka vyitegurirwe, ni ubwicanyi bw'agahomerabunwa. Ico caha gihanishwa igihano co gupfa.

Ukwitegurira kwica gutegekanijwe mu ngingo ya 141 kubaho igihe agatima ko kwica kaziriranga imbere yo gukora ico caha.

Ingingo ya 145

Abo bose, mu gukora ivyaha bitegekanijwe muri aka gace, bishe abantu babanje kubakorera amabi yose ashoboka canke babishe bunyamaswa, bahanishwa igihano co gupfa.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ugukubita n'ugukomeretsa umuntu n'impaka.

Ingingo ya 146

Uwo wese akomerekeje canke akubise uwundi n'impaka, ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani ugashika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Igihe yavyiteguriye, uwagiriye ivyo vyaha ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri, n'ihadabu riva ku mafaranga amajana abiri gushika ku mafaranga ibihumbi bibiri.

Ingingo ya 147

Iyo ugukubitwa canke ugukomeretswa vyandurutsemwo ingwara canke ubumuga butuma uwakorewe ivyo vyaha ataco agishobora kwimarira, canke iyo vyatumye igihimba c'umubiri ataco agishobora kugikoresha canke carononekaye cane kigacika, uwakoze ivyo vyaha ahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka itanu n'ihadabu ridashobora kurenga amafaranga ibihumbi cumi.

Ingingo ya 148

Igihano co gupfungwa gitegekanijwe n'ingingo ya 146 n'iya 147 gishobora kugwizwa na kabiri, igihe uwagiriye ivyo vyaha, yakubise canke yakomerekeje uwo akomokako canke umwana atarakwiza imyaka cumi n'itatu y'amavuka.

Ingingo ya 149

Uwo wese ajejaguye abishaka umubiri w'umuntu, igihimba canke ibihimba vyawo, canke agatuma ico gihimba kidasubira kurangura ico cagenewe, canke yatumye umuntu ataco asubira kwimarira, canke akaba yahanduriye ubumuga n'ingwara yo mu mutwe bidakira, canke akaba yamwononye nabi ku buryo atawugisubira kumumenya, ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi n'ihadabu ridashobora kurenga amafaranga ibihumbi mirongo itanu.

Ingingo ya 150

Igihe uwakubiswe canke uwakomerekejwe n'impaka apfuye, ariko uwakoze ivyo vyaha atashaka kumwica, uwo vyagiriye ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu ridashobora kurenga amafaranga ibihumbi cumi.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ugutanga ishano.

Ingingo ya 151

Ukwica umuntu mu kumuha ibintu bishobora kumwica ata mwanya uhaciye uko ivyo bintu biba vyakoreshejwe canke vyatanzwe kwose n'icaha co gutanga ishano. Ico caha gihanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 152

Uwo wese atanze n'impaka ibintu bishobora kwica umuntu canke, naho bitomwica, bikamusinzikariza amagara, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Agace ka 4: Ivyerekeye gusinda mu buryo ubwo aribwo bwose.

Ingingo ya 153

Abasindira abantu canke babababaza buhoro buhoro n'impaka ariko ntihagire uwo baba bakomerekeje canke bakubise, ivyo bikaba vyerekeye cane cane abashiburiye ku bandi n'impaka ikintu ico arico cose gishobora kubatera ubuyega canke kubacafuza, ariko batashaka kubartyoza, bahanishwa umunyororo w'imisi itarenga indwi n'ihadabu ry'amafaranga igihumbi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA II : IVYEREKEYE KWICA, GUKUBITA NO GUKOMERETSA UMUNTU UTABIGONEYE.

Agace ka 1 : Ivyerekeye ukwica umuntu utabigoneye.

Ingingo ya 154

Uwisha umuntu kubera ugusamara canke kutitwararika, ariko atashaka ko bimushikira, yagira icaha co kwica ata bigirankana.

Ingingo ya 155

Uwo wese yishe umuntu ata bigirankana, ahanishwa igihano c'umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku bihumbi cumi.

Agace ka 2 : gukubita no gukomeretsa utabigoneye

Ingingo ya 156

Iyo ugusamara canke kutitwararika vyatumye uwakorewe icaha avyimbirwa canke akomereka, uwagiriye icaha ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe ugashika ku mwaka n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 157

Uwahaye umuntu ibintu bishobora kumwica canke kumusinzikariza cane amagara akavyanduramwo indwara canke ubumuga bumutuma ataco asubira kwimarira ariko atabishaka, ahanishwa ivyo bihano nyene canke kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 158

Abashiburiye ku muntu ikintu icyo arico cose gishobora ku mutera ubuyega canke kikamucafuza bivuye kugusamara, bahanishwa umunyoro utarenza imisi ibiri canke ihadabu ry'amafaranga igihumbi.

IGICE CA III . IVYEREKEYE GUKOresha IMIHAMURO IFATIYE KU BINTAZI N'AYANDI MABI AKORERWA IKIREMWA MUNTU

Agace ka 1 : Ivyerekeye gukoresha imihamuro ifatiye ku bintazi .

Ingingo ya 159

Abakoresha umuhamuro uwo ariwo wose utuma umuntu yemera kugushaka kwiwe canke ku gahato gukora ibintu bimusinzikariza amagara canke biyumvira ko bishobora kuyasinzikaza, kugira ngo bamenye uwo begeka ko inabi yabashikiye canke kugira ngo bahinyuze ibindi boba biyumvira baravye inkwirikizi z'ivyo bamutegetse gukora, bahanishwa umunyoro uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga amajana atanu gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo uwo muhamuro utumye umuntu yandura indwara canke ubumuga butuma ataco asubira kwimarira canke ugatuma adasubira gukoresha namba igihimba c'umubiri canke kigacika, abakoze icyo caha bahanishwa umunyoro uva ku mezi atandatu gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Bahanishwa igihano cyo gupfa icyo uwo muhamuro watumye umuntu apfa.

Ingingo ya 160

Abakoze icyaha cyo gukoresha imihamuro gitegekanywe mu ngingo ya 159 canke ababafashije ni abo babigizemwo uruhara nk'uko bitegekanywe mu ngingo ya 67 n'ya 68 z'iki gitabu.

Abandi bafatwa ko bakoze icyaha canke ko bafashije ni abo batumye n'ibigirankana mu buryo ubwo aribwo bwose haba icyumviro cyo kubisaba, kubitegeka canke kubikora.

Umuntu yemeye gukorera icyo muhamuro imusinzikariza amagara ntatwafatwa ko yakozwe icyaha canke ko yafashije abagikoze.

Ingingo ya 161

Igihe umuhamuro, uba icyaha canke utakiba, ariwo watumye icyaha gikorwa abawugizemwo uruhara bahanwa nk'abafashije mu icyaha cawanduritse kiretse berekanye ko batashoboye kumenya ko gikorwa.

Icaha candurutse ku muhamuro ntigukurikiranwa iyo ari ico ubusuma canke ico kugumya abantu ariko badakubaguwe canke ikindi caha kidakomeye nk'ivyo.

Ingingo ya 162

Abafatwa ko bagize uruhara mu muhamuro utari icaha nk'uko gitegekanijwe mu ngingo ya 161, ni abo bafashije mu kuwukora nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 67 n'ya 68 z'iki gitabu c'amategeko hamwe n'abo mu buryo ubwo ari bwo bwose batumye n'ibigirankana haba icyumviro co gusaba, gutegeka canke gukora uwo muhamuro.

Agace ka 2 : Ivyerekeye kujejagura ikiziga

Ingingo ya 163

Uwo wese ajejaguye n'ububisha bwinshi ikiziga c'umuntu, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 164

Uwo wese asatse afise agatima ko gukora icaha umuntu yataye ubwenge canke asanze yapfuye, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Agace ka 3 : Ivyerekeye kurya abantu

Ingingo ya 165

Uwo wese yatumye canke yateguye kurya abantu, yabigize mwo uruhara canke yafatanywe inyama z'umuntu zagenewe kuribwa ahanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 166

Idini ry'icaduka iryo ariryo ryose, umuhari ufatiye kw'idini uwo ariwo wose canke uwundi muhari ufise intumbero y'ugusinzikaza ubuzima bw'ikiremwa muntu birabujijwe iyo Republika y'Uburundi iva ikagera.

Uwo wese afashwe ari muri iryo dini canke uwo muhari canke arenze mu buryo ubwo aribwo bwose ibitegekanijwe muri iyi ngingo ahanishwa umunyororo w'impaga uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri.

Agace ka 4 :Ivyerekeye ingwano y'abantu babiri bapfa ubugabo

Ingingo ya 167

Gusomborotsa ingwano hagati y'abantu babiri bihanwa n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitatu.

Ingingo ya 168

Uwusomborokeye ingwano y'abantu babiri mu gutangura gutukana mu buryo ubwo aribwo bwose ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu.

Ingingo ya 169

Uwurwanye n'uwundi bapfa ubugabo ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitatu gushika ku mafaranga ibihumbi cumi na bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 170

Uwishe uwo bariko bararwana bapfa ubugabo ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE KUBUZA ABANTU KWISHIRA NO KWIZANA NO KUMENA URUGO RWA MURUNDI

Agace ka 1 : Ivyerekeye kunyuruza abantu

Ingingo ya 171

Uwo wese akoresheje inguvu, urwenge canke iterabwoba yanyuruje canke yatumye banyuruza, yafashe canke yatumye bafata, yapfunze canke yapfungishije umuntu uwo ariwe wese ata mvo ahanishwa umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka itanu.

Iyo gufata canke kunyuruza umuntu vyagizwe haba mu gukoresha umwambaro canke ikimenyetso vy'akazi canke bimeze nkavyo haba mu gukoresha izina ritari ryo canke ububasha butari bwo, igihano gitangwa ni ico umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi.

Ico gihano kiratangwa kandi iyo ugufata canke ukunyuruza umuntu vyabaye hakoreshejwe icuma co kwiyunguruza kigendeshwa n'imoteri canke iyo uwafashwe canke uwanyurujwe bamukangishije kumwica.

Igihe uwanyurujwe, uwafashwe canke uwapfunzwe bakorewe amabi yo ku mubiri yose ashoboka, uwagiriye icaha ahanishwa umunyororo uva ku myaka cumi gushika ku myaka mirongo ibiri.

Iyo ayo mabi yatumye uwayakorewe apfa, uwagiriye icaha ahanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwose canke co gupfa.

Iyo uwanyurujwe, uwafashwe canke uwapfunzwe yategetswe gutanga amafaranga canke ikindi kintu kugira yigombore, uwagiriye icaha ahanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwose canke co gupfa.

Ingingo ya 172

Uwo wese yanyuruje canke yatumye banyuruza, yafashe canke yafatishije, yapfunze canke yapfungishije abantu abo aribo bose kugira ngo abaguritse nk'abaja canke uwatanze abantu ajejwe muri iyo ntumbero nyene, ahanishwa ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 171 kandi hisunzwe ingene bitandukanijwe muri iyo ngingo nyene.

Agace ka 2 : Ivyerekeye kumena urugo rwa murundi.

Ingingo ya 173

Uwo wese, atabirekuriwe n'ubutegetsu kandi ntihabe mu bihe amategeko arekura kwinjira mu nzu z'abantu batabishaka, yiyinjije mu nzu, mu cumba canke mu buraro bw'uwundi canke ibibanza bifatanye n'aho hantu haba mu kugira iterabwoba kuri banyeneho canke akoresheje inguvu haba mu kumena, kwurira canke mu gukoresha impfunguruzo zitari zo ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku myaka ibiri n'ihadabu ritarenga amafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 174

Uwo wese, kiretse ibituma bitegekanijwe mu ngingo ya 173, yinjijye mu nzu y'umuntu kandi nyene yo atabishaka, mu cumba, mu ndaro, mu gasago, mu buraro canke ibibanza bifatanye n'aho kandi bizitiye, ahanishwa umunyororo utarenza ukwezi n'ihadabu y'amafaranga ibihumbi bitatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA V : IVYEREKEYE KUTUBAHA AMABANGA ARI MU MAKETE.

Ingingo ya 175

Uwo wese kiretse iyo birekuwe n'amategeko yuguruye canke atabuye amakete, amakarata aca mu maposita canke ibindi bintu vyacishijwe mw'iposita canke yategetse canke yafashije kwugurura canke gutabura ayo makete, ayo makarata canke ivyo bintu, ahanishwa ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi cumi ku caha kimwe kimwe. Iryo hadabu rirashobora kuduzwa gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri iyo ikete canke ikintu carungitswe cacishijwe mw'iposita nayo igatanga urwandiko rwemeza ko yakibonye canke cakingiwe impanuka canke iyo carimwo ibintu vy'agaciro.

Kiretse ihadabu, uwakoze ico caha ashobora guhanishwa umunyororo utarenza amezi atandatu iyo yari asanzwe ari umukozi wa posita canke yatumwe nayo.

Ingingo ya 176

Umukozi wese w'amaposita canke umuntu wese yatumwe na posita kiretse igihe amategeko abimutegeka, avuze ko ikete rinaka ririho canke avuze ikiri muri ryo canke ivyanditse kw'ikarata yacishijwe mw'iposita canke ikindi kintu cose cacishijwe mw'iposita, ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atandatu n'ihadabu

ridashobora kurenga amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE KUMENA AMABANGA Y'AKAZI.

Ingingo ya 177

Abantu bashikirizwa amabanga kubera ico bari canke imirimo bajejwe, kiretse iyo bahamagawe gusura muri sentare n'iyi amategeko abategeka kumenyesha ayo mabanga, iyo bayararaje bahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe ugashika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE GUTYOZA NO GUTUKANA.

Agace ka 1 : Ivyerekeye gutyozza

Ingingo ya 178

Uwo wese aremetse ku wundi ikintu gishobora kumutesha iteka canke agaciro canke kigatuma akengerwa akaba yabigiranye umutima mubi kandi ku mugaragaro, ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mwaka n'ihadabu riva ku mafaranga amajana atanu gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo ugutyozza umukozi wa Leta gutukishije ubutegetsu, ubwo nabwo bushobora kwitwara busaba indishi, kandi bugasaba ko urubanza rwaciwe rutangazwa mu binyamakuru, amafaranga avyerekeye agatangwa n'uwahanywe.

Agace ka 2 : Ivyerekeye gutukana

Ingingo ya 179

Uwo wese atutse umuntu ku mugaragaro ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani ugashika ku mezi abiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Agace ka 3 : Ivyerekeye akankanzi gafatiye ku bwoko

Ingingo ya 180

Uwo wese yerekanye akankanzi canke urwanko rufatiye ku rukoba canke ku bwoko canke akoze ikintu gishobora guserura ako kankanzi canke urwo rwanko, ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka n'ihadabu ritarenga amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Agace ka 4 : Ivyerekeye kudendereza umuntu

Ingingo ya 181

Ahanishwa umunyororo utarenza imyaka itanu n'ihadabu ry'ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

-uwo wese abicishije mu rwandiko canke akabivuga ku munwa, ashikirije ibirego vy'ikinyoma uwujewe gukurikirana ivyaha canke umukozi wa Leta ategerejwe kubimenyesha uwo ajejwe kubikurikirana ;

-uwo wese, abicishije mu rwandiko canke akabivuga ku munwa, adodobereje umuntu kuri shebuja.

Ingingo ya 182

Uwututse umuntu mu bundi buryo atari ubutegekanijwe mu ngingo zihejeje kuvugwa muri iki gice ahanishwa umunyororo w'imisi umunani n'ihadabu ritarenga amafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 183

Uwo wese, yikitse k'ukwemera ibintazi kw'abanyagihugu, yegetse ku muntu ariko ataco abikuyeko ivyakozwe canke ivyashitse biba ivy'ukuri canke ivyo yiyumviriye, azi neza ko ivyo amwegetseko vyotuma uwundi muntu akora icaha, afatwa nk'uwafashije muri ico caha yatumye gikorwa.

IKIGABANE CA II IVYEREKEYE IVYAHA VYO KUDASONERA AMATUNGO Y'ABANDI.

IGICE CA I : IVYEREKEYE UBUSUMA NO KWAMBURA ABANTU KU NGUVU IVYO BAFISE

Agace ka 1 : Ivyerekeye ubusuma busanzwe

Ingingo ya 184

Uwo ariwe wese atwaye mu mpisho ikintu kitari rwiwe atagihawe na nyene co yagira ubusuma.

Ingingo ya 185

Iyo ata nyongerezakibi n'imwe ihari mu zategekanijwe n'ingingo ya 186 ikurikira, ubusuma buhanishwa umunyororo utarenza imyaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi rigashika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ubusuma burimwo inyongerezakibi.

Ingingo ya 186

Igihano co gupfungwa kirashobora gushikana imyaka cumi y'umunyororo iyo ubusuma bukozwe muri ubu buryo :

1°) iyo ubusuma bubaye mw'ijoro mu nzu ibamwo abantu canke yagenewe kubamwo abantu, canke ahafatanye n'aho ;

2°) iyo ubusuma bukozwe n'akarwi k'abantu babiri canke barenga ;

3°) iyo umusuma canke abasuma bivuye babanje kumena, kwurira canke bakoresheje impfunguruzo zitari zo ;

4°) iyo umusuma canke abasuma mu kwiba biyise abakozi ba Leta canke bitwaje ibiranga abakozi ba Leta canke bakavuga ko batumwe n'ubutegetsu ;

5°) iyo mu kwiba hakoreshejwe igikenye canke iterabwoba ;

6°) iyo umusuma canke abasuma bakoresheje icuma kibunguruza kigendeshwa n'imoteri kugira ngo biborohere kwiba canke guhunga ;

7°) iyo umusuma canke abasuma bitwaje ikigwanisho ;

8°) iyo ubusuma bukozwe n'umukozi wa Leta yishimikije amabanga ajejwe ;

9°) iyo ari ubusuma bw'inka ;

10°) iyo ari ubusuma bwo mu mirima ;

11°) iyo ubusuma bukozwe n'umuntu asanzwe akora mu nzu yivyemwo .

Igihano co gupfungwa gishikana imyaka mirongo ibiri y'umunyororo iyo ubusuma bukozwe mu buryo butari munsu ya bubiri muri ubu butegekanijwe n'iyi ngingo.

Igihano kiba ico gupfungwa ubuzima bwose canke ico gupfa iyo ubusuma bukozwe mu buryo butari munsu ya butatu mu butegekanijwe n'iyi ngingo harimwo bubiri butegekanijwe mu turongo twa 2° na 7°, twa 6° na 7°.

Ingingo ya 187

Uwo wese yakoresheje igikenye mu kwiba bigatuma uwibwe ahandurira ubumuga budakira canke ntihagire ico asubira kwimarira mu kiringo kirenga amezi atatu, ahanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwose.

Iyo ubwo bumuga canke ukwo kudashobora kwimarira ikintu na kimwe vyatewe n'uko hakoreshejwe ikigwanisho, uwagiriye ico caha ashobora guhanishwa igihano co gupfa.

Agace ka 3 : Ivyerekeye kunyuruza ibintu vyafashwe biciye mu mategeko.

Ingingo ya 188

Uwafatiwe ibintu akabinyuruza canke abandi bantu banyuruje ivyo bintu vyafashwe bahabwa ibihano bitegekanirijwe ubusuma.

Agace ka 4 : Ivyerekeye kwambura abantu ku nguvu ivyo bafise.

Ingingo ya 189

Uwambuye umuntu akoresheje igikenye canke iterabwoba yaba amafaranga, ibintu vy'agaciro, ibintu vyimuka, inzandiko zemeza amadeni afitiwe n'amashirahamwe canke n'abandi bantu, inzandiko zemeza ibintu yemerewe, inzandiko zemeza ivyo yarishe, canke yambuye umuntu mu kumuteza igikumu canke mu kumwaka urwandiko urwo arirwo rwose rwemeza ko aheranye, atanze canke ataco agiheraniwe ahanishwa umunyororo w'imyaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Agace ka 5 : Ivyerekeye kwica umuntu kugira ngo vyorohe kwiba canke kumwambura ivyo afise canke kugira ngo ivyo vyaha ntibihanwe.

Ingingo ya 190

Ukwica umuntu kugira ngo vyorohe kwiba canke kumwambura ivyo afise canke kugira ngo ivyo vyaha ntibihanwe guhanishwa igihano co gupfa.

Agace ka 6 : Ivyerekeye insiguro y'amajambo akoreshwa muri iki kigabane

1 : Ubusuma bw'ijoro

Ingingo ya 191

Ubusuma bw'ijoro ni ubukozwe mu mwanya uri hagati y'igihe izuba rirenze n'igihe riserutse.

2 : Inzu ibamwo abantu

Ingingo ya 192

Inyubakwa nini iyo ariyo yose, inzu y'icumba iyo ariyo yose, uburaro ubwo aribwo bwose, akugamo ako ariko kose, agasago ako ariko kose n'aho koba ari agashobora kwimurwa canke aho hose haba abantu kimwe kimwe gifatwa nk'inzu ibamwo abantu.

3 : Ibibanza bifatanye n'inzu ibamwo abantu.

Ingingo ya 193

Imbuga, ibirutu, imirima yo hagati mu rugo n'ibindi bibanza bizitiye hamwe n'ibigega, impongore z'ibitungwa n'izindi nyubakwa zose ziri mu rugo bakoresha ico arico cose naho nyene zoba zigize ikigo kiri mu rugo rukuru vyitwa ko ari ibibanza bifatanye n'inzu ibamwo abantu.

Ingingo ya 194

Amararo y'ibitungwa ukwo yubatswe kwose afatwa ko afatanye n'inzu ibamwo abantu mu gihe yubatswe kw'itongo rimwe yegeeranye n'udusago dushobora kwimurwa canke ubundi bwugamo bw'abungere.

4 : *Ibirwanisho.*

Ingingo ya 195

Ivyuma vyose, ibikoresho vyose, harimwo n'ivyo guteka canke ibindi bintu bikarishe, bisongoye canke ibihiri bikoreshwa mu kwica, mu gukomeretsa canke mu gukubita naho vyoba bitakoreshejwe biri mu murwi w'"ibirwanisho"

5 : *Igikenye n'iterabwoba*

Ingingo ya 196

Ku bw'amategeko " igikenye " ni ukuvuga guhatira umuntu gukora ikintu. Ku bw'amategeko, " iterabwoba " ni ukuvuga uburyo bwose bwo kugobera umuntu gukora ikintu mu kumukangisha inabi ishobora kumushikira muri uwo mwanya.

6 : *Kumena*

Ingingo ya 197

Kumena bivuga kunyiginyura, kuvuna, kwonona, gusambura canke gukura inzitiro izo arizo zose zaba iz'inyuma canke iz'imbere y'inzu, inyubakwa iyo ariyo yose canke ibibanza bifatanye nayo, ubwato, igitwara ibintu ku ndarayi, imodokari ntoyi ;

Kumena bisigura kandi kunyiginyura ububati canke ibikoresho vyugaye bigenewe kuguma mu kibanza kimwe no gushingura neza ibintu birimwo.

Ingingo ya 198

Gutwara ivyo bikoresho vyo gushinguramwo vyadondagawe mu ngingo ya 197 no kwiba ubanje kumena ibimenyetso vyashizwe ku vyafashwe bifatwa nk'ubusuma bwabaye babanje kumena.

7 : *Kwurira.*

Ingingo ya 199

Ukwinjira mu mazu, mu ngo, mu birutu, mu nyubakwa izo arizo zose, mu mirima iri hagati mu rugo, mu mararo, mu ruzitiro, uciye hejuru y'impome, y'inzugi, y'ibisenge canke y'uruzitiro urwo arirwo rwose ; kwinjira uciye mu kuzimu hadasanzwe hagenewe ubwinjiriro vyitwa " kwurira ".

8 : Impfunguruzo zitarizo

Ingingo ya 200

Ivyuma vyo kunyiginyura no gukorogoshora imiryango, impfunguruzo zugurura hose, iziganywe, izakozwe canke zahondaguwe zitwa " impfunguruzo zitari zo " ;

Impfunguruzo zitagenewe na nyene inzu, nyene gupanga, nyene guha indaro ingenzi, kwugurura aho zakoreshejwe, amagufuri canke ahugarwa aho ariho hose uwagiriye icaha yazikoresheje ;

Impfunguruzo zatakaye canke zibwe zakoreshejwe mu gukora icaha c'ubusuma, izo zose zifatwa ko ari impfunguruzo zitari zo ;

Ariko, gukoresha impfunguruzo zitari zo si inyongerezakibi kiretse iyo zikoreshejwe mu kwugurura ibintu, ukumenwa kwavyo kwari gutuma igihano congerekana.

Ingingo ya 201

Uwo wese acuze canke ahondaguye impfunguruzo z'uwundi nyenezo atabizi ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo uwagiriye ico caha yari asanzwe afise umwuga wo gucura impfunguruzo ahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IVYAHA VY'UKUNYURUZA IBINTU VY'ABANDI BICIYE M'UBUBESHI N'AMAGENDU

Agace ka 1 : Ivyerekeye icaha co guhomba biturutse ku makosa y'umudandaza

Ingingo ya 202

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe, gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu, umudandaza sentare yemeje ko yahomvye ariko abigize mu mpisho :

1°) anyuruje canke anyegeje igice c'umutahe canke yishize ko amadeni y'amafaranga adaheranye;

2°) anyegeje ibitabu vyawe vy'urudandazwa canke akuyemwo, ahanaguye canke ahinduye ivyanditswe mwo ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu.

Ingingo ya 203

Umudandaza sentare yemeje ko yahomvye ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku mwaka n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu mu gihe :

1°) arishe umwe mu baheraniwe bose kandi atagifise uburenganzira bwo kuriha ;

2°) akoresheje amafaranga y'umurenge mu kwikenura canke mu gukenura umuryango wiwe.

3°) akoresheje amafaranga y'ikirenga mu nkino, mu kamari canke mu bindi bikorwa bitagaragara.

4°) aranguye ibintu kugira ngo abidandanze ku giciro kirengeye ikihasanzwe, afashe amadeni, atanze inzandiko zifise agaciro k'amafaranga n'ubundi buryo bwose busesaguza bwo kurondera amafaranga ivyo vyose akabigira mu ntumbero yo gutevya ko hemezwa ko yahomvye ;

5°) yitwaje ko hari amafaranga yakoreshejwe canke yatakaye atari vyo canke aterekanye umutahe wari uhari canke ikoreshwa ryawo kuva hagirwa icegeranyo giheruka ntiyerekane kandi amafaranga, ibidandazwa, ibikoresho n'izindi nzandiko zifise agaciro k'amafaranga izo arizo zose yaronse mu nyuma.

Ingingo ya 204

Ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 203 bishobora guhabwa kandi umudandaza sentare yemeje ko yahomvye :

1°) atakoresheje ibitabu vyuzuzwamwo ivyerekeye urudandazwa canke atagize ivyegeranyo vy'urudandazwa bitegekanijwe n'amabwirizwa n'amategeko ;

2°) yanditse muri ivyo bitabu ibidakwiye, yavyujuje ukutari ko canke yavyanditse mwo mu rundi rurimi atari urutegekanijwe n'amategeko ;

3°) akaba ibitabu vy'urudandazwa canke ivyegeranyo biterekana vy'ukuri umutahe n'amadeni afise ariko ata gatima ko kubihisha ;

4°) yiyemeje ibintu vy'umurenge ataco abiguraniye kandi azi ingorane arimwo igihe c'amasezerano ;

5°) yari amaze kwemezwa na sentare ko yahomvye ariko atari akenye kandi akabigira nkana ;

6°) akaba, kubera ko yari yarigeze guhomba, atakurikije ivyo yari ategetswe igihe bamuha umwanya wo kwina gura canke akaba yaratswe umwanya yari yahawe wo kwina gura ;

7°) yanse kwemera ko atagishoboye kuriha mu buryo no mu bihe bitegekanijwe n'amategeko yerekeye uguhomba ;

8°) asivye ata mvo yemewe afise kandi atabirekuriwe n'umucamanza canke atitavye wenyene imitahe yarungikiwe n'umucamanza canke uwagenywe gukurikirana ubwo buhombe.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ivyaha bifatwa nk'ico guhomba kw'umudandaza biturutse ku makosa yiwe.

Ingingo ya 205

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 202 bihanishwa abakuru b'amashirahamwe, abagize urwego nshingwantwari, abayobozi, abajejwe ibigega canke abagenywe gukurikirana ibikorwa vyo kwugara ishirahamwe, ryahomvye mbere no muri rusangi umuntu uwo ariwe wese abirekuriwe canke atabirekuriwe, yaba wenyene ubwiwe canke abicishije ku bandi, yarongoye, yatunganije canke yakurikiranye ibikorwa vyo kwugara iryo shirahamwe avyemerewe n'abariserukira canke mu kibanza cabo:

1°) banyurujwe canke bahishijwe igice c'umutahe canke bemeje ko iryo shirahamwe riheranye kandi atari vyo ;

2°) banyegeje ibitabu vyandikwamwo ivyerekeye urudandazwa rw'iryo shirahamwe canke batabuye, bahanaguye canke bahinduye ivyanditswemwo ;

3°) birengagijwe gutangaza amategeko ngenderwako y'ishirahamwe canke ayayahindura mu buryo no mu biringo bitegekanijwe n'amategeko ;

4°) bashize muri ayo mategeko ibintu bitari vyo ;

5°) batumye ishirahamwe rihomba ;

Ingingo ya 206

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 202 bihanishwa abakuru b'amashirahamwe, abagize urwego nshingwantwari, abayobozi, abajejwe ibigega canke abakurikiranye ibikorwa vyo kwugara ishirahamwe ry'urudandaza sentare yemeje ko ryahomvye mbere no muri rusangi umuntu uwo ariwe wese abirekuriwe canke atabirekuriwe yaba wenyene ubwiwe canke abicishije ku bandi, yarongoye, yatunganije canke yakurikiranye ibikorwa vyo kwugara iryo shirahamwe avyemerewe n'abariserukira canke mu kibanza cabo :

1°) barishe umwe mu baheraniwe badakurikije urutonde rwemejwe n'abaheraniwe bose kandi batagifise uburenganzira bwo kuriha ;

2°) batumye ishirahamwe rikoresha canke ririha amafaranga y'umurengera ;

3°) bakoresheje amafaranga y'ikirenga kw'izina ry'ishirahamwe mu nkino, mu kamari canke mu bikorwa bitagaragara ;

4°) baranguye ibintu kugira ngo babidandaze ku giciro kirengeye ikihasanzwe, bafashe amadeni, batanze inzandiko zifise agaciro k'amafaranga n'ubundi buryo bwose

busesaguza bwo kurondera amafaranga, ivyo vyose bakabigira mu ntumbero yo gutevya ko hemezwa ko bahomvye ;

5°) bitwaje ko hari amafaranga yakoreshejwe canke yatakaye kandi atari vyo canke baterekanye umutahe wari uhari canke ikoreshwa ryawo kuva hagirwa icegeranyo giheruka ntiberekane kandi amafaranga, ibidandazwa, ibikoresho n'izindi nzandiko zifise agaciro k'amafaranga izo arizo zose baronse mu nyuma ;

6°) bagaburiye abanywanyi b'ishirahamwe amafaranga atavuye ku nyungu y'ukuri.

Ingingo ya 207

Ivyo bihano bishobora guhanishwa kandi abakuru b'amashirahamwe, abagize urwego nshingwantwari, abayobozi, abajejwe ibigega canke abakwirikiranye ibikorwa vyo kwugara ishira hamwe ryahomvye mbere no muri rusangi umuntu uwo ariwe wese abishaka canke atabishaka, abirekuriwe canke atabirekuriwe, yaba wenyene ubwiwe canke abicishije ku bandi, yarongoye yatunganije canke yakurikiranye ibikorwa vyo kwugara iryo shira hamwe avyemerewe n'abariserukira canke mu kibanza cabo, kubera amakosa yabo, igihe :

1°) ibitabu bitegekanijwe n'ingingo ya 1 y'itegeko ryo ku wa 31 mukakaro 1912 bitujujwe, ivyegeranyo bitegekanijwe n'ingingo ya 2 y'iryo tegeko nyene bitagizwe, vyujujwe mu rundi rurimi atari urutegekanijwe n'amategeko, bitarimwo ibikwiye, vyujujwe ukutariko kandi ivyo bitabu n'ivyo vyegeranyo ntivyerekane vy'ukuri umutahe n'amadeni ishira hamwe rifise ata gatima ko kubihisha ;

2°) banse kwemera ko batagishoboye kuriha mu buryo no mu bihe bitegekanijwe n'amategeko yerekeye guhomba.

Ingingo ya 208

Ivyo bihano bishobora guhanishwa kandi abakuru b'amashirahamwe, abagize urwego nshingwantwari, abayobozi, abajejwe ibigega canke abakurikiranye ibikorwa vyo kwugara ishira hamwe ryahomvye mbere no muri rusangi umuntu uwo ariwe wese, abishaka canke atabishaka, abirekuriwe canke atabirekuriwe, yaba wenyene ubwiwe canke abicishije ku bandi yarongoye, yatunganije canke yakurikiranye ibikorwa vyo kwugara iryo shira hamwe avyemerewe n'abariserukira canke mu kibanza cabo, batatanze insiguro basabwe n'umucamanza canke n'uwagenywe gukurikarana ubuhombe bw'ishira hamwe canke batanze insiguro zitari zo.

Nico kimwe n'abo, ata gituma cemewe, batitavye bonyene umutahe w'umucamanza canke w'uwagenywe gukurikarana ubuhombe bw'ishira hamwe.

Ingingo ya 209

Ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 202 bihanishwa :

1°) abanyuruje, abahishije canke abanyegeje igice c'amatungo y'ishira hamwe ryahomvye canke amatungo yose mu buryo bwo kwishigikira ;

2°) abishuje mu buryo bwo kwiba ishira hamwe ryahombye amadeni badafitiwe canke y'umurenge ;

3°) uwagenywe gukurikirana ubuhombe bw'ishira hamwe yagiriye icaha co kunyuruza ivyo ajejwe gucungera.

Ingingo ya 210

Ibihano bitegekanyijwe n'ingingo ya 202 bihanishwa abumvikanye n'uwahombye canke n'abandi bantu abo aribo bose ko bazohakura akarusho mu kuvuga ko ishira hamwe ryahombye canke bagiraniye amasezerano adasanzwe atuma baronka akarusho kavuye mu bitegerezwa guhabwa abaheraniwe.

Agace ka 3: Ivyerekeye ivyaha vy'uguhemukira uwundi mu gukoresha ivyiye mu buryo butasezeranywe.

Ingingo ya 211

Uwo ariwe wese mu buryo bwo kwiba, yanyurujwe, canke yasesaguye, mu ntumbero yo kugirira nabi uwundi, ibintu bifise agaciro k'amafaranga, amafaranga, ibidandazwa, inoti, impapuro zerekana ko umuntu yarishe, inzandiko izo arizo zose zemeza ko hari ibihanywe, ivyatanzwe canke ivyarishwe kandi akaba yabironse kugira abisubize canke abikoreshe nk'uko yabivuganye na nyene vyo, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 212

Ibihano bitegekanyijwe n'ingingo ya 211 bihanishwa, uwo wese agurishije canke atanze ko ingwati ikitimuka kitari rwiwe canke agurishije canke agwariye ikintu kimwe ku bantu babiri canke barenga.

Ingingo ya 213

Uwo yikitse ku bwenge buke, ku gihababu ca cane, k'ubukene, canke k'ukutamenya kw'uwuhanywe atumye yemererwa ku bwiwe canke ku bw'uwundi inyungu canke akandi karusho vy'umurenge bivuye ku masezerano yo gusaba ideni, kuritanga canke ayandi masezerano ayo ariyo yose atuma hatangwa ikintu c'agaciro hatarinze kurabwa uburyo ayo masezerano yagizwe mwo, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi rigashika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Muri ico gihe, umucamanza, abisabwe n'uwo wese yarenganyijwe, arashobora kumugabaniriza ivyo yategerezwa kuriha akabishira ku nyungu isanzwe, iryo gabanywa riragirwa no kubimaze kurihwa n'uwuhanywe ariko bikaba vyasabwe mu kiringo c'imyaka itatu kuva umusi yarihiyeko.

Agace ka 4 : Ivyerekeye ugukoresha abakozi akazi batajewe

Ingingo ya 214

Ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 211 bihanishwa, uwo wese akoresheje ku kazi kiwe canke k'uwundi abakozi yashinzwe gukoresha shebuja atabimurekuriye yari yabahawe ngo abakoreshe ku kazi ka shebuja canke k'uwundi muntu.

Agace ka 5 : Ivyerekeye ukwambura ku rwenge no kubesha ku bidandazwa

1. Ivyerekeye kwambura ku rwenge

Ingingo ya 215

Uwo wese, mu ntumbero yo gutwara ikintu c'uwundi atabimurekuriye, yatse canke yahawe amafaranga, ibintu vyimurwa, inzandiko zerekana amadeni yoba afitiwe n'ishirahamwe, inzandiko zerekana ko yarishe haba mu gukoresha amazina atari yo, kwiyitirira ububasha adafise haba mu kuryosharyosha yemeza ko afise imigambi atayiriho, ububasha canke mu kwishira hejuru kugira ngo amwizigire canke amutere ubwoba ku kintu ico arico cose gishobora ku mushikira, ciza canke kibi, nk'impanuka canke ico cose kitagira mvura kugira kandi ngo amwizigire canke ace yemera ivyo vyose amubwiye ata nkeka, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

2. Ivyerekeye kubesha ku bidandazwa

Ingingo ya 216

Ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo yahenze umuguzi :

1°) mu kumuha ikidandazwa kidasa n'ico basezeranye ;

2°) mu kumugurisha ko canke mu kumuha ikindi kidandazwa kigomba gusa n'ico yari yaguze canke yagomba kugura bigatuma umuguzi acika inkokora kuko ataronse ico yarondera.

Ingingo ya 217

Ahanishwa ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 216 uwo, akoresheje urwenge, yahenze :

1°) umuguzi canke umudandaza ku kuntu ivyagurishijwe bimeze ;

2°) abo bumvikanye ku vyo bamukorera canke umwe muri bo ku bitegerezwa gufatirwako mu guharura impembo.

Agace ka 6 : Ivyerekeye ukunyegeza ibintu vyavuye mu busuma

Ingingo ya 218

Uwunyegeje ibintu vyose canke igice c'ivyibwe, ivyanyurujwe canke ivyamuka ku caha ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene .

Agace ka 7 : Ivyerekeye kwiyegegurira ibintu vyatowe

Ingingo ya 219

Bahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitandatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, abo batoye ikintu kitari rwabo canke bakironse kugihamana bakacyegurira canke bakagiha abandi.

Agace ka 8: Ivyerekeye gusaba ibidandazwa bimwe bimwe umuntu azi neza ko adashobora kuriha.

Ingingo ya 220

Ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo azi neza ko ata buryo namba afise bwo kuriha, yatse aho babidandaza, inyobwa canke imfungurwa akavyihereza vyose canke igice cavyo, yatse uburaro mu nzu yagenewe kwakira ingenzi yiyita ko ari ku rugendo canke yakotesheje imodokari.

Ahanishwa ivyo bihano nyene uwo azi neza ko ata buryo afise bwo kuriha ariko akanywesha ibitoro canke akaka amavuta y'imoteri.

Ivyaha bitegekaniywe muri iyi ngingo ntibishobora gukurikiranwa atari iyo uwakorewe icaha yitwaye.

Ukuriha ikiguzi n'amafaranga yakoreshejwe n'uwitwaye imbere y'uko urubanza rucika canke igihe yaruhevye bituma urubanza rw'ivyaha ruzimangana.

Agace ka 9 : Ingingo zidasanzwe

Ingingo ya 221

Ntibihanwa kandi bigashobora gutangirwa indishi gusa ivyaha vy'ubusuma bugizwe n'abakurikira :

1°) abavyeyi bivye abana babo n'abandi babakomokako ;

2°) abana bivye abo bakomokako ;

3°) uwubatse yivye uwo bubakanye kiretse igihe bari mu manza zo kwahukana canke baba kubiri.

Ingingo ya 222

Ubusuma bubaye hagati y'abakomokanako, abakomoka kuri umwe canke abahanye abageni gushika kw'ishami rya kane gusa, ntibushobora gukurikiranwa kiretse uwibwe yitwaye. Afutishije urubanza, uwakoze icaha ntashobora gukurikiranwa.

Ingingo ya 223

Ibitegekanijwe n'ingingo ya 221 n'ya 222 ntivyerekeye abandi bose boba barafashije mu kwiba canke mu kunyegera ivyibwe.

Agace ka 10 : Ivyerekeye gutanga inzandiko zifise agaciro k'amafaranga atayari mu bubiko.

Ingingo ya 224

Ahanishwa umunyoro uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri n'ihadabu ry'amafaranga atarenza ibihumbi amajana abiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo, mu ntumbero yo kwiba yatse amafaranga, ibintu vy'agaciro canke yemeje ko arishe atanze urwandiko rufise agaciro k'amafaranga rutegerezwa kurihwa ku bubiko bw'umuntu atabaho canke atabimurekuriye kandi yari asanzwe azi ko ataco amuheranye canke ataco yizeye kuzomwishuza.

Ingingo ya 225

Ahanishwa umunyoro uva ku mezi atatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu ry'amafaranga atarenza ibihumbi amajana abiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1°) uwo, abagiranye uburyarya, atanze isheki ata mafaranga ari mu bubiko canke hariyo ayadakwiye ;

2°) uwo, kiretse ihagarikwa riciye mu mategeko igihe iyo sheki yatakaye canke vyemejwe ko uwayitanze yatswe ububasha bwo kugira amasezerano atuma aronka ico arico cose, akuye mu bubiko amaze gutanga isheki, amafaranga yose canke igice c'ayo yari afise yo canke abujije abajejwe ubwo bubiko kuyiriha ;

3°) uwutanze isheki yaronse azi neza ko ata mafaranga ari mu bubiko canke ayariyo adakwiye canke adashobora gutangwa ;

4°) uwo yemeye kwakira isheki itanzwe mu buryo butegekanijwe muri iyi ngingo kandi abizi.

Ingingo ya 226

Mu gihe ari ivyaha bitegekanijwe n'ingingo ya 224 n'ya 225, igihano gitangwa ntikirenza ica kane c'urugero ntarengwa rw'umunyoro n'ihadabu bitegekanijwe n'izo ngingo canke igihano kimwe muri ivyo conyene, iyo uwahawe urwo rwandiko rufise

agaciro k'amafaranga yarwakiriye ataco arwikeka ko yarishwe imbere y'uko urubanza rushingishwa muri sentare.

IGICE CA II . IVYEREKEYE IVYAHA VYO GUSAMBURA, GUTITURA, KWONONA.

Agace ka 1 : Ivyerekeye guturira

Ingingo ya 227

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka cumi n'itanu gushika ku myaka mirongo ibiri abatariye inyubakwa, ubwato, amamangazini canke ibindi bibanza ivyo ari vyo vyose bibamwo abantu kandi birimwo umuntu umwe canke benshi igihe biturirwa canke ibibanza vyose, naho atawoba abibamwo iyo bivuye k'ukugene ibintu bimeze igihe icaha gikorwa uwatariye yibaza ko harimwo umuntu umwe canke benshi.

Ingingo ya 228

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi n'itanu abatariye inyubakwa canke izindi nzu izo arizo zose ziganzwa n'umuntu zubakishijwe ibikoresho bikomeye ariko ata bantu bari murizo igihe ziturirwa.

Iyo izo nyubakwa zitubakishijwe ibikoresho bikomeye abagiriye icaha bahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi kimwe gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 229

Kiretse ibitegekanijwe n'amategeko yerekeye guturira ivyatsi n'ibiterwa cimeza abatariye amashamba, ibitara n'imirimu itarasoromwa bahanishwa ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 227.

Abatariye ibiti vyiciwe canke ibiterwa vyasoromwe bahanishwa ibihano bitegekanijwe mu karongo ka kabiri k'ingingo ya 228.

Ingingo ya 230

Abatariye ibintu biganzira bivugwa mu ngingo ya 228 n'ya 229 bitumwe n'ububisha canke mu kurondera inyungu iteye kubiri n'amategeko bahanishwa ivyo bihano nyene.

Uwo, mu ntumbero yo gukora icaha kimwe mu bitegekanijwe mu ngingo ya 227 gushika ku ya 229, atariye ibintu ivyo arivyo vyose kugira ngo umucanwa utandukire ico yagomba gusambura kihagereye ahanwa nk'uko yoba arico yadometse.

Ingingo ya 231

Igihe uguturira kwatumye hapfa umuntu umwe canke benshi bari mu bibanza vyatariwe igihe icaha cakorwa nyene kugikora yari abizi kandi iyo urwo rupfu rwafashwe

ko rutegerezwa kuba rwaturutse canke rushobora kuba rwaturutse kuri ico caha, uwucagiriye ahanishwa igihano co gupfa canke co gupfungwa ubuzima bwose.

Iyo ukwo guturira kwatumye bakomereka, igihano c'umunyororo ni co cama gishingwa.

Ingingo ya 232

Ahanishwa umunyororo uva ku misi indwi gushika ku mezi atatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwuturiye ibintu canke amazu vy'abandi biturutse ku gusamara canke ku kutitwararika.

Agace ka 2 : Ivyerekeye gusambura inyubakwa, amamashini, impafu n'ivyibutso vyubatswe.

Ingingo ya 233

Uwo wese, akoresheje uburyo ubwo aribwo bwose, asambuye, asituye canke yononye, mu mpande zose canke mu bice, inyubakwa, ibitarugwa, ingomero, amabarabara, inzira y'igarimoshi, ivyuma vyo gutumatumanako amakuru, ama telefone canke ibindi vyubatse biganzwa n'uwundi muntu ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku bihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 234

Ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi uwo wese asambuye, asituye, amenaguye canke yononye impafu, ivyibutso canke amabuye yubakiye imva, ivyibutso vyubatse, ibishusho canke ibindi bintu vyagenewe kugirira akamaro bwose canke gushariza ahagenewe bwose.

Agace ka 3 : Ivyerekeye gusambura no kwonona ibiti, ibiterwa canke ayandi matungo.

Ingingo ya 235

Bahanishwa ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 234 abasambuye canke bononye bitumwe n'ububisha ibiti, ibiterwa, ibikoresho vyo kurima canke ibindi bintu vyimuka canke bitimuka biganzwa n'abandi bantu biri mu bibanza bizitiye canke bitazitiye.

Ingingo ya 236

Uwo wese, naho ata gatima k'ububisha yabigiranye, asambuye canke yononye ata bubasha canke uburenganzira abifitiye, ibiti, ibiterwa, ibikoresho vyo kurima canke ibindi bintu vyimuka canke bitimuka, ahanishwa umunyororo utarenza imisi indwi n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Agace ka 4 : Ivyerekeye kwica ibitungwa

Ingingo ya 237

Ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene uwo wese, bitumwe n'ububisha kandi bidakenewe, yishe canke akomerekeje cane ibitungwa vy'uwundi muntu.

Agace ka 5 : Ivyerekeye kurandura canke kwunguruza akarimbi.

Ingingo ya 238

Bahanishwa umunyororo utarenza imyaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi rigashika ku mafaranga ibihumbi cumi, abaranduye canke bunguruje uburimbi bugabura amatongo babamwo canke abamwo abandi biciye mu mategeko.

Bahanishwa ivyo bihano nyene abaranduye canke bunguruje, abasambuye canke bononye uburimbi bwashinzwe na sentare, ibimenyetso canke ivyibutso bifatirwa ko mu gushushanya amakarata ndondabihugu canke bahinduye uko vyagizwe, ico vyerekana canke ivyanditsweko.

IKIGABANE CA III IVYEREKEYE IVYAHA BIBUZA ABANYAGIHUGU KWIZIGIRA IBIMENYETSO VYASHINZWE N'IGIHUGU KANDI VYEMEWE NA BOSE.

IGICE CA I : IVYEREKEYE IVYAHA VYO GUCURA, GUHINDURA NO KWIGANA AMAFARANGA.

Ingingo ya 239

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi ijana abacuze canke bahinduye mu ntumbero yo kugira nabi amafaranga y'ibiceri akoreshwa mu Burundi canke mu makungu n'abinjije canke bakwiragije mu Burundi amafaranga nk'ayo yacuzwe canke yahinduwe bidaciye mu mategeko.

Ingingo ya 240

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu gushika ku mafaranga ibihumbi amajana abiri abakoze canke bahinduye mu ntumbero yo kugira nabi amanoti akoreshwa mu Burundi canke mu makungu n'abinjije canke bakwiragije mu Burundi amanoti nk'ayo.

Ingingo ya 241

Abarondera babizi amafaranga y'ibiceri canke y'amanoti asigurwa mu ngingo ya 241 n'ya 242 bakayakoresha canke bakagerageza kuyakoresha batagirizwa ko bafadikaniye mu gukora icaha bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku

myaka cumi n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu.

Abaronse canke aborondeye amafaranga y'ibiceri canke y'amanoti asigurwa mu ngingo ya 239 n'ya 240 kugira ngo bayakoreshe bahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Ingingo ya 242

Bahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene, abahawe amafaranga y'ibiceri canke y'amanoti akoreshwa mu Burundi canke mu makungu yacuzwe canke yiganywe bagasubira kuyakoresha bazi akanenge kayo.

Ingingo ya 243

Bahanishwa umunyororo utarenza imyaka cumi n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi mirongo itanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene abakoze, abakwiragije canke abakoresheje vyaba ibikoroti, imidari, ibiceri, zaba inzandiko zishushanijwe canke izindi nk'izo zihingwe mu buryo ubwo aribwo bwose kandi butuma hihwejwe uko bimeze bisa n'ibiceri canke inoti, bikoreshwa mu Burundi canke mu makungu kugira vyorohe kwemerwa mu kibanza c'ayiganywe.

Ingingo ya 244

Bahanwa nk'ababeshe ku bidandazwa, abatanze canke abakoresheje mu kuriha ibikoroti, imidari, ibiceri, inzandiko zishushanijwe canke izindi nk'izo baronse mu buryo ubwo aribwo bwose kandi butuma hihwejwe uko bimeze bisa n'amafaranga y'ibiceri canke y'amanoti akoreshwa mu Burundi canke mu makungu kugira vyorohe kuyemera mukibanza c'ayiganwe.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IVYAHA VYO GUCURA CANKE KWIGANA IBIMANGU, AMATEMBURE, IBIMENYETSO VY'IGIHUGU, IBIMENYETSO VY'IVYAHINGUWE.

Ingingo ya 245

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku bihumbi ijana:

1°) abacuze canke abiganye ibimangu, amatembure, ibimenyetso vy'ibihugu n'ubutegetsi canke ibimeyetso vy'ivyahinguriwe mu Burundi ;

2°) abakoresheje ivyo vyacuzwe canke ivyo vyiganywe ;

3°) abanze n'ibigirankana ibivuye muri ivyo bintu vyacuzwe canke vyiganywe kugira ngo bidandazwe.

Ingingo ya 246

Bahanishwa ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi mirongo itanu ku caha kimwe kimwe abononye, bitumwe n'ukurondera amaronko atemewe, amatembure canke amakarata akoreshwa n'amaposita yo mu Burundi canke yo mu makungu, canke bitumwe canke bidatumwe n'agatima ko kugira nabi, bakoze ayo matembure canke ayo makarata.

IGICE CA III : IVYAHA VYEREKEYE KWIHA UBUBASHA BUJANYE N'AKAZI KA LETA

Ingingo ya 247

Uwo wese yiyise ko ari umukozi wa Leta atari vyo canke yiyambitse ku mugaragaro umudari uwo ariwo wose canke ikimenyetso ico arico cose vyotuma yitwa ko yatumwe na Leta, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Iyo umudari canke ikimenyetso bitambawe mu ntumbero yo kwiyitirira ububasha bw'uwatumwe na Leta, ariko vyosa n'ivyotumwa hemerwa ubwo bubasha, uwuvyambaye ku mugaragaro, uwuretse uwo akoresha canke uwo agaba bakavyambara canke akabibambika, ahanishwa umunyororo utarenza ukwezi n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE KWIYAMBIKA IMIDARI UTAREKURIWE

Ingingo ya 248

Umuntu wese yiyambitse ku mugaragaro umudari, igitambara canke ibindi bimenyetso vy'agateka k'umurwi atarimwo ahanishwa umunyororo utarenza ukwezi kumwe n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA V : IVYEREKEYE KWIGANA INZANDIKO ZA LETA CANKE INZANDIKO ZEMEJWE N'AMATEGEKO.

Ingingo ya 249

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka cumi umucamanza wese, umukozi wa Leta canke uwo wese ajejwe ibikorwa vyashinzwe na Leta mu gihe yiganye mu nzandiko :

- 1°) haba mu gutera ibikumu bitari vyo ;
- 2°) haba mu guhindura ivyemejwe , ivyanditswe canke ibikumu ;
- 3°) haba mu kuvyitirira abandi canke mu kubasubiriza ;
- 4°) haba mu kwandika canke mu kwongera izindi nzandiko mu bitabu .

Ingingo ya 250

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka cumi umucamanza wese, umukozi wa Leta canke uwujewe ibikorwa vyashinzwe na Leta, mu kwandika inzandiko zerekeye amabanga yashinzwe, ahinduye ico bisigura canke uko vyagenze afise agatima ko kugira nabi, haba mu kwandika ayandi masezerano atari ayo yashikirijwe canke yasomewe n'abo yerekeye, haba mu gushigikira ko ibintu ari vyo kandi azi ko ari ibinyoma, haba mu kwemeza abesha ko ivyabaye vyari vyemewe canke vyagiriwe imbere yiwe, haba mu kwiyobagiza canke mu guhindura n'impaka ivyo yabwiwe.

Ingingo ya 251

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu, umuntu wese, atari mu bavuzwe mu ngingo ya 250, yiganye inzandiko zemejwe n'amategeko canke za Leta :

- 1°) haba mu kwigana canke mu guhindura inzandiko canke ibikumu ;
- 2°) haba mu kuremarema amasezerano, ingingo, ibitegerezwa kurangurwa canke ivyaranguwe, canke mu kuvyongera muri izo nzandiko mu nyuma ;
- 3°) haba mu kwongera, mu kwiyobagiza canke mu guhindura ingingo ziri mu masezerano, ivyavuzwe canke ibintu vyategerezwa gushirwa muri izo nzandiko kandi bikemezwa ;
- 4°) haba mu kubitirira abandi canke mu kubasubiriza.

Ingingo ya 252

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu canke ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri, umuntu wese aterekewe n'urwandiko ashikirije ibinyoma kandi abizi uwujewe ibikorwa yashinzwe na Leta.

Ariko uwasuye imbere y'uwujewe ibikorwa vyashinzwe na Leta yabeshe hanyuma akisubirako imbere yuko urwo rwandiko rurimwo ibinyoma rugirira nabi uwundi n'imbere yuko nawe nyene akurikiranwa aronswa imbabazi zituma adahanwa.

Ingingo ya 253

Mu vyaha bitegekanijwe muri iki gice, uwakoresheje urwandiko azi ko atari rwo ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka cumi.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE UKWIGANA INZANDIKO ABANTU BITEGURIRA, IZ'URUDANDAZWA CANKE IZ'AMABANKI

Ingingo ya 254

Umuntu wese, akoresheje uburyo bumwe mu butegekanijwe mu ngingo ya 251, yiganye canke agerageje kwigana inzandiko z'urudandazwa canke zo mu mabanki ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi amajana atanu.

Igihano gitegekanijwe mu karongo ka mbere k'iyi ngingo gishobora kungana incuro kabiri y'urugero ntarengwa, igihe uwagiriye icaha ari uwutwara ibanki, uwuri mu rwego nshingwantwaro rw'ishirahamwe, no muri rusangi, uwasavye ko bashinga imitahe y'ishirahamwe kugira bagabure inyungu ibonetse ku mwaka n'abanyamitahe, inzandiko zo gufata amafaranga canke ibintu, inzandiko zerekana umutahe ufiswe mw'ishirahamwe kandi zishobora kuvunjwa mu mafaranga canke izindi nzandiko izo arizo zose zaba iz'ishirahamwe risanzwe, ishira hamwe ry'ubudandaji canke ihinguriro.

Ingingo ya 255

Umuntu wese, akoresheje uburyo bumwe mu butegekanijwe mu ngingo ya 253, yiganye canke agerageje kwigana inzandiko abantu bitegurira ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu.

Ingingo ya 256

Mu vyaha bitegekanijwe muri iki gice, uwukoresheje canke uwugerageje gukoresha urwandiko azi ko rutari rwo ahanishwa ibihano vyerekeye kwigana hakurikijwe ingene bitandukanijwe mu ngingo ya 254 .

IGICE CA VII : IVYEREKEYE UKWIGANA INZANDIKO ZITANGWA N'UBUTEGETSI N'INZANDIKO ZEMEZA UKO IBINTU BIMEZE.

Ingingo ya 257

Uwo wese yiganye, yahinduye .canke yononye inzandiko z'impusha, inzandiko zemeza uko ibintu bimeze, udutabu, amakarata, ibimenyeshamakuru vya Leta, inzandiko zemeza ivyashikirijwe, ibitabu vy'inzira, impusha zo kuja kurangura akazi, amakete y'inzira, murekarengane canke izindi nzandiko zitangwa n'ubutegetsi kugira ngo zemeze uburenganzira, indangamuntu canke ububasha, canke zitanga uruhusha, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitatu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itatu.

Ingingo ya 258

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 257 bihabwa :

1°) uwukoresheje abizi izo nzandiko ziganywe, zahinduwe canke zononywe ;

2°) uwukoresheje urwandiko rumwe muzitegekanijwe mu karongo ka mbere k'iyi ngingo azi ko ivyanditse bitagikwiye canke atari vyo.

Ingingo ya 259

Uwo wese atumye ahabwa canke agerageje kuronka bidakwiriye urwandiko rumwe mu zitegekanijwe mu ngingo ya 257 haba mu gushikiriza ibitari vyo, haba mu kwiyita izina ritari ryo, canke mu kwiha ububasha adafise, haba mu gutanga ibisabwa bitari vyo, inzandiko zemeza uko ibintu bimeze canke izindi nk'izo, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga

ibihumbi bitatu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itatu kandi ntibibuza ikwirikizwa ry'izindi ngingo zivyerekeye.

Ivyo bihano nyene nivyo bihabwa uwakoresheje urwandiko nk'urwo yaronse muri ubwo buryo buhejeje kuvugwa canke rwanditswe kw'izina rindi atari rwiwe.

Umukozi wa Leta ahaye umuntu azi neza ko atabikwiye uburenganzira canke atumye aronka urwandiko rumwe mu zitegekanijwe mu ngingo ya 257 ahanishwa umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu kiretse iyo icakozwe ari icaha gihanwa ugusumba.

Ingingo ya 260

Uwo wese, atabubasha abifitiye, atanze kw'izina ry'umukozi wa Leta canke ry'uwujewe ibikorwa vyashinzwe na Leta urwandiko rwemeza ko umuntu yigenza neza, urwandiko rwemeza ko umuntu ari ntahonikora, canke rwemeza ibindi vyashitse bituma agirirwa impuhwe canke izindi nzandiko zituma aronka ibibanza, ideni canke imfashanyo, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 261

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 260 bihanishwa :

1°) uwuhinduye urwandiko rwemeza ukugene ibintu bimeze mu mamuko rwari urw'ukuri kugira ngo rushobore gukoreshwa n'uwundi muntu rutari rwagenewe ;

2°) umuntu wese akoresheje urwandiko rwakozwe rwemeza uko ibintu bimeze canke rwahinduwe muri ubwo buryo.

Iyo urwandiko rwemeza ukugene ibintu bimeze rwagizwe kw'izina ry'umuntu, uwarukoze canke uwurukoresheje ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atandatu.

Ingingo ya 262

Ahanishwa umunyororo uva ku mezi cumi gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bine gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene, kiretse iyo icakozwe ari icaha gihanwa ugusumba, uwo wese :

1°) yanditse n'impaka urwandiko rusigura ibintu uko bitari canke urundi nk'urwo ;

2°) yiganye canke ahinduye mu buryo ubwo aribwo bwose urwandiko rwemeza uko ibintu bimeze mu mamuko rwari urw'ukuri ;

3°) yakoresheje urwandiko rwemeza ko ibintu bimeze rutari rwo canke rwahinduwe.

Ingingo ya 263

Ivyaha vyo kwigana bihanwa muri iki gice, igihe vyononera ikigega ca Leta canke umuntu, bihanwa hakurikijwe kamere kavyo ari nk'ivyaha vyo kwigana inzandiko za Leta canke inzandiko zemejwe n'amategeko, ari nk'ivyo kwigana inzandiko abantu bitegurira, inzandiko z'urudandazwa canke z'amabanki.

IGICE CA VIII : IVYEREKEYE GUSURA IBINYOMA NO KURAHIRA NABI

Agace ka I : Ivyerekeye gusura ibinyoma

Ingingo ya 264

Uwusuye ibinyoma imbere ya sentare ahabwa igihano co gupfungwa. Igihano gishobora gushika ku myaka itanu. Iyo uwagirizwa icaha yahanishijwe igihano co gupfungwa ubuzima bwose canke igihano co gupfa, uwamubesheye mu gusura ashobora guhanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwose.

Agace ka II : Ivyerekeye kugura isura y'ibinyoma

Ingingo ya 265

Uwagiriye icaha co kugura isura y'ibinyoma ahanwa co kimwe n'uwusuye ibinyoma nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 264 :

Agace ka III : Ivyerekeye abashikiriza ibitari vyo imbere y'ubutungane.

Ingingo ya 266

Umuntu wese arengukijwe imbere y'ubutungane kugira ashikirize ivyo azi gusa, akavuga ibitari vyo ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka umwe, n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 267

Umuhinga mu vyo gusigura no guhindura mu zindi ndimi n'umuhinga uwo ariwe wese bagiriye icaha co gushikiriza ibitari vyo imbere y'ubutungane bahanwa nk'amasura y'ibinyoma.

Agace ka IV : Ivyerekeye kurahira nabi

Ingingo ya 268

Umuburanyi asabwe kurahira canke isura irahijwe na sentare mu manza z'amatati akabesha ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitandatu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IKIGABANE CA IV
IVYAHA VYEREKEYE GUHUNGABANYA UMUTEKANO MU GIHUGU

IGICE CA I : IVYEREKEYE KUGUMUKA

Ingingo ya 269

Vyitwa ko ari ukugumuka igitero ico arico cose, ukugarariza ukwo ari kwo kwose kurimwo kurwana canke iterabwoba kugiriwe abategetsu canke ivyariho vyabo canke abajewe umutekano bariko bubahiriza amategeko bakurikiza ivyategetswe, ingingo zashinzwe n'ubutegetsu, imanza canke izindi ngingo zitegerezwa gukurikizwa.

Ingingo ya 270

Ukugumuka kugizwe n'umuntu umwe guhanishwa umunyororo utarenza umwaka n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 271

Iyo ukugumuka kugizwe n'abantu benshi kandi babanje kubija inama igihano co gufungwa gishobora kuduzwa gushika ku myaka itanu ihadabu naryo rikaba riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu.

Umunyororo ushobora gushika ku myaka cumi ku bagumutse bakoresheje ibirwanisho canke babifatanywe.

Ingingo ya 272

Igihe ukugumuka kugizwe n'akarwi canke inteko, ingingo ya 422 y'iki gitabu irakurikizwa ku bagumutse ata murimo canke amabanga bari bajewe iyo baciye bidohora muri ako karwi bagiterwa akamo n'abategetsu mu ntwaro canke kuva ico gihe iyo bafatiwe ahandi hantu atari aho bagumukiye ntibasubire kudadaza kandi ata kirwanisho bafatanywe.

Ingingo ya 273

Ahanishwa umunyororo utarenza amezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1°) uwo wese akoze ku mugaragaro ikintu ico arico cose canke akavuga ijambo iryo ariryo ryose bituma ubutegetsu n'ababuserukira bakengerwa canke bigasuzuguzwa ibikorwa barangura mu mabanga yabo, ibimenyetso canke imidari yashinzwe n'abatweme n'ubutegetsu vyerekana ko babuserukira canke bigasuzuguzwa inzandiko canke ibintu bishikiriye mw'ikurikizwa ry'amabwirizwa n'amategeko ;

2°) uwanse gushikiriza ivyo azi abisabwe n'abajewe intwaro, abacamanza canke abafasha mu bikorwa vy'ubutungane, inyamiramabi canke abajewe gucungera

umutekano bariko barangura amabanga bashinzwe canke yishuye n'impaka ibinyoma ku vyo abajijwe muri ubwo buryo.

Ingingo ya 274 (Ntibaho)

Ingingo ya 275

Ahanishwa umunyoro utarenza imisi indwi n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1°) uwagararije ku mugaragaro ivyo ategetswe n'uwuserukira ubutegetsu ariko arangura amabanga ajejwe kiretse iyo uko kugarariza ari icaha gihanwa ugusumba ;

2°) kiretse iyo ata kundi yari kubikika, uwutitavye umutahe wanditswe kw'izina ryiwe urungitswe n'umucamanza, umukozi wa Leta canke umukozi ajejwe kurongora intara ariko arangura amabanga yashinzwe ;

3°) uwuhisha canke atorokeshya abantu azi ko bariko bararonderwa canke baciriwe igihano ku caha co guhungabanya umutekano mu gihugu, ico kurenga amategeko yerekeye uruja n'uruza rw'abantu, ico kurenga amabwirizwa canke amategeko yerekeye uburenganzira bwo kuba ahantu.

IGICE CA II : IVYEREKEYE UGUTUKA N'UGUSINDIRA ABATEGETSI CANKE ABAJEJWE UMUTEKANO

Ingingo ya 276

Ahanishwa umunyoro utarenza amezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwatutse mu ngiro, mu majambo, mu bimenyetso canke mw'iterabwoba, mu nzandiko canke mu bicapo, umucamanza, umukozi wa Leta, icariho c'ubutegetsu canke uwujewe umutekano mu gihe ariko arangura amabanga yashinzwe.

Iyo igitutsi cabereye mu nama canke kikaba ishengeru rikoranye canke sentare ishashe, ibihano bitegekanijwe biba umunyoro uva ku mezi abiri gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 277

Uwakubise umucamanza, umukozi wa Leta, icariho c'ubutegetsu canke c'uwujewe umutekano mu gihe ariko arangura amabanga yashinzwe ahanishwa umunyoro uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo uko gukubitwa kwatumye igihimba c'umubiri gicika canke kugatera ubumuga butuma umuntu ataco agishobora kwimarira, igihano c'umunyororo kirashobora kuduzwa gushika ku myaka mirongo ibiri.

Iyo nyene gukubita atashaka kwica ariko uwakubiswe agapfa igihano co gupfungwa ubuzima bwose kirashobora gushingwa.

Ingingo ya 278

Ugutuka umukuru w'igihugu guhanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene..

Ingingo ya 279

Ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 276 n'ya 277 birakurikizwa mu gihe hatutswe ivyabona kubera ivyasuwe.

Ingingo ya 280

Gukubita Umukuru w'igihugu canke kumusindira bihanishwa umunyororo uva ku myaka cumi gushika ku myaka mirongo ibiri iyo bitatumye amaraso aseseka, ngo bitume akomereka canke arwara.

Iyo ivyo vyaha vyatumye amaraso aseseka, Umukuru w'igihugu akomereka canke akarwara canke iyo nyene kubikora yari yabigoneye, bihanishwa umunyororo wo gupfungwa ubuzima bwose.

Iyo handurukiyemwo urupfu canke uwamukubise akaba yashaka ku mwica uwagiriye icaha ahabwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 281

Ahanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo, kumugaragaro kandi n'akagaye, yatwaye, yazimanganiye, yononye, yasubirije canke yatutse ibendera canke ibimenyetso biranga ukwikukira kw'igihugu.

IGICE CA III : IVYEREKEYE KUMENAGURA IBIMENYETSO VYASHIZWE KU BINTU CANKE KU MAZU

Ingingo ya 282

Igihe ibimenyetso vyashizwe ku bintu vyafashwe n'ubutegetsu vyamenaguwe, abashinzwe kubicungera bahanishwa, kubera kutavyitaho, umunyororo w'ukwezi n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 283

Uwumenye n'impaka canke aranduye ikimenyetso cemewe n'amategeko, nk'ikimenyetso cashizwe ku kintu canke ku nzu kugira ntivyugururwe canke kugira ico kintu gitandukanywe n'ibindi, canke yabaye intambamyi ku kamaro kaco, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi cumi na bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 284

Iyo kumena ibimenyetso vyajanye n'ugukubita abantu, uwagiriye icaha ahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka itanu.

Ingingo ya 285

Iyo ico caha cakoze na nyene kubicunga canke umukozi wa Leta yashizeko ico kimenyetso umunyororo ushobora kuduzwa gushika ku myaka itatu, ihadabu naryo gushika ku mafaranga ibihumbi cumi na bitanu.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE KUBA INTAMBAMYI MWIRANGURWA RY'IBIKORWA VYA LETA.

Ingingo ya 286

Uwo wese abujije ku nguvu irangurwa ry'ibikorwa vyategetswe canke vyarekuwe n'uwubifitiye ububasha, ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo ivyo bikorwa vyabujijwe n'abantu bari mu karwi bakoresheje inguvu, gusinda canke iterabwoba, abagiriye icaha bahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka itatu n'ihadabu rishobora gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA V : IVYEREKEYE IVYAHA BIBANGAMIRA IRINGANIZWA RY'UBUTUNZI MU GIHUGU

Ingingo ya 287

Ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi, uwo wese akoresheje iterabwoba, inguvu, gusinda, canke guhendahenda abantu yatumye imirimo ihagarara canke iguma ihagaze bavyumvikanye bagomba ko imishahara iduzwa canke igabanurwa kugira amahinguriro canke imirimo ntisubire ku rangurwa mu mwidegemvyo.

Ingingo ya 288

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 287 bihabwa abakozi n'abayobozi, batabifitiye uruhusha, babwiye abo bitaraba amabanga yerekeye ihingurwa ry'ibintu mw'ishirahamwe ryabo.

Ingingo ya 289

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku muliyoni w'amafaranga canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo wese, avyumvikanye n'abandi, mu gushikiriza ibitari vyo canke bishikuzwa canke mu gukoresha iterabwoba, mu gusinda canke kunyegera ibidandazwa canke ibikoresho afise canke bifiswe n'abandi yankirije umwidgegemvyo mw'ihiganwa ry'abagurisha ibidandazwa canke kuronka ivyo abadandaza bacuruza canke abantu bagura nk'uko vyahora.

Ingingo ya 290

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 289 bihanishwa abankirije canke ababujije umwidgegemvyo mu buguzi bw'icamunara canke mw'ihiganwa bakoresheje inguvu, iterabwoba, imihango, urukurukuru, umwumvikano ku biciro canke iyindi ngiro iyo ariyo yose yumvikanywe iteye kubiri n'amategeko mw'igurishwa ry'icamunara canke mw'ihiganwa ryerekeye ibikorwa Leta ironderera abobirangura.

Ingingo ya 291

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi ijana gushika ku muliyoni w'amafaranga :

1°) umuntu wese arangura amabanga kw'izina rya Leta, ry'imirimo ya Leta, ry'inzego nshingwantwari z'intango, z'amashirahamwe yashinzwe na Leta, z'amashirahamwe yegamiye Leta canke z'ayo Leta ifisemwo umutahe, ay' amabanki, y'amashirahamwe yigenga, y'ugusumiramwo, yo gushingura ibintu canke yerekeye uburimi no kw'izina ry'ishirahamwe iryo ariryo ryose ryigenga rirangura imirimo ifitiye akamaro bese, agize amasezerano azi ko ateye kubiri n'ivyo Leta ishingirako mw'iterambere ry'ubutunzi bw'igihugu arondera inyungu ziwe ;

2°) umudandaza wese, umunyehinguriro, umunyamwuga, umunyeshirahamwe canke muri rusangi umuntu wese naho yoba atahora abigira, agize amasezerano na Leta canke n'ishirahamwe rimwe mu yahejeje kudondagurwa mu karongo ka mbere k'iyi ngingo mu kwiheka ku butegetsi canke ububasha bw'abarongoye ayo mashirahamwe kugira ngo aduze ibiciro vyari bisanzwe bigurishwako canke kugira bahindure ku nyungu yabo kamere k'ibidandazwa canke ibihe vyo kubitangirako.

3°) umuranzi wese atemewe kandi ata mvo z'ukuri nkenerwa zerekeye ukugene ibidandazwa bishoka, atumye ibiciro biduga ataho bifatiye, ahinduye ku nyungu yiwe kamere k'ibidandazwa canke aburabuje igihe co kubitanga.

Ingingo ya 292

Akora icaha kijanye n'ukurenga amategeko aringaniza ivunjwa ry'amafaranga uwo wese :

1°) arenze ivyo yategetswe canke yabujijwe vyerekeye ihanahana ry'amafaranga, ukumenyeshya amafaranga afise, ukubika canke ukudandaza ubutare, canke amabuye y'agaciro;

2°) yemeye kugurisha canke kugura amafaranga y'agaciro, amafaranga abona, ibintu vy'agaciro, naho ukuvyemera kutaba kwajanye n'ukubitanga canke kuvyerekana ;

3°) yemeye ka buranzi guhuza abagura n'abagurisha canke mu kuborohera kwumvikana naho atoba abihemberwa.

Ingingo ya 293

Ahanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku myaka cumi n'ihadabu ringana n'igicro cemewe n'amategeko c'ico kintu cerekewe n'icaha cakozwe, umuntu wese akoze canke agerageje gukora icaha kimwe mu bitegekanijwe n'ingingo ya 292 vyerekeye kurenga amatageko yo kuvunja.

Igihe uwakoze icaha ari intahaha, igihano kirashobora kuduzwa gushika ku myaka mirongo ibiri.

Ingingo ya 294

Hatirengagijwe ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 293, ikigize icaha kiranyagwa.

Igihe, ku mvo iyo ariyo yose, ikigize icaha kitashoboye gufatwa canke kidasubiye kuboneka, uwakoze icaha ahanishwa ihadabu ringana n'igicro c'ikigize icaha

IGICE CA VI : IVYEREKEYE ABANYURUZA AMATUNGO Y'IGIHUGU, ABAKOresha NABI AMATUNGO Y'IGIHUGU BARONDERAMWO INYUNGU N'ABAKOZI BA LETA BAKA CANKE BATOZA IBIDATEGEKANIJWE N'AMATEGEKO.

Ingingo ya 295

Ahanishwa umunyororo uva ku myaka itatu gushika ku myaka mirongo ibiri n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi cumi, umucamanza wese, umukozi wa Leta canke umukozi nk'uyo :

1°) anyuruje amafaranga ya Leta canke y'abikorera utwabo, inzandiko ziyasubirira, inzandiko ziyemeza, inzandiko ngirakamaro, ibintu bishobora kwimurwa vyari mu minwe yiwe kubera akazi kiwe canke amabanga ajejwe ;

2°) azimanganiye canke ahishije, bitumwe n'ububisha canke ukugomba gusahura, inzandiko zemeza amafaranga canke inzandiko ngirakamaro ashinzwe kubera amabanga ajejwe canke yashikirijwe kubera akazi akora.

Ingingo ya 296

Ku bwo amategeko mpanavyaha, afatwa nk'umukozi wa Leta, umuntu wese, uko yitwa kwose, mu buryo ubwo aribwo bwose, ashinzwe umurimo canke ashinzwe amabanga, naho yoba amara ikiringo gito, ayahemberwa canke atayahemberwa, kubera ivyo akaba yitwa ko arangura amabanga ya Leta y'imirimo ya Leta y'inzego nshingwantwaro z'intango z'amashirahamwe yashinzwe na Leta, y'amashirahamwe yegamiye Leta, n'ayo Leta ifisemwo umutahe, y'amabanki, y'amashirahamwe yigenga yo gusumiramwo, yo guhingura canke yerekeye uburimiye, y'i'shirahamwe iryo ariryo ryose ryigenga rirangura imirimo ifitiye akamaro bese.

Kwitwa umukozi wa Leta bisuzumwa ko ari vyo umunsi w'icaha. Ariko kwitwa umukozi wa Leta kurabandanya n'aho uwo vyerekeye yoba atagikora ako kazi igihe vyamufashije canke vyatumye icaha gikorwa.

Ingingo 297

Ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi, uwo wese, mu ntumbero yo gusahura, akoze amakosa mu gukoresha amafaranga ari mu bigega vya Leta n'ayo Leta yategekaniye gukoresha canke aya rimwe mu mashirahamwe ategakanijwe mu ngingo ya 291 y'iki gitabu, yashinzwe gucungera.

Abagize uruhara bese mu gukora icaha barakurikiranwa baba bazi canke batazi ko ayo mafaranga canke ivyo bintu vy'agaciro bitari vyo.

Ingingo ya 298

Bahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka cumi abakozi ba Leta canke abajewe ibikorwa bashinzwe na Leta abo aribo bese n'abo bese barangura akazi gafitiye akamaro bese bagiriye icaha co gutegeka ko hatozwa, hakwa canke hakirwa ivyo bazi ko bitarekuwe canke mu kwaka umurengera ku vyategerezwa gutangwa, ku matagisi, ku makori, ku mafaranga yinjiye canke inyungu, imishahara canke impembo.

Ingingo ya 299

Ahanishwa ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 298 umukozi wa Leta wese canke uwujewe ibikorwa vyashinzwe na Leta, umuntu wese ashinzwe akazi gafitiye akamaro bese, mu buryo ubwo aribwo bwose no ku mvo iyo ariyo yose, atabirekuriwe n'amategeko, atarihishije canke adatoje ivyategerezwa kurihwa, yaba amakori, amatagisi, ihadabu, ingwati canke arekuye atakirishwe ibikorewe mu mashirahamwe ya Leta.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE KURYA IBITURIRE KUGIZWE N'ABAKOZI BA LETA, ABAHAGARIKIZI N'ABAHINGA BAGENYWE NA SENTARE

Ingingo ya 300

Umukozi wa Leta uwo ariwe wese canke uwujejwe ibikorwa vyashinzwe na Leta, umuntu wese ashinzwe akazi gafitiye akamaro bose, umuhagarikizi wese canke umuhinga uwo ariwe wese agenywe n'ubutungane yemeye ivyo ahawe canke imihango, yakiriye ivyo agabiwe canke ivyo ashikaniwe kugira arangure ivyo ajejwe, umurimo wiwe, ivyo yatumwe, naho vyoba ari vyo ariko adategerezwa kubihemberwa, ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika kumafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 301

Umukozi wa Leta wese canke uwujejwe ibikorwa vyashinzwe na Leta, umuntu wese ashinzwe akazi gafitiye akamaro bose, umuhagarikizi wese canke umuhinga wese agenywe n'ubutungane, kubera ivyo yahawe canke yemerewe, ivyo yagabiwe canke yashikaniwe, mw'irangurwa ry'ivyo ajejwe vy'akazi kiwe canke ry'ivyo yatumwe, yakoze ibitarekuwe canke yirengagije kurangura ibiri mu vyo yategerezwa, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itatu, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 302

Uwagiriye icaha ahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka icumi n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwemeye ivyo yahawe canke imihango, ivyo yagabiwe canke yashikaniwe kugira ngo akore icaha mu kurangura amabanga yashinzwe, umurimo wiwe canke ivyo yatumwe.

Ingingo ya 303

Abagobereye ku nguvu, canke bakoresheje iterabwoba, canke bemereye ibiturire, ingabire canke ishikanwa umukozi wa Leta, uwujejwe ibikorwa vyashinzwe na leta, umuntu ajejwe akazi gafitiye akamaro bose, umuhagarikizi canke umuhinga yagenywe n'ubutungane kugira abakorere ico bamusavye kiri mu mabanga ajejwe, mu kazi kiwe canke mu vyo yatumwe naho coba ari ico ukuri ariko adategerezwa kugihemberwa canke kugira yiyobagize igikorwa kiri mu vyo yategerezwa kurangura, bahanwa co kimwe n'uwagiriye icaha co kurya ibiturire.

IGICE CA VIII : IVYEREKEYE GUTANGAZA N'UGUKWIRAGIZA INZANDIKO.

Ingingo ya 304

Umuntu wese yanditse canke afashije n'ibigirankana gutangaza canke gukwiragiza urwandiko urwo arirwo rwose rutarimwo izina ry'ukuri rya nyene kurwandika kandi ntirwerekane n'aho aba canke ngo rumenyeshwe aho rwandikiwe ahanishwa umunyororo utarenza amezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ariko, igihano co gupfungwa ntigishobora gutangwa igihe urwo rwandiko rutariko ibitegekanijwe ruri mu vyatangajwe, amamuko yavyo akaba asanzwe azwi kubera vyari bimaze gutangazwa.

Ingingo ya 305

Ntibahanishwa igihano gitegekanijwe n'ingingo ya 304 aberekanye uwavyanditse canke aho vyandikiwe n'abaruranze, abarumanitse, abarugurishije canke abarukwiragije bamenyesheje uwabahaye urwandiko rugize icaha.

IGICE CA IX: IVYEREKEYE IVYAHA BIJANYE N'UGUTWARA IBINTU MU MAPOSITA

Ingingo ya 306

Uwo wese atwaye ibintu bica mu maposita leta yihariye gutwara yo nyene, kiretse ibirekuwe n'amategeko, ahanishwa ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu ku caha kimwe kimwe.

Ingingo ya 307

Uwutegeka ubwato wese adakurikije amategeko agenga amaposita ahanirwa hamwe n'abaganza ubwato agahabwa igihano c'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi cumi ku caha kimwe kimwe.

IGICE CA X : IVYEREKEYE IVYAHA VYO KUBUZA KO IBIRANGA UMUNTU BIMENYEKANA. GUSHIKIRIZA IBINYOMA ABAKURU B'IBIRO VY'INZANDIKO NDANGAMUNTU.

Ingingo ya 308

Bahanishwa umunyororo utarenza amezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, abantu bose bategerezwa kumenyesha abavutse canke gufutisha abapfuye batabigize mu kiringo gitegekanijwe n'amategeko, n'abo barengukishijwe n'umukuru w'ibiro bijejwe inzandiko ndangamuntu kugira bemeze ko umuntu yapfuye banse kurenguka canke gusura.

Ingingo ya 309

Bahanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene, abashikirije ibinyoma abakuru b'ibiro vy'inzandiko ndangamuntu mu vyerekeye ibitegerezwa kuja muri izo nzandiko, baba aboba bategerezwa kubera amategeko kumenyesha abavutse canke abapfuye, baba abarengukishijwe n'umukuru w'ibiro vy'inzandiko ndangamuntu kugira bamenyeshe ibiranga umuntu, baba abandi bantu abari bo bose, naho batoba babitegerezwa barengutse kugushaka kwabo imbere y'umukuru w'ibiro vy'inzandiko ndangamuntu.

Ivyo bihano nyene birakurikizwa kubatumye gushikiriza ibinyoma bitekanijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo, iyo ivyo batumye vyaranguwe.

Ingingo ya 310

Uwubajijwe ibimuranga akavuga ivy'uwundi muntu ngo ni rwiwe canke ibimuranga yikuriye mu mutwe, ahanishwa umunyororo utarenza imyaka ibiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 311

Kiretse iyo icakozwe ari icaha gihanishwa ibihano bikomeye gusumba, ahanishwa igihano c'umunyororo utarenza imyaka itatu n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwubeshye canke agerageje kubesha uwubijewe ku bimuranga, haba mu gutanga inzandiko canke ibintu vyerekeye umuntu kanaka vyatanzwe canke vyemejwe n'umutegetsu abijewe mu Burundi canke mu makungu, haba mu gukoresha ubundi buryo ubwo aribwo bwose.

Ingingo ya 312

Kiretse iyo icakozwe ari icaha canke ari ugufadikanya mu caha gihanwa ugusumba, ahanishwa ivyo bihano nyene, uwo, mu ntumbero yo kubesha uwubijewe ku vyerekeye indangamuntu, atanze inzandiko canke ibintu nk'ivyo biterekeye uwubikoresha yaba wenyene ubwiwe canke uwundi muntu.

IGICE CA XI : IVYEREKEYE INKINO Z'AKAMARI, ZO KURUSHANYA IMIGISHA N'IZO GUTOMBOZA.

Agace ka 1 : Ivyerekeye inkino z'akamari.

Ingingo ya 313

Inkino z'akamari ni inkino zihagaze ahanini ku gihamana ari co gikuru kandi kiza imbere y'ugutumbereza, ububangutsi canke imikenyuro y'abakinyi bashiramwo amafaranga y'umurenge, ugereraniye n'uburyo bwabo bafise ikizigizigi co kuronka inyungu iboneka.

Gukinisha inkino z'akamari ni ugutegekanya canke kworohereza abazihahamiye mu ntumbero yo kwiyungukira amafaranga.

Inkino z'akamari zirabujijwe mu bibanza bihuriramwo abantu bose canke vyagenewe bose, mu bibanza vyose bitazitiye abantu bose bashobora guca babona ibihabera no mu bindi bibanza ivyo arivyo vyose n'aho vyoba ari ivy'umuntu avyiharije uwo ariwe wese ashaka gukina yemererwa kwinjira yo ata nkomanzi.

Ingingo ya 314

Ahanishwa umunyoro uva ku misi umunani gushika ku mezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1°) uwo wese akinishije inkino z'akamari mu kibanza kimwe mu bitegekanyijwe mu ngingo ya 313 no mu buryo buteganyijwe muri iyo ngingo nyene ;

2°) uwo wese akinye inkino z'akamari muri ivyo kibanza no muri ubwo buryo nyene.

Agace ka 2 : Ivyerekeye inkino zo kurushanya imigisha.

Ingingo ya 315

Inkino zo kurushanya imigisha zirabujijwe.

Inkino zose zitunganirijwe abanyagihugu uko zitwa uko ariko kose kandi zituma bagira ikizigizigi c'inyungu yoboneka ku gihamana, zifatwa ko ari inkino zo kurushanywa imigisha.

Ingingo ya 316

Abaringanije inkino zo kurushanya imigisha, abazishinze, abazirongoye, abazikoramwo, bahanishwa umunyoro uva ku misi umunani gushika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ibikoresho vyimurwa vyashinzwe mu nkino zo kurushanya imigisha, ukuyinyaga gusubirirwa n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi ijana.

Ingingo ya 317

Bahanishwa umunyoro uva ku misi umunani gushika ku mezi abiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1°) ababitse, abatembereje canke abakwiragije inzandiko zo kurushanya imigisha ;

2°) abamenyekanishije izo nkino canke abafashije gutanga impapuro zizerekeye bakoresheje amatangazo, mu kuzimanika canke mu bundi buryo bwo hgutangaza.

Ivyo arivyo vyose impapuro, amatangazo canke ivyamanitswe birafatwa kandi bikazimanganywa.

Ingingo ya 318

Ntibaronka ibihano bitegekanyijwe n'ingingo ya 317 abamenyekanishije n'abamanitse izo mpapuro bavuze uwazibahaye.

Ingingo ya 319

Ingingo z'aka gace ntizikurikizwa ku vyerekeye inkino zo kurushanya imigisha, zigenewe gusa ibikorwa vy'abagiraneza, uguteza imbere amahinguriro, utugenegene canke inkino, canke ikindi kintu cose gifitiye akamaro abantu bose, igihe birekuwe :

- n'Umushikiranjanji w'intwari yo hagati mu gihugu, iyo amakarata yakozwe, bikamenyeshwa canke bigatangazwa mu ntara nyinshi.

- n'Umukuru w'intara, iyo amakarata yakozwe, bikamenyeshwa canke bigatangazwa mu ntara imwe gusa.

Ingingo ya 320

Izo ngingo ntizikurikizwa kandi ku vyerekeye :

1°) uburyo leta ironderamwo amafaranga biciye mu nkino zo kurushanya imigisha;

2°) ubwo buryo nyene bwo kurondera amafaranga iyo butunganijwe n'ibindi bihugu, igihe inzandiko zerekeye izo nkino zatanze birekuwe n'Umukuru w'Igihugu canke intumwa yiwe ;

3°) ubwo buryo nyene bwo kurondera amafaranga iyo burunganijwe n'ama Komine hamwe n'amashirahamwe ayihetseko mu gutunganya inkino zo kurushanya imigisha, igihe birekuwe n'Umukuru w'Igihugu canke intumwa yiwe.

Agace ka 3 : Ivyerekeye amahiganwa mu gutomboza

Ingingo ya 321

Ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mezi atatu n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi amajana abiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1°) uwo, bitumwe n'ukurondera inyungu, ategekanije canke aringanije kw'izina ryiwe canke ry'uwindi muntu amahiganwa y'ugutomboza ;

2°) uwo, abihemberwa canke atabihemberwa, afashije mw'ihiganwa ry'ugutomboza ribujijwe haba mu kurungika amafaranga, haba mu gukwiragiza impapuro zikinirwako canke izihayagiza ishirahamwe ryategekanije canke ryatunganije iryo higanwa.

Ingingo ya 322

Ivyo ari vyo vyose, amafaranga, ivyashizwe mu nkino, inzandiko zikinirwako, izihayagiza n'ibikoreshwa mu kuzitunganya, biranyagwa.

Ingingo ya 323

Izi ngingo ntizerekeye inkino z'ugutomboza zitunganijwe nkuko bitegekanijwe mu ngingo ya 319.

Agace ka 4 : Ivyerekeye ibiyayura umutwe

Ingingo ya 324

Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo amagara y'abantu ni we ashinga itegeko ryerekeye ibintu vyemejwe ko ari ibiyayura umutwe.

Ingingo ya 325

Ukurima, ukudandaza, ugutwara, ukubibika ukunywa n'ukurya ibiyayura umutwe birabujijwe, kiretse ibirekuwe n'itegeko ry'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo amagara y'abantu no mu buryo yerekanye.

Ingingo ya 326

Abarenze ku ngingo zifatwa n' abategetsu mu vyerekeye ibintu vyemejwe ko ari ibiyayura umutwe, bahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi amajana abiri na mirongo itanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Igihe ari icaha co kwimbura, kwinjiza mu gihugu, guhingura canke gushora mu mahanga ivyo biyayura umutwe bitarekuwe n'amategeko, ibihano bitegekanyijwe bishobora kugwizwa na kabiri.

Ibihano biratangwa n'iyi ivyakozwe bigize icaha vyabereye mu bihugu bitandukanye.

Ingingo ya 327

Aborohera abandi mu gukoresha ivyo biyayura umutwe, bakabigira basavye impembo canke ataco basavye, haba mu kubaha ahantu babikoreshereza, haba mu bundi buryo ubwo aribwo bwose, bahanishwa umunyororo uva ku myaka itatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu rigashika ku mafaranga ibihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ivyo bihano nyene ni vyo bizohanishwa abaronse ivyo biyayura umutwe bakoresheje inzandiko zo kwa muganga atari iz'ukuri canke inzandiko zo kwa muganga ataco zifatiyeko, be n'abo batanze ivyo biyayura umutwe bishimikije izo nzandiko, bazi neza ko atari iz'ukuri canke ko ataco zifatiyeko.

Ico gihano gishobora kuduzwa gushika ku myaka cumi y'umunyororo iyo vyakoreshejwe canke vyahawe abana batarashikana imyaka cumi n'umunani.

Ingingo ya 328

Abakoresha mu buryo butemewe n'amategeko kimwe mu bintu vyemejwe ko ari ibiyayura umutwe, bahanishwa umunyororo uva ku myaka itatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu gushika ku mafaranga ibihumbi ijana canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 329

Bahanishwa ivyo bihano nyene :

1°) abatumye abandi mu buryo ubwo ari bwo bwose, gukora kimwe mu vyaha bihanwa n'ingingo ya 324 gushika ku ya 328, naho nyene ataco boba bashitseko canke bakabirata ;

2°) abatumye mu buryo ubwo ari bwo bwose, abandi bakoresha ibintu bakabemeza ko bimeze nk'ibintu canke ibiterwa biyayura umutwe, naho ataco boba bashitseko.

Ingingo ya 330

Mu bitegekanyijwe vyose mu ngingo ya 324 gushika ku ya 329, sentare irashinga ko ibintu canke ibiterwa vyemejwe ko ari ibiyayura umutwe binyagwa, hakanyagwa kandi ibikoresho n'ibintu vyose vyakoreshejwe mu kunywa n'ukurya ibintu canke ibiterwa biyayura umutwe, mu kubihingura no mu kubitwara.

Sentare irashinga ko imirima n'ibintu canke ibiterwa vyanyazwe bizimanganywa.

Ubutegetsu ni bwo buzimanganya atawurinze kubisaba, ibiterwa vyarimwe bidacye mu mategeko, amafaranga yo kubizimanganya agatangwa n'abagiriye icaha.

Agace ka 5: Ukuborerwa mu bibanza bihuriramwo abantu benshi n'ukudurumbanya abantu mw'ijoro

Ingingo ya 331

Uwufashwe bigaragara ko aborewe, ari mw'ibarabara, mu bibanza bihuriramwo abantu, mu tuyira, mu bunywero, mu mazu aberamwo inkino, canke mu bindi bibanza vyose vyagenewe bose be n'ahantu hatazitiye, abahita bashobora guca babona, ahanishwa umunyororo uva ku minsi umunani gushika ku mezi abiri, n'ihadabu ry'amafaranga atarenga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri vyo conyene.

Ingingo ya 332

Abadandaza ibinyobwa hamwe n'abakozi babo bahaye ibinyobwa abantu bigaragara ko baborewe canke babinjije mu bunywero bwabo, bahanishwa ivyo bihano nyene.

Ingingo ya 333

Uwuvugije induru canke ivyo vyose bikangura abantu mw'ijoro, ahanishwa umunyororo utarenza iminsi indwi n'ihadabu riva ku mafaranga amajana atanu gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo co nyene.

IKIGABANE CA V
IVYAHA BIHUNGABANYA UMUTEKANO W'ABANYAGIHUGU

IGICE CA I : IVYEREKEYE IMIRWI Y'INKOZI Z'IKIBI IRONDERA KWICA ABANTU
N'UKUBASAHURA AMATUNGO.

Ingingo ya 334

Gushinga umurwi no kurondera kwica abantu canke kubasahura utwabo vyonyene ni icaha.

Ingingo ya 335

Iyo umurwi urondera gukora icaha gihanishwa umunyororo utari munsu y'imyaka cumi, abatweme ushingwa, abakuru bawo be n'abigeze kuwutegeka mu buryo ubwo aribwo bwose bahanishwa umunyororo uva ku myaka cumi gushika ku myaka mirongo ibiri. Abo nyene bahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka itanu iyo uwo murwi washinzwe gusa kugira ukore ivyaha bihanishwa umunyororo udashikana imyaka cumi canke ivyaha bitarimwo inyongerezakibi.

Ingingo ya 336

Uwo wese ahaye umurwi w'inkozi z'ikibi, abizi canke abishaka, ibirwanisho n'amasase, imiduga, ahanishwa umunyororo w'imyaka itanu.

Ingingo ya 337

Abandi bantu bose bagize uwo murwi canke abawuburiye ? bakawuha ibikoresho, bakawereka aho winyegereza n'aho ugirira inama canke bakawuha iyindi mfashanyo yose ikenewe kugira ngo hakorwe ivyaha uwo murwi wiyemeje gukora, bakabigira babizi kandi babishaka, bahanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku myaka ibiri.

Ingingo ya 338

Abari muri uwo murwi, nta gihano baronka mu vyategekanyijwe n'ingingo ya 337, iyo imbere y'uko bagarageze gukora icaha uwo murwi wiyemeje gukora, n'imbere y'uko batangura gukwirikiranwa, baburiye abategetsu ko iyo murwi iriho, bakamenyesha n'amazina y'abayirongoye.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IVYAHA VY'UKWIYEREREZA, UGUSHERA
N'UKWIGENZA NABI.

Ingingo ya 339

Abiyerereza ni abo biyerereza ata kazi canke umwuga bakora, batagira ikibabeshaho kandi atawuzi aho baba. Abashezi ni abo bama bariko barasabiriza, batanzwe n'umutima mwiza w'abantu.

Ingingo ya 340

Umuntu wese akomeye agenda arasega, akabigira umwuga n'uwo yama ariko ariyereza kubera ubunembwe, akaborerwe, ubuhumbu, arashobora gushirwa mu minwe y'ubutegetsi mu kiringo kitarenga imyaka itanu.

Ingingo ya 341

Umuntu wese bazosanga yiyereza canke ariko arashera bitavuye ku mvo zitegekanijwe mu ngingo ya 340, ashobora gushigwa mu minwe y'ubutegetsi mu kiringo kitarenga umwaka umwe.

Ingingo ya 342

Abantu bazoba bahawe igihano c'ugushigwa mu minwe y'ubutegetsi bazotegekanirizwa ibibanza bacungirwamwo canke bigiramwo umwuga.

IGICE CA III : IVYEREKEYE UGUTERA UBWOBA ABANTU MU KUBAKANGISHA KUBICA CANKE KUBAMBURA AMATUNGO YABO.

Ingingo ya 343

Uwo wese akoresheje urwandiko rutariko izina rya nyenerwo canke ruriko igikumu canyenerwo, atera ubwoba abantu ko batakoze ivyo abategetse canke bataranguye ivyo abasavye, ko ashobora kubakorera ikibi canke kubambura amatungo yabo, ico kibi abakangisha kikaba gihanishwa umunyororo utari muni y'imyaka itanu, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Uwukangishije abandi inabi ishobora gushikira bonyene canke amatungo yabo, badakoze ivyo abategetse canke hataranguwe ivyo asaba, iyo nabi ikaba ari icaha gihanishwa umunyororo utari muni y'imyaka itanu, ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitandatu canke igihano ikimwe muri vyo conyene.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE UGUTOROKESHA ABANYORORO

Ingingo ya 344

Abatorokesheje umunyororo canke bamworohereje gutoroka, bahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga amajana ane gushika ku mafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 345

Iyo ico caha cakoze n'uwurungikanywe canke uwumucungishijwe abanyororo, igihano gitegekaniywe ni ugupfungwa kuva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri.

Ingingo ya 346

Iyo umunyororo yatorotse canke yagerageje gutoroka akoresheje igikenye, iterabwoba canke mu kumena ibohero, ibihano bihabwa ababitumye, haba mu gufadiyanya n'uwutorotse, haba mu kumuha ibikoresho canke ibirwanisho bimufasha gutoroka, ni ivyo gufungwa kuva ku myaka itatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu.

IGICE CA V : IVYEREKEYE KURENGA KU NGINGO YO KUGUMA MU KIBANZA KIGENYWE N'IVYEREKEYE KUNYEGEZA ABANTU BAMWE BAMWE.

Ingingo ya 347

Abanyegeje canke abatumye abantu bazi ko bakwirikiranwa canke bahaniwe icaha amategeko ahanisha igihano co gufata canke umunyororo utari muni y'imyaka itanu, bahanishwa ibihano bitegekaniywe n'ingingo ya 344.

Ingingo ya 348

Uwo wese anyegeje ikiziga c'umuntu yishwe canke yapfuye kubera ugukubitwa n'ugukomeretswa canke yatumye kinyegezwa, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri.

Ingingo ya 349

Izi ngingo zibiri za nyuma ntizerekeye aba bakurikira : abo, abakoze icaha co kwica, gukomeretsa, gukubita canke ababafashije bakomokako, abo bubakanye n'aho boba barahukanye, basaza babo canke bashiki babo n'abahanye abageni n'inkozi z'ikibi zanyegejwe gushika kuri ayo mashami.

Ingingo ya 350

Uwahanywe arenze kw'itegeko ry'ukutaja mu kibanza bimwe bimwe canke mu ntara zimwe zimwe canke arenze kw'itegeko ryo kuba mu kibanza cagenywe nk'uko bitegekaniywe kuva ku ngingo ya 42 gushika ku ya 47 y'iki gitabu, ahanishwa umunyororo utarenza amezi atandatu.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE UKUDATABARA ABANTU BARI MU KAGA

Ingingo ya 351

Uwo wese yamenye ko hakoze icaha gihanishwa umunyororo urenga imyaka itanu, kiba icageragejwe gukorwa canke cakoze koko, ntibimenyeshwe bunonyene abategetsiki kandi vyari bigishoboka kubuza ko icyo caha gukorwa canke ko hononekara ibintu vyinshi canke icyo vyari gushobora kubuza abagiriye icyo caha canke umwe muri bo gukora ibindi vyaha, ahanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku myaka ibiri.

Ingingo ya 352

Uwo wese ashobora kubuza buno nyene ko icaha gikorwa abantu canke amatungo, yirengagije kubigira icyo ata nkwirikizi mbi zishobora kuba kuri we canke ku bandi, ahanishwa umunyororo w'imyaka ibiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri icyo cyane.

Ahanishwa icyo bihano nyene, uwo wese yirengagije gutabara umuntu ari mu kaga, icyo ata nkwirikizi mbi ziba kuri we canke ku bandi bantu, kandi yashobora kumutabara we nyene aho kumutabariza.

Ahanishwa icyo bihano nyene, uwufise ivyemeza ko umuntu apanzwe urubanza rutaracibwa canke ari imbere y'intera ari intungane, yirengagije kubimenyeshya abajwe ubutungane. Ariko, nta gihano na kimwe gihabwa uwubimenyeshye atawurinze kubimubaza, naho yoba yatevye kubivuga.

IKIGABANE CA VI IVYEREKEYE IVYAHA BIKORERWA INGO N'IMIRYANGO N'IVYAHA BITEYE KUBIRI N'IMIGENZO MYIZA Y'IGIHUGU.

IGICE CA I : IVYEREKEYE IVYAHA BIKORERWA INGO.

Agace ka I : Ivyerekeye gukorera inda.

Ingingo ya 353

Uwukoroje inda umugore, bitarekuwe n'amategeko, akoresheje ibifungurwa, ibinyobwa, imiti, canke akoresheje igikenye canke ubundi buryo ubwo ari bwo bwose, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku bihumbi bitanu.

Ingingo ya 354

Iyo abagiriye icyo caha barangura umwuga w'ubuganga canke ari abafasha b'abaganga canke bakiri mw'isomero bitegurira kuronka urupapuro rw'umutsindo rubaha uburenganzira bwo gukora uwo mwuga bahamishwa igihano c'umunyororo uva ku mwaka gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Ingingo ya 355

Iyo ubwo buryo bwo gukoroza inda bwatumye uwo mugore apfa, abagiriye icaha bahanishwa umunyororo w'imyaka mirongo ibiri.

Ingingo ya 356

Umugore akoroje inda n'impaka ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu.

Ingingo ya 357

Ibihano bitegekanijwe n'ingingo ya 353 gushika ku ya 356 ntibishingwa igihe inda yakorowe n'umuganga abifitiye urupapuro rw'umutsindo, bikaba vyemejwe mu rwandiko rutanzwe n'uwibungenze kandi bikemezwa n'umuganga agira kabiri abifitiye urupapuro rw'umutsindo , ivyo vyose bikagirwa kuko ata bundi buryo bwo gukingira urupfu uwo muvyeyi canke ico cose cotuma ahandurira ubumuga budakira.

Iyo uwibungenze atagishobora guserura icyumviro ciwe, harasabwa urwandiko rw'uwumuserukira yemejwe n'amategeko.

Mu gukurikirana uwagirizwa ico caha no mu kumucira igihano hakwirikijwe ingingo ya 353 gushika ku ya 356, harihwezwa imigenzo y'aho vyabereye.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ivyaha bikorerwa abana

Ingingo ya 358

Abadakingiye, abatitayeho umwana atarakura canke uwundi muntu adashoboye kwikingira kubera amagara make canke ubwenge buke bwabo, babihanirwa gurtya :

1°) umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku mwaka n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene, iyo vyabereye ahantu haca canke haba abantu ;

2°) umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itatu n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo co nyene, iyo vyabereye mu gahinga ka nyaganande.

Ivyo bihano bishobora kugwizwa na kabiri iyo abagiriye ivyo vyaha ari abo uwo mwana canke uwo umuntu akomokako canke ari abahawe ububasha n'amategeko bwo kumurera.

Ingingo ya 359

Uwo wese yivye canke yibishije abana batarashikana imyaka y'amavuka cumi n'umunani, abanyurujwe canke atumye banyuruza, abanyegeje canke atumye banyuruzwa, bakabakura aho ababafiseko ububasha bw'umuvyeyi bari babashize, ahanishwa

umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Igihano co gupfungwa kirashobora kuduzwa gushika ku myaka cumi iyo ivyo vyaha vyabaye hakoreshejwe igikenye, uguhendana canke iterabwoba .

Igihano co gupfungwa kirashobora kuduzwa gushika ku myaka mirongo ibiri iyo abagiriye ico caha basaba amafaranga canke ibindi bintu vyo gucungura abo bana.

Iyo umwana yibwe yapfuye, abagiriye ico caha bahanishwa igihano c'ugupfa.

Ivyerekeye kudashikiriza umwana abashinzwe kumurera

Ingingo ya 360

Igihe sentare iciye urubanza rutegerezwa gukwirikizwa rugena uwushinzwe kurera umwana atarashikana imyaka itegetswe kugira ngo yemezwe ko akuze, se w'uwo mwana, nyina wiwe canke uwundi muntu uwo ariwe wese , atazoshikiriza uwo mwana abafise uburenganzira bwo kumusaba canke abazomukura aho arerewe canke aho abamureze bazoba bamusize, bahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga amajana atanu gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Agace ka 3 : Ivyerekeye gukingira ibiranga umwana, abiyitirira abana batavyaye, abanyuranya abana, abata abana.

Ingingo ya 361

Abitirira umugore atari afise inda umwana yavyawe n'uwundi mugore, kugira ngo bamufashe kuronka akaranga adafitiye uburenganzira, bahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu.

Abanyuranije umwana n'uwundi canke bagerageje kuzimanganya ibiranga umwana, bakaba bahishije ko hari umwana yavutse, canke bakavuga ko yapfuye kandi atari vyo, bahanishwa ivyo bihano nyene.

Agace ka 4 : Ivyerekeye ivyaha biteye kubiri n'ibanga ry'ukwabirana.

1. Ivyerekeye kurenga ibigo

Ingingo ya 362

Ukurenga ibigo n'ubusambanyi bw'umuntu yabiranye biciye mu mategeko kandi akaba atarahukana canke atarapfakara, hamwe n'uwundi muntu atari uwo babiranye.

Ingingo ya 363

Umugore yagiriye icaha c'ukurenga ibigo ahanishwa igihano c'ugutanga ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi.

Umugabo yagiriye icaha co kurenga ibigo ahanishwa ivyo bihano nyene, iyo ubwo busambanyi bwakozwe mu buryo burtyoza uwo bubakanye.

Ingingo ya 364

Iyo umuntu yakoze icaha co kurenga ibigo, uwo basambanye ahanishwa ibihano bitegekanyijwe mu ngingo ya 363.

Ingingo ya 365

Ntawushobora gukwirikiranwa canke ngo ahanirwe icaha co kurenga ibigo , kiretse iyo uwo bubakanye abona ko yartyojwe amwitwariye. Uwitwaye arashobora igihe icari co cose gufutisha urubanza.

2. Ivyerekeye guharika

Ingingo ya 366

Uwo wese yabiranye biciye mu mategeko, agasubira kwabirana rimwe canke kenshi, atarahukana canke ngo apfakare, ahanirwa icaha c'ukwabira abagore benshi canke kwabirwa n'abagabo benshi, naco kikaba gihanwa n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku bihumbi ijana.

Nta narimwe uwabiriwe muri ubwo buryo ashobora gufatwa nk'umuntu atunzwe nk'uko amategeko yerekeye amakori, imibano, n'intwaro abitegekanya.

3. Ivyerekeye umugabo n'umugore babana bidaciye mu mategeko :

Ingingo ya 367

Umwe mu bubakanye yagiriye icaha c'ugutungira mu rugo uwundi mugabo canke uwundi mugore basambana ahanishwa igihano c'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi cumi, agaha kandi indishi y'akababaro uwo bubakanye.

Ntawushobora gukurikiranwa canke ngo ahanirwe ico caha, kiretse iyo uwo bubakanye abona ko yartyojwe amwitwariye. Uwitwaye arashobora igihe ico arico cose gufutisha urubanza.

Agace ka 5 : Ivyerekeye ivyaha vyo guhemukira umuryango

1. Ivyerekeye ukugoka ku kizira

Ingingo ya 368

Vyitwa ko ari ukugoka ku kizira kandi bigahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu, ubusambanyi bwabaye hagati y'aba bakurikira :

1°) abavyeyi n'ababakomokako, abana n'abo bakomokako, ubwo bucuti, bwaba ubwemewe n'amategeko, ubw'amaraso canke ubw'uburerano ;

2°) gishiki na gisaza, kuri se na nyina, abasangiye se gusa canke abasangiye nyina gusa ;

3°) umuntu hamwe n'umuhungwabo canke n'umukobwabo canke umusengezana canke umwishwa, abakomoka kuri abo ;

4°) umugabo wa nyina canke mu kase hamwe n'uwukomoka kuwo bubakanye.

Ivyo ari vyo vyose, iyo uguhemuka ku kizira kwabaye hagati y'umuntu akuze n'umuntu atarashikana imyaka cumi n'umunani, umuntu akuze ahanishwa igihano gisumba igihabwa uwo umuntu atarashikana imyaka cumi n'umunani. Igihano gihawe uwagiriye icaha gituma atakaza ububasha bw'umuvyeyi kuri uwo mwana canke ibanga ry'uburezi ryemewe n'amategeko yari amufiseko.

2. Ivyerekeye uguta urugo

Ingingo ya 369

Bahanishwa umunyororo utarenza amezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

1°) serugo canke inarugo ataye urugo atamvo mu kiringo kirenza amezi abiri kandi agaca yiyonjorora mu vyo ajejwe vyose canke bimwe bimwe vyo kuremesha umuryango canke kuwutunga kubera ari we afise ububasha bw'umuvyeyi canke ibanga ry'uburezi ryemewe n'amategeko ; ico kiringo c'amezi amezi abiri ntikibandanya guharurwa iyo uwari yataye urugo arugarutse mwo akerekana ko ashaka kurugumamwo ubutacisubirako ;

2°) umugabo ataye n'impaka umugore wiwe mu kiringo kirenga amezi abiri atamvo ihambaye afise azi neza ko akuriwe ;

3°) se w'umwana canke nyina w'umwana, aba yaratswe ububasha bw'umuvyeyi canke atabwatswe, abangamiye amagara, umutekano, indero y'abana biwe, yaba umwe canke benshi muri bo, mu kubafata nabi, mu kubaha akarorero kabi k'ukwama aborerwa imisi yose, canke yimonogoza mu kwigenza nabi, mu kutabitaho canke mu kutabaha indero ikwiye.

Ingingo ya 370

Uwo wese yaciriwe urubanza rwo guha .uwo bubakanye, abamukomokako canke abo akomokako, ibibabeshaho, urwo rubanza rukaba rutagishobora gusubirwamwo na sentare yaruciye canke rutagishobora kwunguruzwa, akaba arengeje amezi abiri ataco atanze n'ibigirankana, ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mezi abiri n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IVYAHA BIRTYOZA IMIGENZO MYIZA Y'IGIHUGU

Agace ka 1 : Ivyerekeye gushurashura

Ingingo ya 371

Umuntu wese yihebeye gushurashura ashobora kutegekwa n'urubanza rwa sentare y'intango kurangura mu kiringo kitarenga umwaka umwe ibi bikurikira :

- 1° kutarenga imbibe z'intara zigenywe n'urubanza ;
- 2° kutaja mu bibanza bimwe bimwe bigenywe n'urubanza ;
- 3° kuja kwipimisha, kwivuza, mbere no kwinjira ibitaro ;
- 4° kwitaba imitahe y'abategetsu canke umuntu wese yagenywe n'urubanza ;
- 5° uja ararenguka ku biro canke imbere y'abategetsu bagenywe n'urubanza.

Ukurenga ku ngingo n'imwe mu zashinzwe na sentare guhanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri gushika ku mafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

1. Ivyerekeye gukwegera abandi mu ngeso yo gushurashura

Ingingo ya 372

Uwo wese aryoje imigenzo myiza y'igihugu arondera gufasha uwushaka gushurashura mu kwosha canke mu kworohereza umuntu, aba umugabo canke umugore, afise imyaka y'amavuka irenga mirongo ibiri n'umwe canke asa n'uwuyirena, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi ijana.

Ico gihano gishobora kuduzwa gushika ku myaka cumi iyo uwashurashujwe adashikana imyaka y'amavuka mirongo ibiri n'umwe canke asa n'uwutayishikana. Imyaka y'abo bantu ishobora kumenyekana bapimwe na muganga iyo ata kindi kibaranga.

Ingingo ya 373

Ibihano bitegekanijwe ku karongo ka mbere k'ingingo ya 372 bihabwa :

1° uwo wese aha akazi, canke akwegereye mu bushurashuzi uwundi muntu afise imyaka itegegetswe kugira yemezwe ko akuze canke uwutayishikana n'aho yoba yavyemeye ;

2° uwo wese atunze umuntu afise imyaka itegegetswe kugira yemezwe ko akuze canke uwutarayishikana kugira amushurashuze, n'aho yoba yavyemeye.

Ingingo ya 374

Uwo wese akoresheje iterabwoba, agahato, uguhendahenda canke ubundi buryo bwose, abereye intambanyi igikorwa co gukingira ivyo vyaha, co gufasha, canke cotuma

abakora ivyo vyaha bigarura, kikaba kiriko kirakorwa n'amashirahamwe abishoboye afasha abantu bihebeye gushurashura canke bari mu gutwarwa n'ubushurashuzi, kugira ngo bigarure, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi ijana.

2. Ivyerekeye kurondera inyungu mu bushurashuzi

Ingingo ya 375

Uwo wese atwara, atunganya canke atanga n'impaka amafaranga yo gushigikira abakorerwa ubushurashuzi canke akaba ari mu batanga ayo mafaranga, akaba abigira we nyene ubwiwe, canke akoresheje uwundi muntu, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri gushika ku mafaranga ibihumbi ijana.

Ingingo ya 376

Umuntu wese agabuye mu buryo ubwo aribwo bwose, ibivuye mu buhumbi n'uwundi muntu afise imyaka itegetswe kugira ngo yemezwe ko akuze canke atarashikana iyo myaka, naho yoba yavyemeye, canke aronka imfashanyo ahawe n'umuntu yihebeye ubushurashuzi, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri gushika ku mafaranga ibihumbi ijana.

3 Ivyerekeye ukworohereza abashurashura

Ingingo ya 377

Umuntu wese afasha, ashigikira canke akingira n'impaka mu buryo ubwo ari bwo bwose, ubushurashuzi bw'uwundi muntu canke akwegera abandi mu bushurashuzi, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu.

Ingingo ya 378

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 377 bihabwa umuntu wese akora akazi k'umuranzi, abitungwe n'ico arico cose, hagati y'abantu bihebeye ubushurashuzi n'abandi bantu babikuramwo inyungu canke bahemba abashurashura.

Ingingo ya 379

Uwo wese apangishije canke apanga abizi inzu yose canke uruhande rwayo uko imeze kose kugira abandi bahashurashurire, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitandatu gushika ku bihumbi mirongo itanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

4 Ivyerekeye inyongerezakibi

Ingingo ya 380

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 377 gushika ku ya 379 bigwizwa na kabiri igihe mu rubanza habonetse imwe mu nyongerezakibi zikurikira :

1°) iyo icaha cakorewe umwana atarashikana imyaka 18 ;

2°) iyo nyene gukorerwa icaha, atabishaka ;

3°) iyo cakozwe n'abantu benshi n'abo bafadikaniye canke ababafashije ;

4°) iyo nyene gukora icaha, yakoresheje urwenge, iterabwoba, igikenye ;

5°) iyo icaha cakozwe n'umuntu uwakorewe icaha akomokako ;

6°) iyo icaha cakozwe n'umuntu afise ububasha k'uwagikorewe ;

7°) iyo nyene gukora icaha asanzwe ari umukozi wo mu nzu y'uwagikorewe. ;

8°) iyo nyene gukora icaha ari umukozi wa Leta canke ari umukuru mw'idini.

5. Ingingo zunganira

Ingingo ya 381

Iyo umuntu ahaniwe mu mahanga ku vyaha bitegekanijwe n'aka gace, iyo aje mu Burundi, sentare y'intango irashobora, ibisabwe n'umushikirizamanza, gushinga ko hakurikizwa kimwe canke vyinshi mu vyerekeye ingingo zo gukingira umutekano canke mu bibujijwe mu vyerekeye ukwakwa ububasha bwemewe n'amategeko nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 42 gushika ku ya 47 n'ya 66 y'iki gitabu.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ivyaha vyo gukurako urupfasoni no gusambanya ku nguvu.

Ingingo ya 382

Icaha co gukurako urupfasoni umwana atarashikana imyaka cumi n'umunani, canke asa n'uwutarayishikana, n'iyi hatakoreshajwe igikenye, urwenge, canke iterabwoba, gihanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi n'itanu. Imyaka y'uwo mwana imenyekana apimwe na muganga iyo ata bindi afise bimuranga.

Ingingo ya 383

Icaha co gukurako urupfasoni umuntu hakoreshejwe igikenye, urwenge canke iterabwoba ku mugabo canke ku mugore, gihanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itanu.

Iyo icaha cakorewe abantu bavurwa mu ngingo ya 381 gihanisha umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri.

Ingingo ya 384

Icaha co gukurako urupfasoni umuntu gifatwa nk'uko camaze gukorwa mu gihe hari ivyerekana ko gitanguye gukorwa.

Ingingo ya 385

Uwusambanije umuntu haba mu gukoresha igikenye canke iterabwoba rikomeye, haba mu gukoresha urwenge, haba mu gusambanya umuntu yataye ubwenge, atakimenya gutandukanya icatsi n'ururo, canke yataye ubwenge kubera ingwara, canke impanuka iyo ari yo yose, eka mbere n'iyi vyoba vyatewe n'ibindi, ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri.

Vyitwa ko ari ugusambanya hakoreshejwe igikenye, uguhuza kwonyene ibihimba vy'irondeka, bikorewe abantu bavugwa mu ngingo ya 382.

Ingingo ya 386

Iyo icaha co gusambanya umuntu ku nguvu canke kumukurako urupfasoni vyatumye uwagikorewe apfa, uwakoze ico caha ahanishwa igihano co gupfa canke co gupfungwa ubuzima bwiwe bwose.

Ingingo ya 387

Urugero ruto rw'ibihano bitegekanijwe n'ingingo za 382, 383, n'iya 385, akarongo ka mbere, rugwizwa na kabiri :

1°) iyo abakorewe icaha, bakomoka ku bagikoze ;

2°) iyo abakoze icaha bari mu bafise ububasha ku bagikorewe ;

3°) iyo abakoze icaha ari abigisha b'uwigikorewe canke abakozi biwe ahemba umushahara canke abakozi b'abantu badondagurwa mu turongo tukurikira tw'iy'ingingo ;

4°) iyo ico caha cakozwe n'abakozi ba Leta canke abakuru b'amadini, bishimikije ububasha bwabo, canke abaganga, baba abasanzwe canke ababaga mu kuvura, abakira abavyeyi, iyo bakoreye ico caha abo bariko baravura ;

5°) iyo uwakoze icaha yabifashijwemwo n'umuntu umwe canke benshi ;

6°) iyo ico caha casinzikaje cane amagara y'uwigikorewe.

* Abanditse iki gitabu mu rurimi rw'igifaransa barihenze; si abakozi b'abantu badondagurwa mu karongo ka kane n'aka gatanu, ni abadondagurwa mu karongo ka mbere n'aka kabiri tw'iyi ngingo.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ivyaha biryoza ku mugaragaro imigenzo myiza y'igihugu

Ingingo ya 388

Uwo wese yashize ahabona, yagurishije canke yakwiragije indirimbo, udutabo canke izindi nzandiko, vyanditswe n'imashini canke bitanditswe nk'uko, ibishusho, amasanamu, ibimenyetso canke ibindi bintu biteye kubiri n'imigenzo myiza y'igihugu, ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mwaka n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku bihumbi cumi, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ahanishwa ivyo bihano nyene uwo wese kugira ngo abidandaze canke abikwiragize, yabitse, yaranguye wenyene mu mahanga canke yatumye uwumurangurira, agatwara canke agatuma uwutwara, akabishikiriza uwusanzwe akora akazi ko gutwara ibintu canke kubikwiragiza, canke uwumenyeshesheje ku buryo ubwo ari bwo bwose

indirimbo, udutabu, inzandiko, ibishusho, amasanamu, ibimenyetso, n'ibindi bintu biteye kubiri n'imigenzo myiza y'igihugu.

Mu vyaha bitegekanijwe mu karongo ka mbere no mu ka kabiri tw'iyi ngingo, uwanditse, uwashushanije, uwafashe isanamu, uwavyanditse n'imashini canke yavyiganye, n'uwakoze ikimenyetso canke ikindi kintu, ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe ugashika ku mwaka n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Uwo wese aririmvye, asomye, avuze ku mutwe, yumvishije canke avuze ibiterasoni mu makoraniro canke mu bibanza bihuriramwo abantu benshi, ishengero rikinje kandi akavuga ayo majambo ku buryo abo bantu bamwumva, ahanishwa igihano c'umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mwaka umwe, n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 389

Uwo wese aryoza ku mugaragaro imigenzo myiza y'igihugu mu gukora ibiterasoni ahanishwa umunyororo w'imisi umunani gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bibiri, gushika ku mafaranga ibihumbi cumi na bibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 390

Uwo wese yerekanye uburyo ubwo aribwo bwose bwo gukoroza inda, yerekanye ingene baronka ivyo gukoroza inda canke ingene babikoresha canke aranze abantu babikoresha kugira ngo abashaka gukoroza inda babirukire, akabigira mu gushira ahabona, kugurisha canke gukwiragiza inzandiko zanditswe n'imashini canke zitanditswe nk'uko, canke mu bundi buryo bwose bwo kubitangaza ;

Uwo wese yashize ahabona, yagurishije, yakwiragije, yakoze we nyene canke yakoresheje, yaranguye mu mahanga, yafashije, yashikirije uwusanzwe akora ako kazi ko gutwara ibintu no kubikwiragiza, yamenyesheje mu buryo ubwo aribwo bwose bwo gutangaza ibiyayura umutwe canke ibikoresho bigenewe gukorora inda vyamenyeshejwe ko ari co bikora ;

Ahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IKIGABANE CA VII IVYEREKEYE IVYAHA VYO KUBUZA ABANDI KURONKA CANKE KURANGURA IVYO BAFITIYE UBURENGANZIRA.

IGICE CA I : IVYEREKEYE IVYAHA VYO KUBUZA ABANTU GUSENGERA MW'IDINI BASHATSE

Ingingo ya 391

Abantu bose bakoresheje igikenye, ibitutsi canke iterabwoba, ukugumuka canke umudurumbanyo, babuza abandi gusenga mw'idini bashatse, canke bakababuza gusengera ku mugaragaro no guserura icyumviro bafise, bahanishwa umunyororo uva ku misi umunani gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi cumi, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IVYAHA BIKORWA N'ABAKOZI BA LETA MU KUBUZA ABANTU KURONKA CANKE KURANGURA IVYO BAFITIYE UBURENGANZIRA.

Ingingo ya 392

Umukozi wa Leta canke uwo wese ajejwe ibikorwa yashinzwe na Leta mu ntwaro canke mu nzego zishinzwe umutekano, akoze icaha co kubuza umuntu canke abantu ukwishira n'ukwizana n'ico kubabuza kuronka canke kurangura ivyo barekuriwe n'amabwirizwa n'amategeko, canke agatuma ivyo vyaha bikorwa, ahanishwa umunyororo uva ku misi cumi n'itanu gushika ku mwaka umwe, n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku bihumbi cumi, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

IKIGABANE CA VIII IVYEREKEYE IVYAHA VY'UGUHUNGABANYA UMUTEKANO MU GIHUGU.

IGICE CA I . IVYEREKEYE UGUHUNGABANYA UMUTEKANO MU GIHUGU BITURUTSE HANZE.

Agace ka 1 : Ivyerekeye icaha c'uguhemukira igihugu n'ugusumira urusaku abanyamahanga.

Ingingo ya 393

Umurundi wese afashe ibirwanisho kugira ngo arwanye Uburundi, yagira icaha co guhemukira igihugu ciwe kandi ahanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 394

Yagira icaha c'uguhemukira igihugu kandi agahanishwa igihano co gupfa, umurundi wese :

1°) agiye inama n'ikindi gihugu canke abakozi baco kugira ngo ico gihugu gitere Uburundi, canke agihaye uburyo bwo kubutera ;

2°) ahaye ikindi gihugu canke abakozi baco, ibibanza bihambaye vyo kwivuna umwansi, ubwato bw'ingwano canke ivyuma vyo kurwanira mu kirere vy'Uburundi ;

3°) asambuye canke yononye ubwato, icuma co kurwanira mu kirere, ibikoresho vy'ingwano, inzu canke ikintu cose cubatswe, kugira ngo abuze igihugu kwivuna umwansi.

* Abanditse iki gitabu barihenze. Aho kwandika ikigabane ca VIII, banditse ikigabane ca IX.

canke muri iyo ntumbero nyene, maze akabikora nabi, bigatuma vyononekara canke haba impanuka, ivyo akabigira imbere y'uko bihera kwubakwa canke vyamaze kwubakwa.

Ingingo ya 395

Yagira icaha co guhemukira igihugu kandi ahanishwa igihano co gupfa, umurundi wese, mu gihe c'indwano :

1°) atumye intwaramiheto z'igihugu canke abantu basanzwe bakorera ku bwato, bakorera ikindi gihugu, bakabigifashamwo canke araritse abaja kurwanira ikindi gihugu cateye Uburundi ;

2°) agiye inama n'ikindi gihugu canke abakozi baco, kugira ngo yoroherenze ikindi gihugu cateye Uburundi ;

3°) atumye n'ibigirankana intwaramiheto n'abanyagihugu bihebura, akabigira kugira ngo abuze igihugu kwivuna umwansi.

Ingingo ya 396

Yagira icaha c'uguhemukira igihugu kandi ahanishwa igihano co gupfa, umurundi wese, mu gihe c'ingwano :

1°) ahaye ikindi gihugu canke abakozi baco, mu buryo ubwo ari bwo bwose, inkuru, ikintu, urwandiko canke ubuhinga butegerezwa kuguma bunyegejwe kugira ngo igihugu gishobore kwivuna umwansi ;

2°) arondereye ikindi gihugu canke abakozi baco mu buryo ubwo ari bwo bwose, inkuru, ikintu, urwandiko, ubuhinga bwo kwivuna umwansi ;

3°) azimanganije iyo nkuru, ico kintu, urwo rwandiko canke ubwo buhinga bwo kwivuna umwansi canke aretse bikazimangana, kugira ngo yoroherenze ikindi gihugu cateye Uburundi.

Ingingo ya 397

Yagira icaha c'ugusuma urusaku kandi ahanishwa igihano co gupfa, umunyamahanga wese akoze kimwe mu vyaha bitegekanijwe mu ngingo ya 394 n'ya 395.

Ingingo ya 398

Hatirengagijwe ibitegekanijwe n'ingingo ya 67 na 68 z'iki gitabu, ivyaha bikurikira bihanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu :

- 1°) ukwiringa n'ukugisha inama umuntu kugira ngo akore ivyaha bitegekanijwe mu ngingo ya 393 gushika ku ya 397 ;
2°) ukwemera inama yo gukora ivyo vyaha.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ibindi vyaha vyo guhungabanya umutekano mu gihugu biturutse hanze.

Ingingo ya 399

Ahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka cumi, uwo wese, naho atoba ashaka guhemukira igihugu ciwe, canke gusumira urusaku ikindi gihugu :

1°) arondeye, atabifitiye ububasha, inkuru, ikintu, urwandiko canke ubuhinga butegerezwa kuguma bunyegejwe kugira ngo igihugu gishobore kwivuna umwansi canke bumenyekanye vyotuma amabanga yo kwivuna umwansi, ahishurwa ;

2°) azimanganiye, yivye, aretse bikazimangana canke bikibwa, yiganye canke akareka bikiganwa, yaba iyo nkuru, ico kintu urwo rwandiko canke ubwo buhinga ;

3°) amenyesheje canke atumye umuntu atabifitiye uburenganzira canke abantu bose bamenya iyo nkuru, ico kintu, urwo rwandiko canke ubwo buhinga, canke yabikwiragije hose.

Ingingo ya 400

Uwumenyesheje umuntu atabifitiye uburenganzira canke abantu bose, inkuru yerekeye igisirikare itatangajwe n'abategetsu babijwe kandi bikaba bigaragara ko itangazwa ryayo ribangamira igikorwa c'ukwivuna umwansi, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu.

Ingingo ya 401

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu, uwo wese :

1°) yihinduye canke yiyita izina ritari ryo, canke anyegeje ico akora canke ubwengehugu bwiwe, yiyinjije mu bibanza bihambaye vyo kwivuna umwansi, mu bubiko canke mu magazini z'igisirikare, mu bwato bw'indwano canke bwo gucuruza bukoreshwa mu vyo kwivuna umwansi, ahantu harangurirwa ivy'igisirikare canke ahantu hakorerwa ibintu igisirikare gikeneye ;

2°) naho atoba yihinduye canke ngo anyegeze izina ryiwe, ico akora canke ubwengehugu bwiwe, canke yatorokanije mu mpisho uburyo ubwo aribwo bwose butuma amakuru ahanahanwa n'abantu bari kure na kure, ivyo bikaba bibangamira igikorwa co kwivuna abansi.

Ingingo ya 402

Uwo wese agiye inama n'abanyamahanga kugira ngo babangamire Uburundi mu vyerekeye igisirikare, mu vy'intwano no mu vy'ubutunzi, ahanishwa igihano c'umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu.

Ingingo ya 403

Ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu, uwo wese mu gihe c'ingwano:

1°) atabirekuriwe na Leta, yandikiraniye canke yunze imigenderanire n'abanyagihugu canke abakozi b'igihugu cateye Uburundi ;

2°) acuruje wenyene ubwiwe canke abicishije ku wundi muntu, hamwe n'abanyamahanga baturuka mu gihugu cateye Uburundi canke bagikorera, akabigira arenga amategeko abibuza.

Ingingo ya 404

Uwo wese, akoze ibintu atatumwe na Leta, bigatuma Uburundi bushamirana n'ikindi gihugu, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu.

Iyo haciye haba ingwano, ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri.

Ingingo ya 405

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 399 gushika ku ngingo ya 403 no mu ngingo ya 404, akarongo ka mbere, bigwizwa na kabiri, iyo nyene gukora icaha, ari umurundi.

Igihano gitegekanijwe mu ngingo ya 402, akarongo ka kabiri ni igihano co gupfungwa ubuzima bwose canke co gupfa, iyo uwakoze icaha ari umurundi.

Ingingo ya 406

Yagira icaha c'ubucangero kandi ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri, uwo wese abicishije mu ndwano, abuza ko ikindi gihugu cishira kikizana, ko kiba mu mahoro, canke ko imbibe zaco zubahirizwa, akoze ibi bikurikira ari mu Burundi :

1°) yahaye indaro, yateguye, yatanze amafaranga, yafashije, yatanze ibirwanisho, yakoresheje mu buryo ubwo ari bwo bwose uturwi tw'abacangero ;

2°) yiyandikishije, yinjije canke agerageje kwinjira muri utwo turwi.

Ingingo ya 407

Uwo wese arongoye abacangero, uwabahaye amategeko, uwagiriye icaha co gutera Uburundi ka bucangero, ahanishwa igihano co gupfa canke igihano co gupfungwa ubuzima bwiwe bwose.

Ingingo ya 408

Umucangero akurikiranwa ku caha c'ubucangero no ku bindi vyaha vyose bijanye, hatirengagijwe n'ibindi vyaha vyose yoshobora gukurikiranwako.

Ingingo ya 409

Ijambo " umucangero " ni ukuvuga umuntu wese :

1°) araritswe mu gihugu ciwe canke mu mahanga kugira ngo aje mu ruhande rumwe rw'abarwana ;

2°) akaba koko arwana we nyene ;

3°) akarwana arondera inyungu yiwe kandi akaba koko yaremerewe impembo n'abo mu ruhande rumwe rw'abarwana canke ababaserukira ;

4°) adafise ubwenegihugu bw'umwe mu barwana, akaba kandi adasanzwe aba mu ntara igenzurwa n'umwe mu barwana ;

5°) atasanzwe ari umusirikare w'umwe mu barwana ;

6°) atarungitswe n'ikindi gihugu ngo agiserukire nk'uko yoba ari umusirikare w'ico gihugu.

IGICE CA II : IVYEREKEYE IVYAHA BIHUNGABANYA UMUTEKANO, BITURUTSE MU GIHUGU HAGATI.

Agace ka 1 : Ivyerekeye ivyaha vyo kurondera kwica Umukuru w'igihugu canke vyo kumwica.

Ingingo ya 410

Icaha co kwica Umukuru w'igihugu, gihanishwa igihano co gupfa.

Iyo ukurondera kwica Umukuru w'igihugu bitamubujije ukwishira n'ukwizana, n'iyi atakomeretse canke ngo ahandurire indwara, ico caha gihanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwose.

Ingingo ya 411

Ukuja inama yo kwica Umukuru w'igihugu, gihanishwa igihano c'umunyoro uva ku myaka cumi gushika kuri cumi n'itanu iyo hari icakozwe, ico arico cose, mu kwitegurira gukora ico caha, n'igihano c'umunyoro uva ku myaka itanu gushika ku myaka icumi iyo atacakozwe.

Uwagirishije inama yo kwica Umukuru w'igihugu, ariko abandi bakamwankira, ahanishwa umunyoro uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ivyaha vyo kurondera, kuja inama, n'ibindi vyaha bijanye n'uguseniyura inzego za Leta n'ukudasonera imbibe z'igihugu.

Ingingo ya 412

Uwukoze icaha co kurondera gutembagaza canke guhindura ubutegetsu, haba mu kugumura abanyagihugu ngo bafate ibirwanisho barwanye abaserukira Leta canke ngo

barwane bo nyene, haba mu kurondera kwigarurira igice c'igihugu, ahanishwa igihano co gupfungwa ubuzima bwiwe bwose.

Ingingo ya 413

Abagize inama kugira hakorwe icaha kimwe mu bitegekanijwe mu ngingo ya 412, bahanishwa umunyoro uva ku myaka cumi gushika ku myaka cumi n'itanu, iyo hari icakozwe ico ari co cose canke catanguye gukorwa mu kwitegurira gukora ico caha n'igihano c'umunyoro uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi iyo atacakozwe.

Uwagirishije inama yo gukora kimwe mu vyaha bitegekanijwe mu ngingo ya 412, abandi bakamwankira, ahanishwa umunyoro uva ku mwaka umwe, gushika ku myaka itanu.

Ingingo ya 414

Kiretse ivyaha bitegekanijwe mu ngingo ya 412 n'ya 413, uwo wese akoresheje uburyo ubwo ari bwo bwose, kugira atere igihugu, ahanishwa umunyoro uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu.

Ingingo ya 415

Abashinze uturwi tw'abasirikare canke batumye abandi kudushinga, banditse canke binjije abasirikare, batumye abandi kubandika no kubinjiza, canke babahaye ibirwanisho canke amasase batabitumwe na Leta canke itabahaye uruhusha, bahanishwa umunyoro uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri.

Ingingo ya 416

Bahanishwa umunyoro uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri :

- abafashe ubutegetsu ubwo ari bwo bwose bwo kurongora abasirikare ata bubasha babifitiye canke igituma cemewe n'amategeko ;
- abagumije ubwo butegetsu kandi Leta yabubatse ;
- abagumanye uturwi tw'abasirikare babo kandi hashinzwe itegeko ryo kubirukana n'iryo kudasambura.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ivyaha bifise intumbero y'ugutikiza inganda,vy' ugutema utongora canke gusahura ukuzako.

Ingingo ya 417

Icaha c'ugutikiza inganda, gutema utongora canke c'ugusahura ukuzako gihanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 418

Abagize inama kugira bakore icaha kimwe mu bitegekanijwe mu ngingo ya 417, bahanishwa umunyoro uva ku myaka cumi n'itanu gushika ku myaka mirongo ibiri, iyo

hari icakozwe ico arico cose, canke catanguye gukorwa mu kwitegurira gukora ico caha, n'igihano c'umunyororo uva ku myaka cumi gushika ku myaka cumi n'itanu iyo atacakozwe.

Iyo hari uwasavye ko haba inama yo gukora icaha kimwe mu bitegekanijwe n'ingingo ya 417, abandi ntibavyemere, uwabisavye ahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka cumi.

Agace ka 4 : Ivyerekeye kuja mu mirwi yitwaje ibirwanisho.

Ingingo ya 419

Uwo wese, arondera guhungabanya umutekano w'igihugu mu gukora kimwe mu vyaha bitegekanijwe mu ngingo ya 412 n'ya 417, mu kwitera mu matongo ya Leta canke y'abanyagihugu, canke mu kuyagabura, canke mu gutera, canke kugarariza abajewe umutekano bariko bararwanya abakora ivyo vyaha, yigize indongozi y'utwo turwi twitwaje ibirwanisho, canke aharanguriye umurimo canke ahafise ubutegetsi ubwo ari bwo bwose, ahanishwa igihano co gupfa.

Ico gihano nyene ni co gihabwa abarongoye utwo turwi, abadushinze canke abatumye dushingwa, abaringaniza akazi muri utwo turwi canke batuma karinganizwa.

Ingingo ya 420

Abari muri iyo mirwi yitwaje ibirwanisho ivugwa mu ngingo ya 419, ariko ata butegetsi bari bafise yo, kandi ata murimo canke amabanga bari bajewe, kandi bakaba bafatiwe aho bariko baragirira inama y'umugumuko, bahanishwa umunyororo uva ku myaka cumi gushika ku myaka cumi n'itanu.

Ingingo ya 421

Igihe icaha kimwe mu vyaha bitegekanijwe mu ngingo ya 412 n'ya 417 gikozwe n'akarwi kitwaje ibirwanisho, igihano co gupfa ni co gihabwa abagize ako karwi bose kandi bafatiwe aho hantu, bataravye amapete yabo.

Uwo wese arongoye abagumutse canke ajewe amabanga canke ubutegetsi ubwo aribwo bwose muri ako karwi, ahanishwa ico gihano nyene naho atoba yafatiwe aho hantu.

Ingingo ya 422

Nta gihano na kimwe gitangwa ku vyerekeye umugumuko, ku bakora mu mirwi yitwaje ibirwanisho, ariko ata butegetsi bari bafiseyo kandi ata murimo n'umwe canke amabanga bari bajewe, iyo baciye bidohora bagiterwa akamo n'abategetsi mu ntwaro canke mu gisirikare, canke kuva ico gihe iyo bafatiwe ahandi hantu batari mu nama y'umugumuko, maze ntibadadaze kandi bakaba ata birwanisho bafatanywe.

Muri ico gihe, nta kindi bahanirwa atari ibindi vyaha boba bakoze umwe umwe wese ku gatwe kiwe.

Agace ka 5 : Ivyerekeye ukuja mu murwi w'abagumutsi.

Ingingo ya 423

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka cumi, abantu bari mu murwi w'abagumutsi :

1°) bazibiye amabarabara canke bafashije abayazibiye, bayashizemwo ibintu canke bahakoreye ibindi ivyo ari vyo vyose bituma ibikorwa vy'abajejwe umutekano bibangamirwa canke bihagarara ;

2°) babujije bakoresheje igikenye canke iterabwoba abajejwe umutekano kugirisha inama abanyagihugu, canke abatumye abagumutse bakoranira hamwe canke baborohera gukorana, haba mu gukwiragiza amajambo yo kugumura, haba mu kwitwaza amabendera canke ibindi bimenyetso bituma abanyagihugu babakurikira, haba mu bundi buryo ubwo aribwo bwose bwo kurarika ;

3°) biteye canke bacumbitse mu nyubakwa no mu bindi bibanza, mu mazu abamwo abantu canke atabayabamwo. Ico gihano gihanishwa kandi nyene inzu canke uwuyipanze yaretse ata gahato abagumutsi bakinjira muri ayo mazu kandi azi neza ikibagenza.

Ingingo ya 424

Bahanishwa umunyororo uva ku myaka itanu gushika ku myaka mirongo ibiri, abantu bari mu murwi w'abagumutsi :

1°) bihaye ibirwanisho, amasase canke ibikoresho vy'ubwoko bwose, haba mu gukoresha igikenye canke iterabwoba, haba mu gusahura mu tuguriro canke mu bibanza vya Leta, haba mu kwambura ibirwanisho abajejwe umutekano ;

2°) bitwaje ibirwanisho ku mugaragaro canke binyegejwe canke amasase. Abantu bakoresheje ivyo birwanisho, bahanishwa igihano co gupfa.

Ingingo ya 425

Abarongoye imirwi y'abagumutsi canke abaringaniye ubwo bugumutsi bahanishwa igihano co gupfa.

Agace ka 6: Ivyerekeye ibindi vyaha bihungabanya umutekano, biturutse mu gihugu hagati.

Ingingo ya 426

Uwukwiragije, atembereje canke ashize ahabona inzandiko atawuziyitirira, ibinyamakuru canke amabendera yo mu mahanga canke yigana ayo mu mahanga arondera kwononera igihugu mu kumenyekanisha ivyo bintu ahanishwa umunyororo uva

ku mezi abiri gushika ku myaka itatu, n'ihadabu riva ku mafaranga igihumbi gushika ku bihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Uwubitse ivyo binyamakuru canke ayo mabendera kugira ngo abikwiragize, abitembereze canke avyerekane, arondera kubimenyekanisha, ahanwa nk'uko nyene.

Ingingo ya 427

Ahanishwa igihano c'umunyoro uva ku mezi abiri gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku bihumbi ijana canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo wese ahawe n'umuntu canke n'ishirahamwe ryo mu mahanga, ingabire, amaturo, ingurane canke ibindi bintu bimugirira akamaro, akabihabwa we nyene canke biciye ku wundi muntu mu buryo ubwo aribwo bwose, bivuye ku mvo iyo ariyo yose, ivyo bintu vyose canke bimwe bimwe muri ivyo, bikaba bigenewe canke bikoreshwa mu vyerekeye ibikorwa vyo gutera Uburundi no kubusubiza mu buja canke guhamba ababikora canke ababimenyekanisha, canke bigatuma abanyagihugu batacizigira Leta n'inzeho zayo.

Ingingo ya 428

Ahanishwa umunyoro uva ku mezi abiri gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi cumi gushika ku mafaranga ibihumbi ijana canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

- uwurwanije icese ishirwa mu ngiro ry'amategeko canke uwoheje abantu kuyagarariza ;

- uwukwiragije n'impaka ibihaha bituma abanyagihugu bahagarika umutima canke abateranije n'abategetsi canke atumye abanyagihugu basubiranamwo ;

- uwafashije n'impaka gutangaza, gukwiragiza, no mu kugwiza mu buryo ubwo aribwo bwose, ibihaha canke inzandiko atari iz'ukuri, ziganywe canke zitirirwa abandi bantu batazanditse ashaka guhungabanya umutekano n'amahoro mu gihugu ;

- uwushize ahabona canke atumye bija ahabona mu bibanza bihuriramwo abantu benshi, ibicapo, inzandiko bamanika, ibishushanyo, amafoto, ibintu vyose canke amasanamu bituma umutekano n'amahoro bihungabana mu gihugu .

Ingingo ya 429

Ahanishwa igihano c' umunyoro uva ku myaka itanu gushika ku gihano co gupfa n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi bitanu gushika ku mafaranga ibihumbi ijana canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo wese yononye ubutunzi bw'igihugu canke agahungabanya umutekano w'igihugu, mu kwiba, mu gusambura canke mu kwonona mu buryo ubwo ari bwo bwose, inyubakwa, ibitarurwa, ingomero z'amazi, amabarabara, inzira z' " amagaliyamoshi ", ivyuma vyo gutumatumanako amakuru canke izindi nyubakwa za Leta canke iz'amashirahamwe yegamiye Leta,

Agace ka 7 : Insiguro z' ingingo ziri mu gace ka 1 gushika ku ka 6.

Ingingo ya 430

Icaha citwa ko cakozwe iyo nyene kugikora agerageje kugikora, ivyo akoze bikaba bihanwa n'amategeko.

Ingingo ya 431

Inama yo gukora icaha yitwa ko yabaye, igihe abantu babiri canke benshi basezeranye kugikora.

Ingingo ya 432

Ivyuma vyose, ibikoresho vyose, harimwo na bimwe bimwe bikoreshwa mu gikoni canke ibindi bintu bikarishe, bisongoye canke ibihiri bikoreshejwe mu kwica, gukomeretsa canke gukubita, naho vyoba bitakoreshejwe, biri mu murwi w'ibirwanisho.

Ingingo ya 433

Ijambo "umurwi w'abagumutsi" risigura umurwi ugizwe n'abantu benshi biyerekana, haba mu bikorwa bibangamira ubutegetsi n'inzego z'igihugu, haba mu gutera abantu, batema batongora canke basahura.

Agace ka 8 : Ingingo rusangi zerekeye igice ca mbere n'ica kabiri vy'iki kigabane.

Ingingo ya 434

Uwumenye abantu bafise imigambi yo guhemukira igihugu, canke bariko barakora ibintu bijanye no kugihemukira, canke abasumyi b'urusaku bakorera abanyamahanga, canke bakora ivyo vyose vyononera igikorwa co kwivuna umwansi, abarondera canke abagira inama yo guhungabanya amahoro n'umutekano mu gihugu, ariko ntace abishikiriza mu kubimenyeshya abakuru mu gisirikare, mu ntwaro canke mu butungane, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mu mafaranga igihumbi gushika ku mafaranga ibihumbi mirongo itanu, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 435

Kiretse abantu bavugwa mu ngingo ya 68, ahanwa nk'uwafashije gukora icaha, uwo wese atari uwagikoze canke uwafashije kugikora :

1°) yahaye ata gahato abagirizwa vyaha vyo guhungabanya umutekano kandi azi neza imigambi yabo, ibibabeshaho, ibibatunga, indaro, aho binyegeza canke aho bagirira inama ;

2°) azanira abizi amakete abakoze ivyo vyaha, canke aborohereza abizi mu buryo ubwo aribwo bwose, kurondera, kunyegeza, gutwara canke kurungika ivyavuye mu caha.

Ingingo ya 436

Kiretse abantu bavugwa mu ngingo ya 218, atari uwakoze canke uwafashije mu caha co guhungabanya umutekano w'igihugu, ahanwa nk'uwanyegeje ibintu bivuye mu vyaha, uwo wese :

1°) anyegeza ibintu canke ibikoresho vyakoreshejwe canke bigenewe gukora icaha, canke ibintu, ibikoresho canke inzandiko zaronswe kubera icaha ;

2°) azimanganije, yivye, anyegeje uwundi muntu, ahishije, canke yononye abizi urwandiko rwatanzwe n'abategetsi canke rwanditswe n'umuntu uwo ariwe wese, rwoshobora gufasha mu gukurikirana icaha, mu kurondera ivyemeza ico caha canke mu guhana abagikoze.

Mu vyaha bitegekanijwe muri iyi ngingo, sentare ishobora kudahana abavyeyi ba nyene gukora icaha canke incuti ziwe gushika kw'ishami rya kane ririmwo.

Ingingo ya 437

Imbere y'uko hakorwa icaha co guhungabanya amahoro n'umutekano mu gihugu, canke ngo bigeragezwe, uwo wese abaye uwa mbere mu kubimenyesha abajejwe intwari canke ubutungane, ntahanwa.

Iyo abimenyesheje icaha camaze gukorwa canke cageragejwe gukorwa, ariko akabigira imbere y'uko ico caha gitangura gukurikiranwa, sentare irashobora kumuhana canke ntimuhane.

Iyo afashije kugira ngo abakoze ico caha n'ababafashije bafatwe, canke kugira ngo abakoze ibindi vyaha bisa n'ico canke bikomeye nkaco bafatwe, naho nyene sentare irashobora kutamuhana.

Ingingo ya 438

Sentare yama ishingira ko ibigize icaha n'ivyakoreshejwe mu kugikora binyagwa.

Impera yahawe uwagiriye icaha canke igitigiri c'amafaranga iciye, iyo itashoboye gufatwa yegukira ikigega ca Leta.

Ingingo ya 439

Uwagiriye icaha co guhemukira igihugu, ico kurondera guhungabanya amahoro n'umutekano mu gihugu ashobora kwakwa uburenganzira bwo gutora canke kwitoza mu kiringo kitari muni y'imyaka itanu kandi kitarenga imyaka cumi.

IKIGABANE CA IX INGINGO ZITANDUKANYE

Ingingo ya 440

Amategeko ashingwa n'abategetsi b'igihugu mu gushira mu ngiro amabwirizwa, ingingo zifatwa n'abajewe intwari, abajewe gucungera umutekano be n'abategetsi bo mu nzego z'intango ntibishobora gushinga ibihano :

1°) birenga amezi abiri yo gufungwa n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi mirongo ibiri canke igihano kimwe muri ivyo conyene iyo ari amategeko y'Umukuru w'igihugu ;

2°) bitarenza imisi cumi n'itanu yo gufungwa n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo conyene, iyo ari amategeko nshikiranganji ;

3°) bitarenza imisi indwi y'ugufungwa n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, iyo ari ingingo zashinzwe n'abategetsi bo mu nzego z'intango.

Ibitegekaniywe kuva ku karongo ka mbere gushika ku ka gatatu ntivyerekeye ibihano vy'ihadabu bitegekaniywe kuvyerekeye amakori n'ivyerekeye ibintu vyinjizwa canke bisohoka mu gihugu hamwe n'amategeko yerekeye kuvunja amafaranga canke yerekeye ubutunzi bw'igihugu.

Ingingo ya 441

Ibihano bitegekaniywe n'amategeko ashingwa n'abategetsi b'igihugu, n'ingingo zifatwa n'abajewe intwari, n'abajewe gucungera umutekano yashinzwe imbere y'uko iri tegeko-bwirizwa rikurikizwa biragabanywa gushika ku rugero runini ntarengwako rutegekaniywe n'ingingo ya 440.

Ingingo 442

Ivyaha bisanzwe n'ivyaha bito bito vyo kurenga ku mategeko y'Umukuru w'igihugu, amategeko nshikiranganji, n'izindi ngingo zifatwa n'abajewe intwari be n'abajewe gucungera umutekano, amategeko akaba atabitegekaniriza ibihano vyisangije bica bihanishwa ibihano bitarenza urugero runini ntarengwako rw'ibitegekaniywe mu ngingo ya 440 nk'uko iyo ngingo yabitandukanije.

IKIGABANE CA X INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 443

Amabwirizwa n'amategeko yose yari ahasanzwe kandi ateye kubiri n'iri tegeko bwirizwa arahavuye, cane cane :

- itegeko ryo ku wa 30 Nzero 1940 rishinga igitabu c'amategeko mpanavyaha nk'uko ryagiye rirahindagurwa gushika uyu musi ;
- itegeko ryo ku wa 15 Mukakaro 1949 ryerekeye icaha co guta urugo ;
- itegeko ryo ku wa 15 Mukakaro 1948 ryerekeye icaha co kurenga ibigo n'ico guharika ;
- ibwirizwa ryo ku wa 22 Nzero 1903 ryerekeye icaha c'ukunywa urumogi ;
- itegeko ryo ku wa 6 Myandagaro 1922 ryerekeye ivyaha amabwirizwa atategekaniriza ibihano vyisangije ;
- ibwirizwa ryashingiwe Urwanda n'Uburundi inomeru 111/304 ryo ku wa 15 Nyakanga 1961 ryerekeye ibihano bikwirikizwa ku barenze ku ngingo ziraba bose ;
- itegeko inomeru 21/84 ryo ku wa 14 Ruhuhuma 1959 ribuza abantu kugumya inzandiko zimwe zimwe zitangwa n'abategetsu ;
- itegeko ryashingiwe Urwanda n'Uburundi inomeru 82/Ubutungane ryo ku wa 22 Mukakaro 1932 rihana abamenyesheje ibibaranga ryerekeye inkino zo kurushanya umugisha ;atari ivy'ukuri ;
- itegeko inomeru 57/APAJ ryo ku wa 10 Ruheshi 1939 rihana ukuborererwa mu bibanza bihurirwamwo n'abantu benshi ;
- itegeko ryo ku wa 19 Nzero 1901 ribuza gukina akamari ;
- itegeko ryo ku wa 17 Myandagaro 1927
- ibwirizwa inomeru 11/41 ryo ku wa 16 Rusama 1951 ribuza inkino zo gutomboza ;
- itegeko ryashingiwe Urwanda n'Uburundi inomeru 221/6 ryo ku wa 7 Nzero 1959 rihana uwukwegera abandi mu bushurashuzi ;
- itegeko inomeru 64/Cont ryo ku wa 16 Nyakanga 1925 rihana abadurumbanya mw'ijoro ;
- itegeko ryo ku wa 21 Ruheshi 1937 ryerekeye ugusubiza agateka abahanywe n'amasentare ;

- itegeko ryo ku wa 12 Ntwarante 1923 ryerekeye ugutanga isheki ata mafaranga ari mu bubiko n'izindi nzandiko zifise agaciro k'amafaranga zitanzwe n'uwutabifitiye uburenganzira.

Ingingo ya 444

Umushikiranganji w'Ubutungane ni we ashinzwe gushira mu ngiro iri tegeko bwirizwa, rikazokurikizwa kuva ku wa 1 Rusama 1981.

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 4 ndamukiza 1981

Yohani Batista BAGAZA

Koloneli

Ku bw'Umukuru w'Igihugu,

Umushikiranganji w' Ubutungane,

Lawurenti NZEYIMANA.

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU CA REPUBULIKA,

Umushikiranganji w'Ubutungane,

Lawurenti NZEYIMANA